**O’ZBEKİSTAN RESPUBLIKASI JOQARI HA’M ORTA ARNAWLI BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI**

**Berdaq atındag’ı Qaraqalpaq ma’mleketlik universiteti**

**Sotsiallıq pa’nler kafedrası**

**Tariyx ha’m huqıq fakulteti filosofiya qa’nigeligi 4-kurs studenti Allamuratov Kamalatdinnin’**

# PİTKERİW QA’NİGELİK JUMISI

**Tema: Sufizm filosofiyasının’ Qubla Aral boylarına taralıwı ha’m rawajlanıwı**

İlimiy basshı: F.i.k., kafedra professorı Yakubov M.A.

Kafedra baslıg’ı: F.i.d. Berdimuratova A.K.

No’kis – 2014

**Sufizm filosofiyasının' Qubla Aral boylarına taralıwı ha'm rawajlanıwı**

**Kirisiw …………………………………………………………………….**

**1-bap. İ'slam dininin' ha'm onın' quramında sufizm (ta'sa'wwif)tin' qa'liplesiwi………………………………………………………………………..**

§ 1.1. İ'slamnın' du'nyalıq din sıpatında payda bolıwı…………………

§1.2. İ'slamda sufizm ta'liymatı: qa'liplesiw sebepleri, ma'nis-mazmunı, WOraylıq Aziyadag'ı tariqatları………………………………………

**2-bap. Sufizm (ta'sa'wwif)tin' Qubla Aral boyı xalıqları arasında yen jayıwı ha'm jan'a basqıshlarg'a ko'teriliwi…………………**

§ 2.1. İ'slam dininin' ha'm ta'sa'wwif filosofiyasının' qaraqalpaqlar arasına taralıw problemasi……………………………………………………...

§ 2.2. Xoja Axmed Yassawiy – tu'rkiy xalıqlardın' ruwxıy piri, yassawiya tariqatının' do'retiwshisi……………………………………………………...

§ 2.3. Ha'kim-ata Sulayman Baqırg'aniy – Qubla Aral boyı sufizm filosofiyasının' juldızı…………………………………………………..

A. Ha'kim-atanın' o'mir bayanı ha'm ol tuwralı xalıq an'ızları…………..

B. Ha'kim-ata Sulayman Baqırg'aniydin' sufistlik filosofiyası ha'm onın' ta'rbiyalıq a'hmiyeti……………………………………………………

§ 2.4. Sufizm (ta'sa'wwif) filosofiyasının' qaraqalpaq shayır-oyshıllarının' do'retiwshiligine ta'siri ha'm sa'wleleniwi (A'jiniyaz, Berdaq)………………………………………………………………………

**Juwmaq……………………………………………………………………..**

**A'debiyatlar…………………………………………………………………**

Din adamlarda I’senim sezimin bekkemlegen. WOlardı pa’klep, jetilistirgen. Turmıs sınawları, mashqala ha’m qıyınshılıqlardı jen’ip wo’tiwge ku’sh bag’ıshlag’an. Ulıwma I’nsanıy ha’m ma’nawiy qa’diriyatlardı saqlap qalıwg’a ha’m de a’wladtan a’wladqa jetkeriwge ja’rdem berip kelgen.[1]

Ta’sa’wwif a`debiyatın u’yrenbey turıp, worta a`sirler musılman Shıg’ısı ma`deniy turmısı haqqında tu’sinikke I’ye bolıw mu’mkin yemes… bul a`debiyattan xabardar bolmay Shıg’ıstın’ wo’zinde an’law qıyın.[2]

## Kirispe

### 1. Bakalavr jumısının’ aktuallıg’ı:

A`sirler dawamında I’slam ha`m wonın’ bawırında payda bolg’an sufizm (ta’sa’wwif) xalqımızdın’ ma`nawiy du’nyasın qa`liplestiriwge ha`m wonı bayıtıp, joqarı basqıshlarg’a ko’teriwge xızmet yetip kelgen. İ’nsannın’ ruwxıy-a`dep-ikramlılıq pa`kleniwi, I’lahıy muhabbat penen wo’rlep barıwı I’deyası ta’sa’wwiftin’ negizin quraydı. Sol sebepten sufizm teren’ I’nsanpa`rwarlıq penen ajıralmas birikken, wol wortag’a qoyg’an pa`klik, baxıtlı ma`n’gilik turmıs, a`dillik ha`m ten’lik I’deyaları adamlarımız ju’regine jol tapqan, xalqımızdın’ a`zeliy arzıw-a`rmanlarına say kelgen. Sonın’ ushında, xalqımız sufiy dervishlerge, ta’sa’wwif ulamalarına ayrıqsha hu’rmet-I’zzet ko’rsetken. WOlardın’ pikirleri, so’zleri, I’s-ha`reketi joqarı a`dep-ikramlılıq ha`m I’lahıy muqaddeslik u’lgisi sıpatında qabıl etilgen. Sufizm shayxları xalıqtın’ ruwxıy basshıları, pirleri rolin atqarg’an.

Ullı sufiy ha`m shayır Farididin Attar o’zinin’ “Ta`zkiratul avliё” atlı shıg’armasında mına pikirdi aytadı: “A`wlie yag’nıy ta’sa’wwif ulamalarının’ so’zi

[1] Каримов И. Өзбекстан XXI әсир босағасында: қәўипсизликке қәўиплер, турақлылық шәртлери ҳәм раўажланыў кепилликлери. Нөкис, “Қарақалпақстан”, 1992, 35-бет.
[2] Бертельс Е.Э. Суфизм и суфийская литература. М., “Наука”, 1995, 54-бет.

adam qa`lbinin' jalg'awı ha`m ruwxının' quwatı, kimde-kim a`wlie so'zin ko'n'line qabıl yetse, wol Quran ha`m Ha`disler mag'nasına yesik ashadı, wo'zinin' awhalın, a`dep-ikramlılıg'ın, I'slep ju'rgen I'slerinin' jaqsı-jamanlıg'ın woylaytug'ın bolıp qaladı ha`m wo'mir, aqıret, I'nsanıylıq haqqında pikir ju'ritip, I'shki a`lemin ta`rtipke saladı".[1]

Tariyxqa na`zer taslaytug'ın, ta'sa'wwif (sufizm) ta`liymatı musılman Shıg'ısı ma`mleketlerinin' ja`miyetlik ha`m ma`nawiy turmısına teren' kirip ketken, I'lim-pa`n, ma`deniyat ha`m a`debiyattın' rawajlanıwına sheshiwshi unamlı ta`sir yetken. XI a`sirden baslap Shıg'ıstın' derlik barlıq abıraylı shayır ha`m jazıwshıları, woyshıl ha`m alımları ta'sa'wwiften na`r alg'an, wonın' I'nsanpa`rwarlıq ha`m haqıyqattı su'ygishlik I'deyalarınan ruwxlang'an. WOlardın' qatarına, a`lbette, WOraylıq Aziyada, sonın' I'shinde ha`zirgi Qaraqalpaqstan territoriyasında son'g'ı mın' jıldan aslam waqıt I'shinde jasap wo'tken alım ha`m woyshıllar, shayır ha`m jazıwshıları kiredi.

Sufizm filosofiyası, demek, xalqımızdın' ma`nawiy wo'mirinde wo'shpes I'z qaldırg'an ruwxıy ag'ım, wol adamlarımızdın' ko'z-qaraslarının' tiykarı bolıp kelgen, neshe-neshe a`wladlardın' qa`lbinde ulıwmainsanıylıq ha`m I'slamlıq qa`diriyatlardı wo'z-ara u'ylestirip ta`rbiyalap kelgen. Usıg'an qaramastan, sovetlik kommunistlik I'deologiya ta'sa'wwifti reaktsiyashıl ta`liymat yesaplap, wonı quwdalap keldi.

G'a`rezsizlikke yeriskennen keyin Prezidentimiz İ'slam Karimovtın' g'amxorlıg'ında diniy qa`diriyatlarımızg'a, sonın' I'shinde ta'sa'wwif ta`liymatına durıs baha beriw I'mkaniyatına I'ye boldıq.

Ta'sa'wwif I'slamnın' bawırında Quran ha`m Ha`dislerdi basshılıqqa ala wotırıp qa`liplesti, I'slam du'nyasındag'ı ten'sizlikke, a`dalatsızlıqqa narazılıq sıpatında payda boldı. Ta'sa'wwif ta`liymatı adamnın' ja`miyette tutqan wornın, hadallıq, miynet, I'yman, I'nsap, qanaat sıyaqlı kategoriyalardı tu'siniwde wo'zine ta`n jolına I'ye bolg'an ku'shli diniy-filosofiyalıq ag'ım. Ta'sa'wwif ta`liymatının' wa`killeri adamlardı hadallıqqa, pa`klikke, ten'likke, adam qa`dir-qımbatın jerge

[1] Қараң: Ҳамиджон Ҳамидий. Тасаввуф алломалари. Т., "Шарк", 2009

urmawg’a shaqıradı. Sonın’ ushın da, bizin’ xalqımız, ha`tte kommunistlik I’deologiyanın’ jekke ha`kimshiliginin’ zamanında da wonı hu’rmetlewdi toqtatqan yemes. Bizin’ jurtımızdan sufizmnin’ (ta’sa’wwif) I’slam du’nyasına ken’ taralg’an Yassawiya, Naqshbandiya, Kubrawiya dep atalg’an bag’darların do’retiwshiler ha`m rawajlandırıwshılar Axmed Yassawiy, Shayx Najmiddin Kubra, Bahawaddin Naqshband, Sulayman Baqırg’aniy («Ha`kim ata») ha`m tag’ı basqa da ko’plegen I’slam ta’sa’wwif filosofiyasının’ ataqlı alımları, ulama-woyshılları jetilisip shıqqan. WOlardın’ do’retpelerinin’ ruwxıy-ta`rbiyalıq a`hmiyeti, al jekke wo’mirlerinin’ watanpa`rwarlıq sezimlerdi qa`liplestiriwdegi roli ha`zir de joqarı bahalawg’a I’layıq. G’a`rezsizlik jıllarında wolardın’ shıg’armaları basıp shıg’arıldı, yubileylik sa`neleri joqarı sho’lkemleskenlik penen belgilendi, wo’miri ha`m do’retpeleri haqqında kitaplar ha`m maqalalar ja`riya yetildi, I’limiy-teoriyalıq konferentsiyalar o’tkerildi.

İ’slam ulamalarına, ta’sa’wwif woyshıllarına joqarı baha berip Prezidentimiz İ’slam Karimov bılay degen yedi: «**Bul ullı I’nsanlardın’ a`ziz I’smleri, wo’lmes miyrası dinimiz benen bir tutas baylanısıp ketken. WOlardı bir-birinen bo’lip alıp bolmaydı. Biz dinimizdi – bul ullı I’smlersiz, bul ullı I’smlerdi bolsa – dinimizsiz ko’z aldımızg’a keltire almaymız… Biz perzentlerimizdi du’nyalıq I’limler menen bir qatarda İ’mam Buxariy toplag’an ha`disler, Naqshbandiy ta`liymatı, Termiziy na`siyatları, Yassawiy hikmetleri tiykarında ta`rbiyalap atırmız… WOlardın’ yeski zamanda ayaq astı bolıp qalg’an ma`kanların haqıyqıy zıyarat wornına aylandırg’anımız… xalqımızdın’ dini I’slamg’a mehr-muxabbatının’, hu’rmet-izzetinin’ ko’rinisi yemes pe?**».[1]

Ta’sa’wwif filosofiyası, wonın’ basshıları (pirleri)nin’ shıg’armaları Qubla Aral boylarına, ha`zirgi Qaraqalpaqstan territoriyasına, wol jerde jasawshı barlıq xalıqlardın’ ruwxıy-ma`nawiy wo’mirine ku’shli ta`sir yetti. Qaraqalpaq xalqı arasına I’slam dininin’ kirip keliwi menen wonın’ muqaddes kitabı “Quranı Ka`rim”, payg’ambarımız Ha`disleri, ta’sa’wwifke tiyisli kitaplar tarala basladı. Arab, parsı ha`m tu’rkiy tilde jazılg’an kitaplar ziyalılar u’ylerinde boldı.

[1] Каримов И. Оллоҳ қалбимизда, юрагимизда. Асарлар, 7 жилд, Т., 1999, 351 бет.

Ta’sa’wwiflik I’deyalar sol waqıttag’ı mektep ha`m medreselerde u’yrenildi ha`m woqıtıldı. A`sirese Yassawiy ta`liymatı ken’nen taraldı. WOnın’ ataqlı sha`kirti Ha`kim-ata Sulayman Baqırg’aniydi A`miwda`ryanın’ to’mengi jag’ında jasawshı adamlar, a`sirese ziyalılar jaqsı bilgen, bug’an gu’man bolıwı mu’mkin yemes. Qon’sılas Go’ne U’rgenishte rawajlang’an Kubrawiya ta`liymatı, Buxarada joqarı da`rejege ko’terilgen Naqshbandiya xalqımız ruwxıy du’nyasında teren’ worın aldı. Jası u’lken adamlardın’ wotırsa da, tursa da “Ya, Bahawiddin wo’zin’ qolla”, - dewi bunın’ jarqın da`liyli. Sonı ayrıqsha atap wo’tiw worınlı, bizin’ jurtımız ullı mu’ta`ssa`wif Ha`kim-ata Sulayman Baqırg’aniy Watanı. Xalqımız wog’an ha`m wonın’ ustazı Yassawiyge pir dep sıyıng’an. Adamlarımız pa`tiya qılg’anda “Ya Karimi karamat, qulın’ sag’an amanat, Madinada Muxammed, Tu’rkistanda Xoja Axmed” – dep baslaytug’ın bolg’an. Ta’sa’wwif ta`liymatı, wonın’ poeziyası A`jiniyaz ha`m Berdaqtın’ ruwxıy du’nyasına ha`m do’retiwshiligine ku’shli ta`sir yetken. WOlar da Jamiy ha`m Nawayıg’a uqsap sufiy shayırlar sıpatında da I’z qaldırg’an. Demek, jan’a a`wladtın’ ruwxıy jetiklikke yerisiwinde, milliy qa`diriyatlar ha`m da`stu’rler negizinde ta`rbiyalawg’a Shıg’ıs filosofiyasınan, a`sirese, ta’sa’wwif ta`liymatınan maqsetke muwapıq paydalanıwımız za`ru’r. İ’slam filosofiyasının’ atap aytqanda, ta’sa’wwif ta`liymatının’ ayrıqsha ta`replerinin’ biri sonnan I’barat, wonın’ I’deyaları I’nsannın’ pa`k, halal I’shki du’nyasın, ruwxıylıg’ın qa`liplestiriwge qaratılg’an. Sonın’ ushında wol adamlarımızdı I’nsanpa`rwar qa`diriyatlarda ta`rbiyalawg’a xızmet etedi.

Bul a`diwli wazıypanı a`melge asırıw ushın ta’sa’wwif filosofiyasın, wonın’ aymag’ımızg’a, atap aytqanda Qubla Aral boylarına taralıwın, bul jerde wonın’ rawajlanıwın teren’ u’yreniwimiz za`ru’r. Mine usı aytılg’anlardan, bizin’ bakalavr jumısımızdın’ temasının’ wog’ada aktuallıg’ı, za`ru’rliligi, wonı I’limiy I’zertlewdin’ kerekligi wo’z-wo’zinen tu’sinikli.

**2. Problemanın’ I’zertleniw da`rejesi.**

Ha`zirgi Qaraqalpaqstan territoriyasına, Qubla Aral boylarına I’slam dininin’, sufizmnin’ taralıwı ma`selesi derlik I’zertlenbegen desek, rasın aytqan bolamız. Yelede anıg’ıraq aytatug’ın bolsaq, ta’sa’wwif filosofiyasının’ ko’rnekli

wa’killerinin’ shıg’armaları qaraqalpaq tiline awdarılmag’an. Ha’tte, ullı babamız, qa’bri Moynaq ha’m Qon’ırat rayonları shegarasında jatqan Ha’kim-ata Sulayman Baqırg’aniy miyrası da ayrıqsha filosofiyalıq analizlenbegen, wol boyınsha I’zertlewler ju’rgizilmegen.

Ha’zirgi ku’nde qaraqalpaq tilinde bar bolg’an a’debiyatlar sıpatında J.Bazarbaevtın’[1] Bahawaddin Naqshband tuwralı, pedagogika I’limlerinin’ doktorı, professor Wo.A’lewovtın’[2], prof. K.Mambetov[3], filosofiya I’limlerinin’ kandidatları, dotsentler M.Yakubov[4] ha’m S.Abaevlardın’[5] A’jiniyaz Qosıbay ulı ha’m Berdaq G’arg’abay ulının’ ta’sa’wwiflik I’deyaları tuwralı maqalaların atap ko’rsetiw mu’mkin. Sonday-aq, filologiya I’limlerinin’ doktorı Q.Bayniyazov[6] ha’m qon’ıratlı tariyx pa’ni woqıtıwshısı J.Shamuratovlardın’[7] kitapshaların da atap wo’tiw worınlı, biraq wolarda a’debiy-an’ızlıq, tariyxıy materiallar worın alg’an. Usı jag’daylar tan’lap alıng’an problemanın’ ha’m temanın’ aktual yekenin tag’ı bir ma’rtebe tastıyıqlaydı.

**3. Jumıstın’ maqseti ha’m wazıypası:**

Qubla Aral boylarında, ha’zirgi Qaraqalpaqstan Respublikası ha’m wog’an shegaralas rayonlardın’ ha’m woblastlardın’ territoriyasında ta’sa’wwif (sufizm) filosofiyasının’ qa’liplesiwi ha’m rawajlanıwın analizlew, wonın’ ataqlı wa’killerinin’ ko’z-qarasların bayan yetiw. Atap aytqanda,

- Ha’kim-ata Sulayman Baqırg’aniy, Shayx Najmiddin Kubra miyrasın u’yreniw;
- Ta’sa’wwif filosofiyasının’ A’jiniyaz ha’m Berdaq shıg’armalarında sa’wleleniwin ko’rsetip beriw; Sonday-aq I’slam ha’m wondag’ı ta’sa’wwif ta’liymatının’ ta’rbiyalıq a’hmiyetin bayan yetiw bolıp tabıladı.

---

[1] Базарбаев Ж. Баҳаўаддин Нақшбанд. “Өмир – бул сананың көтериңкилиги”. Нөкис, “Билим”, 1996, 102-109 бетлер.
[2] Әлеўов Ө. Жәмийетлик ой-пикирлер. “Қарақалпақстан XIX әсирдиң екинши ярымынан XXI әсирге шекем”. Нөкис, “Қарақалпақстан”, 2003, 158-173 бетлер.
[3] Мамбетов К. Шығыс әдебияты тарийхы. Нөкис, “Билим”, 1993.
[4] Якубов М. Бердақтың философиялық дүнья танымы ҳаққында. Бердақ атындағы ҚМУ Хабаршысы. Нөкис, 2009, №2-3; Якубов М., Абаев С. Сулайман Бақырғаний ҳәм суфизм. Нөкис, “Әмиўдәрья” журналы, 2002 жыл, №6.
[5] Абаев С., Якубов М. Ғәрезсизлик ҳәм ислам. Нөкис, 1999; Диний экстремизм ҳәм терроризмге қарсы гүрестиң мәнаўий-мәрипий тийкарлары. Нөкис, “Қарақалпақстан”, 2009, 17-20 бетлер.
[6] Байниязов Қ. Ҳәким-ата Сулайман Бақырғаний – уллы жерлесимиз. Нөкис, 1997.
[7] Шамуратов Ж. Ҳаким ота – Хожа Сулайман Боқирғаний. Нукус, “Қарақалпақстан”, 2002.

**4. Jumıstın' I'limiy jan'alıg'ı:**

Bul bakalavr jumısı Qaraqalpaqstan Respublikasında yele derlik qolg'a alınbag'an ma'selege arnalg'an. Qaraqalpaq tilindegi ta'sa'wwif filosofiyası boyınsha da'slepki I'limiy I'zertlewlerden bolıp tabıladı. Jumısta ta'sa'wwif filosofiyasının' Qubla Aral boylarına keliwi ha'm rawajlanıwı analizlengen, ha'zirshe bunday I'limiy I'zertlew qaraqalpaq tilinde joq.

**5. Jumıstın' teoriyalıq ha'm a'meliy a'hmiyeti:**

Jumısta I'zbe-I'z tu'rde I'slam dininin' qa'liplesiwi ha'm wonın' teoriyalıq derekleri, ta'sa'wwif (sufizm) filosofiyasının' kelip shıg'ıwı sebepleri ha'm tiykarg'ı qag'ıydaları, sufizmnin' Qubla Aral boylarına taralg'an ag'ımları, wolardın' ataqlı wa'killerinin' wo'zine ta'n I'deyaları, a'sirese Ha'kim-ata Sulayman Baqırg'aniydin' pikirleri, sufizmnin' qaraqalpaq woyshıllarına ta'siri A'jiniyaz Qosıbay ulı ha'm Berdaq G'arg'abay ulı miynetleri tiykarında bayan yetilgen. Jumıs I'limiy jaqtan da, a'meliy jaqtan da a'hmiyetli ha'm kerekli. Usı bakalavr jumısı materialları joqarı woqıw worınları, kolledj ha'm litsey talabanları ushın, mektep ha'm basqa woqıw worınları woqıtıwshıları ushın woqıw ha'm I'limiy-metodikalıq material bolıp tabıladı, wonnan ken' tu'rde woqıw processinde paydalanıw mu'mkin. Wonın' materiallarınan woqıw qollanbalar do'retiwde paydalanıw mu'mkin.

**6. Jumıstın' metodologiyalıq bazası:**

Pitkeriw jumısının' metodologiyalıq tiykarı "O'zbekistan Respublikasının' Konstitutciyası", O'zbekistan Respublikasının' "Hu'jdan yerkinligi ha'm diniy sho'lkemler haqqında" Nızam (jan'a redakciyada), O'zbekistan Respublikasının' Prezidenti İ'slam Karimovtın' tariyxıy, ma'nawiy-ma'ripiy miyras, I'slam dini haqqındag'ı pikirleri, bul ma'seleler boyınsha wonın' shıg'armalarında wortag'a qoyılg'an I'deyalar, usı sala boyınsha belgili qa'nigelerdin' I'limiy miynetleri bolıp tabıladı.

Jumıstın' I'limiy metodologiyalıq tiykarı sıpatında Prezidentimizdin' "O'zbekistannın' ja'miyetlik-siyasiy ha'm yekonomikalıq rawajlanıwının' tiykarg'ı printsipleri", "O'zbekistan XXI a'sirge umtılmaqta: qa'wipsizlikke

qa'wipler, turaqlılıq sha'rtleri ha'm rawajlanıw kepillikleri", "Alla kewlimizde, ju'regimizda", "Joqarı ma'nawiyat – jen'ilmes ku'sh" atlı shıg'armalarındag'ı din, diniy I'senim, ta'sa'wwif ha'm wolardın' ullı woyshılları haqqındag'ı I'limiy-teoriyalıq ja'ne a'meliy-ta'rbiyalıq ko'rsetpelerin, juwmaqların, pikirlerin ayrıqsha atap ko'rsetiw lazım.

**7. Pitkeriw jumısının' strukturası:**

Pitkeriw jumısı kirisiw, yeki bap, altı paragraftan, juwmaqtan, paydalang'an a'debiyatlar diziminen ha'm de qosımshalardan turadı.

Juwmaqlastırıp aytqanda, qolın'ızdag'ı "Qubla Aral boylarında sufizm (ta'sa'wwif) filosofiyasının' taralıwı ha'm rawajlanıwı" atlı bakalavrlıq pitkeriw qa'nigelik jumısı temasının' I'limiy-teoriyalıq aktuallıg'ı, I'limiy-praktikalıq za'ru'rliligi boyınsha ha'zirgi talaplarg'a say tayarlang'an.

## 1-bap. İ’slam dininin’ ha’m wonın’ quramında sufizm (ta’sa’wwif)tin’ qa’liplesiwi.

### § 1.1. İ’slamnın’ du’nyalıq din sıpatında payda bolıwı.

İ’slam dini buddizm ha’m xristianlıqtan keyingi u’shinshi jer ju’zlik din bolıp, wog’an 1,5 milliardtan aslam adam sıyınadı ha’m 28 ma’mlekette I’slam ra’smiy ma’mleketlik din dep ju’ritiledi.[1]

İ’slam dini bzin’ yeramızdın’ VII a’sirinin’ basında Araviya yarım atawının’ Batıs ta’repinde jasawshı arab xalqı arasında payda bolg’an. İ’slam dini payda bolıwının’ aldın’g’ı da’wirin (V-VI a’sirler) arab tariyxshıları «jaxiliyya» (ladanlıq, sadalıq) da’wiri dep ataydı. Mine sol jaxiliyya da’wirindegi arablardın’ sotsiallıq-yekonomikalıq turmısı I’slam dininin’ kelip shıg’ıwının’ sotsiallıq tamırların anıqlawshı faktorlar boladı. Bul da’wirde arab qa’wimlerinin’ tek yekonomikalıq ta’repten yemes, al sotsiallıq ta’repten de ten’sizligi arab qa’wimleri arasındag’ı qatnasıqlardın’ ju’da’ qıyın awhalg’a tu’siwine sebep bolg’an. Sol da’wirlerde mal du’nyası ko’p, bay qa’wimler yekonomikalıq ta’repten to’men qa’wimlerge wo’z ta’sirin wo’tkizip, wolardın’ arzan miynetinen paydalanıwdan tısqarı, ja’miyetlik turmısında da hu’kimranlıq qılıwg’a umtılar yedi.

Bul da’wirde shan’araq, turmıs qurıw, ja’miyetlik qatnasıqlar, perzent ko’riw, wonı ta’rbiyalaw ma’seleleri, diniy I’senim, pul qatnasıqları (sudxorlıq) ha’m basqada ko’p tarawlarda da ku’ta’ u’lken qıyınshılıq, qarama-qarsılıqlar, kelispewshilikler bolg’an.

Mekke qalası sawda worayı sıpatında u’lken a’hmiyetke I’ye bolıp, wo’zinin’ a’tirapındag’ı qa’wimlerge basqalarına qarag’anda ku’shlirek ta’sir ko’rsetetug’ın yedi. Mekkenin’ diniy woray sıpatındag’ı roli de ku’shli yedi. Mekkedegi Kaabatullahta tu’rli arab qa’wimlerinin’ 365 qudayı – Sanem, yag’nıy butları bar bolg’anlıg’ı ushın bul qala wo’z a’tirapında jasawshı qa’wimlerge sıyınıw worayı – zıyaratxana rolin atqaratug’ın yedi. Ha’r bir qa’wim wo’z qudayına

[1] Диншунослик. Т., “Истиқлол нури”, 2013, 83-бет.

sıyıng'anlıqtan, bul jag'day din tariyxın I'zertlewshiler ta'repinen ko'p qudaylıqtın' arablarg'a ta'n ko'rinisi dep yesaplang'an. Budan tısqarı arab qa'wimleri arasında Quyash ha'm Ayg'a sıyınıwshılar da bar yedi. Arabstan yarım atawında evreyler dini, sonday-aq xristianlıqta bolg'an.

İ'slam dini du'nyada ken' taralg'an monoteistlik dinlerden biri, bul dinnin' payg'ambarı Muxammed (s.a.v.) bolıp tabıladı. Arabsha "muslim" – "wo'zin Allag'a tapsırg'an" degen ma'nini beredi. "Musılman" so'zi "Muslim"nin' biraz wo'zgertilgen forması.

Muxammed (s.a.v.) 571-jıl 21-aprelde Mekkede qurayt qa'wiminin' hoshimiyler a'wladınan bolg'an Abdullah ha'm Amina shan'arag'ında tuwıladı. Muxammed (s.a.v.) jaslıg'ında jetim qalg'an, da'slep babası Abu Mutallib, son' a'mekisi Abu Talib qolında ta'rbiyalandı. Yer jetkennen son' sawdagerler arasında xızmet yetip, 24 jasında Xadisha atlı bay, sawdager hayalg'a u'ylenedi.

Quranı Ka'rim Quday ta'repinen do'retilgen ha'm adamlarg'a jiberilgen Kalom bolıp, Muxammed payg'ambarg'a Jabrayil arqalı vaxiy, yag'nıy Alla ta'repinen berilgen. Muxammed payg'ambarg'a vaxiydin' keliwi diniy ta'liymatqa ko're, ramazan ayının' jigirma jetinshi ku'nine wo'ter keshesi, 610-jıldın' 31-iyulinen 1-avgustına wo'ter keshesi baslang'an ha'm 23 jıl dawam yetken. Sol vaxiy kelip baslag'an tu'n I'slamda "Laylatul qadr" keshesi dep atala baslag'an. Bul ha'diyse Qurannın' 97 su'resi "al-Qadr"de sa'wlelengen. Muxammed payg'ambar u'git-na'siyatın baslag'an da'slepki jıllarında ju'da' az adam payg'ambardın' I'zinen yergen. Sonın' menen birge quraytlardın' ummaviyler bo'liminen bolg'an ha'm Mekkede siyasiy ha'kimiyat to'besinde turg'an aqsu'yekler sol da'wirde-aq wonın' u'git-na'siyatlarına qatan' qarsılıq ko'rsetken.

İ'slamda da'slep yevreyler ha'm xristianlar da usı Allag'a I'sengen dep yesaplanadı. Alla adamlarg'a wo'zinin' yelshileri – payg'ambarlardı jibergen. Biraq wolar payg'ambarlar na'siyat yetken ta'liymattı buza bergen. Sonın' ushın Alla I'nsanlarg'a yelshi yetip wo'zinin' yen' aqırg'ı yelshisi yetip Muxammed (sallallahu alayhu vassalam) dı jibergen, wog'an wo'zinin' ka'lami bolg'an Qurandı tu'sirgen. Muxammed (s.a.v.) wo'zinin' jerleslerin, son'ınan pu'tkil

arablardı qa'wimlik qudaylarg'a sıyınıwdan bas tartıwg'a ha'm jalg'ız quday – Allag'a sıyınıwg'a, adamgershilikli jasawg'a, wol du'nyada beyishke tu'siw ushın bul du'nyada a'diwli I'sler qılıwg'a shaqırg'an ha'm adamlardı I'sendire baslag'an. Tag'ı bir aytıp ketetug'ınımız sol, I'slamnın' qa'liplesiwine ja'miyetlik jag'daylarda sebepshi boldı.

Joqarıda aytqanımızday, Arabstanda sol da'wirde payda bolg'an ja'miyetlik-siyasiy ha'm yekonomikalıq jag'daylar, a'sirese sawda I'slerin jolg'a qoyıw, qa'wimler arasındag'ı urıs-ja'njellerdi saplastırıw, Xidjazdın' Mekke, Yasrib (son'ınan Ma'dina), Haybar ha'm tag'ı basqa qala-ma'mleket (polis)lerinin' wo'z-ara mu'na'sibetlerinde tınıshlıqtı ta'miyinlew, puqaralar qa'wipsizligin qorg'aw usag'an obektiv sebepler Arabstanda bir pu'tin ma'mleket du'ziw za'ru'rliligin keltirip shıg'ardı. Al bul gezeginde bir diniy I'senimge yag'nıy I'slam dininin' qa'liplesiwine alıp keldi. Bul da'wirdin' talabı yedi. "Bunday ha'reketti baslag'an adamlar wo'z iskerliklerin I'la'hiy ku'sh penen tiykarlay alg'an jag'dayda g'ana tabısqa yerisiwi mu'mkin yedi. Solay yetip, Muxammed (s.a.v.)tın' diniy ha'm siyasiy I'skerligi joqarıdag'ı processlerdin' ayrıqsha ko'rinisi bolg'an. Muxammed (s.a.v.) ha'r ta'repleme ba'rkamal I'nsan bolg'anı ushın, wonın' jeke pa'ziyletleri sebepli yevrey-xristian mazxablarına jaqın I'deya menen jasawshı jergilikli xidjazlılar ha'reketi wo'zine ta'n ayrıqshalıqlar I'yeledi, diniy ha'm siyasiy ku'shke I'ye boldı. Bul ku'sh İ'slamnın' payda bolıwın yen' a'hmiyetli tariyxıy waqıyalardan birine aylantırdı".[1]

Muxammed (s.a.v.) Mekkede jag'day wog'ada shiyeleskennen son', Mekke hu'kimdarları menen gu'resip kelgen qa'wimler wa'killeri menen so'ylesiwler alıp barg'an ha'm 622-jılı wolardın' ja'rdeminde Madinag'a hijrat qılg'an, yag'nıy o'z wo'mirine qa'wip tuwg'anın sezip Madinag'a ko'ship ketken.

622-jılı ju'z bergen bul ko'shiw arabsha "hijrat" dep atalıp, musılmanlardın' hijriy jıl yesabı sonnan baslanadı. Mekkeden ko'ship barg'anlar I'slam tariyxında "muhojirler" (ko'ship kelgenler), madinalıq qa'wimlerden I'slamdı qabıl yetkenler bolsa "ansflar" (ja'rdemshiler) dep atalg'an.

[1] Фалсафа. Энциклопедик луғат. Т., "Ўзбекистон Миллий энциклопедияси", 2010, 143-144 бетлер.

Payg'ambar Muxammed (s.a.v.) basshılıg'ındag'ı Madina qalası arabları mekkeliklerdi de I'slamg'a boysındırıw, bul yeki qala wortasındag'ı kelispewshiliklerge shek qoyıwdı tiykarg'ı maqseti dep yesaplag'an. Sol maqsette 624-jılda Badr qudıqları qasında, 625-jılda Uhud tawı yeteginde sawashlar bolg'an.

Bunnan keyin tabıslı a'melge asırılg'an birneshe urıslardan keyin 628-jılı Muxammed mın' yarımday sahabası menen Kaabag'a xajılıq zıyaratqa baradı ha'm Mekkege jaqın Xudeybiya degen jerde toqtaydı. Wolarg'a mekkeliler qural-jaraq penen qarsı shıg'adı, biraq bular wortasında urıs bolmaydı. Yeki ta'rep basshılarının' ko'p so'ylesiwlerinen keyin pitim sha'rtnaması du'ziledi.

630-jıldın' basında Muxammed won mın' la'shker menen Mekkenin' tu'bine keldi. Muxammedtin' lagerine atası Abbas (bul waqıtta wol I'slamdı qabıllap, payg'ambar ta'repine wo'tken yedi) kelip, Muxammed ha'm wonın' do'geregindegiler menen Mekkenin' basshısı A'biw Sufiandı ushırastıradı ha'm burıng'ı du'zilgen sha'rtnamag'a sa'ykes Mekke musılmanlarg'a urıssız tapsırıladı. Mekkeliler I'slam dinin qabıllawg'a minnetlenip, Allanı bir, Muxammedti payg'ambar dep moyınladı, Kaaba I'slam dininin' «ka'ramatlı worayı» - baslı meshiti yesaplanıp, wondag'ı fetish «qara tastan» basqa barlıq butlar shıg'arıp taslanıp, joq yetiledi. Kaabag'a hajg'a keliw, «qara tas»tı su'yiw musılmanshılıqtın' ra'smiy sha'rti boldı.

632-jıl 8-martta payg'ambar Kaabag'a «Kisva» jawıp, tu'yenin' u'stinde turıp 124 000 musılmanlarg'a qarata xutba (so'z) aytqan.[1] Muxammed (s.a.v.) o'z so'zinde adamlardın' janlarının' ha'm mallarının' muqaddesligi, wog'an hesh kimnin' qol qatıwg'a, birewdin' birewdi wo'ltiriwge haqısı joq yekenligi, jaxiliyya da'wirinen qalg'an qang'a qan da'stu'rinin' biykar etiletug'ınlıg'ı, amanatı I'yesine qaytarıp beriw za'ru'rligi, hayal-qızlarg'a miyrim sha'pa'a'tli bolıw kerekligi, hesh bir adamnın' basqalardan u'stinligi joq yekenligi, u'stinlik tek g'ana pa'ziylette g'ana bolıw mu'mkinligi, basqanın' haqın jemew kerekligi, jınayat ushın tek g'ana jınayatshının' wo'zi juwap beretug'ınlıg'ı, Allanın' kitabı –

[1] Толығырақ қараң: Ирвинг В. Мухаммед пайғамбардың өмири. И.Юсупов қарақалпақ тилине аўдарған. Нөкис., "Қарақалпақстан", 1992, 188-190 бетлер.

Quran jolı menen ju'riw za'ru'rligi bayan yetiledi. Muxammed (s.a.v.) bul hajı «xoshlasıw zıyaratı» yedi. Muxammed payg'ambar usı hajıdan qaytqanna keyin 632-jıl 27-mayda 63 jasında a'lemnen wo'tti.

Yeski arab da'stu'ri boyınsha tu'ni menen qa'birin qazıp tayarlap erten'ine sol Medinada wo'lgen jerine qoyıldı. Mekkege hajg'a kelgen musılmanlar ushın Muxammedtin' qa'biri zıyaratlaw wornına aylandı.

Da'slepki I'slam ushın ruwxanıylar menen qarapayım adamlar arasında musılman obshinası menen ma'mleketlik sho'lkem arasında, din menen huqıq arasında ayırmashılıq bolmadı. İ'slamnın' ko'pshilik arablar ta'repinen qabıl yetiliwi Arab ma'mleketinin' baslamasına tırnaq saldı.

Muxammed (s.a.v.) payg'ambar, ullı diniy ha'm ja'miyetlik reformalar sıpatında tariyxta wo'shpes I'z qaldırdı. Adamzat tariyxı bunday woqımag'an, shopan, a'piwayı sawdager, biraq qısqa waqıt I'shinde du'nya ju'zlik a'hmiyetke I'ye bolg'an ullı wo'zgerislerdi a'melge asırg'an basqa adamdı bilmedi.[2]

Muxammed (s.a.v.) payg'ambardın' wo'liminen keyin wonın' I'sin xalifler (payg'ambar worınbasarları) A'biw Ba'kir (632-634), Womar I'bn Xattab (634-644), Wosman I'bn Affan (644-656), Ali I'bn Abu Talib (656-661) dawam yettirdi. VII-VIII a'sirlerde İraq, Palestina, Siriya, İran, Maverawnnaxr, Mısır, Sol Tu'slik Afrika, Pireney yarım aralı, Sol Tu'slik Hindistan I'yelendi. 30 jılg'a shamalas waqıt I'shinde Qıtaydan İspaniyag'a, Kavkaz artınan Hind okeanına shekem bolg'an territoriyanı I'yelegen, I'slam dini jayılg'an I'slam xalifatı – ullı imperiya qa'liplesti.

Ja`ha`n xalıqlarının' tariyxıy rawajlanıwında ju'zege kelgen, a`sirler dawamında a`wladtan-a`wladqa wo'tip, wolardın' I'senimine aylang'an ha`r bir dinlerdin' muqaddes jazıwları (kitapları) bolıp, wolar Quday ta`repinen I'nam yetilgen dep qaraladı. A`ne sol muqaddes kitaplar dinlerdin' derekleri yesaplanadı.

"Quran" – I'slamnın' muqaddes kitabı bolıp, wol jer ju'zlik musılmanları ushın da`stu'rlik ko'rsetpe, diniy ta`rtip ha`m ko'rsetpeler deregi bolıp yesaplanadı. Quranı Ka`rim musılmanlardın' tuwılg'annan wo'lgenge shekem, azanda

[2] Қараңыз: Агзамходжаев С.С. ҳәм басқалар. Дунё динлари тарихи. Т., 2011, 160-166 бетлер.

turg'annan uyqıg'a ketkenge shekemgi turmıslıq ta`rtiplerin, I's-ha`reketin reglamentatsiyalap turadı.

Qurannan basqa I'la`hiy jazıwlar birden, bir waqıtta tu'sken dep yesaplansa, Quranı Ka`rim 23 jıl dawamında Alla taala ta`repinen perishte jabrayıl arqalı Muxammed payg'ambarg'a jiberilip turg'an. Son' wolar toplanıp, xalifa Wosman (644-656) hu'kimranlıg'ı da`wirinde bir kitap tu'rine keltirilgen, bunı "Wosman musxafi" dep ataydı.

Ha`zirgi ku'nde I'slam a`leminde 4 A`yyemgi "Wosman musxafi"nin' nusqalarının' bar yekenligi ma`lim. Wolardan biri Madinada saqlanıp atırg'an tu'p nusqa bolıp, I'slam dereklerinde wol "İ'mom" atı menen tilge alınadı. Yekinshi nusqa Kaabada, u'shinshi nusqa Kairdag'ı Mısır milliy kitapxanasında saqlanbaqta. To'rtinshisi, Tashkentte O'zbekistan xalıqları tariyxı muzeyinde saqlanıp, 1989-jıl baslarında O'zbekistan musılmanları diniy sho'lkemine tapsırılg'an.[1]

Quranda 114 su're, 6226 ayat bar yekenligi aytılg'an. Biraq Quran tekstlerin bo'listiriliwine tiykarınan ayatlar sanı 6204, 6232, ha`tte 6666 g'a shekem belgilengen. Su'reler Quranda wo'z mazmunına qarap I'zbe I'zlikte yakiy aytılg'an waqıtna qarap jaylastırılg'an. Su'relerdin' ko'lemi de ha`r qıylı: yen' u'lken ko'lemge I'ye bolg'an "Bakara" su'resinde 286 ayat bar, en' kishi su'reler tek 3 ayattan I'barat.

Uzın su'reler kitaptın' basınan, qısqa su'reler aqırınan worın alınıwı, I'zertlewlerde anıqlanıwınsha a`yyemgi arablardın' ha`m ulıwma Aldıng'ı Aziyadag'ı Somiy xalıqlarının' da`stu'ri menen baylanıslı bolg'an. Ha`r tu'rli jazıwlar, ra`wayatlar yakiy a`debiy shıg'armalar toplanıp kitap tu'rine keltirilgende, u'lken ko'lemdegi shıg'armalar birinshi worında, kishkeneleri keyin jaylastırılar yeken. Quran tekstlerin toplap kitap halına alıp keliwde de a`ne usı da`stu'rge a`mel qılıng'an bolıwı mu'mkin.

---

[1] Ташкенттеги "Мусхафи Осман" тарийхы ҳәм Қуранның өзбек тилине аўдармалары туўралы толығырақ оқың: Диншунослик. Т., "Истиқлол нури", 2013, 67-68 бетлер.

İslamda Quranı Ka`rimnen keyingi tiykarg’ı derek bul ha`dis bolıp yesaplanadı. Muxammed (s.a.v.) payg’ambarımız ha`dislerinin’ birinde “Yey u’mmetleri! Men sizler ushın Quranı Ka`rim menen wo’zimnin’ su’netim, jol-jorıqlarımdı qaldırdım. Sizler sol yekewinede a`mel qılsan’ız, tuwrı joldan hesh qashan adaspaysızlar”, dep ko’rsetilgen.

“Ha`dis” so’zinin’ da`slepki ma`nisi “xabar”, “bildiriw” degendi an’latqan. Ra`smiy ma`nide ha`dis Muxammed payg’ambarımızdın’ (s.a.v.) so’zleri ha`m wonın’ a`meliy I’sleri haqqındag’ı ra`wiyatlar. Demek, “Ha`dis” tek Muxammed payg’ambar (s.a.v.) so’zlerine qarata qollanıladı. Ha`dis I’slamda Qurannan keyingi muqaddes derek yesaplang’an. Bunda Muxammedtin’ wo’miri, I’skerligi ha`m ko’rsetpeleri wo’z sa`wleleniwin tapqan. Payg’ambar Muxammed (s.a.v.) aytqan ga`pi yaki qandayda bir isti I’slep ko’rsetken bolsa yamasa basqalardın’ qılıp atırg’an I’sin ko’rip, wonı qadag’an yetpegen bolsa, sol u’sh jag’daydın’ ha`r biri Ha`dis dep atala bergen. Qurandı u’yreniw tavsif I’limin ju’zege keltirgendey, ha`dislerdi u’yreniw wolardı jıynaw ra`wayatlar (Ha`distanıw) I’limiyn ju’zege keltirgen.

VIII a`sirdin’ baslarında Ha`dis I’liminde u’sh mektep qa`liplesti:

Madina (Urva ibn Zubayr ha`m az-Zuhriy); İraq (Kufada, wa`kili ash-Shabi) ha`m Suriya. Damask mektepleri. Qa`liplesken da`stu’rge ko’re Ha`dis yeki bo’limnen I’barat bolıwı kerek yedi:

1. İ’snod (arabsha – “tayanısh”) yag’nıy sol ha`disti jetkerip bergen adamlardı sanap wo’tiw.

2. Matn, yag’nıy Ha`distin’ mazmunı. VIII a`sirde-aq Ha`disler tuwrılıg’ın anıqlawda usınday wo’lshem qa`liplesken yedi. Wonın’ isnod bo’limi Ha`distanıwshılardın’ atlarının’ qatarınan I’barat bolıp, keyingileri abıroylı atlarına daq tu’spegen, I’senimli hu’rmetke I’layıq, tuwrı so’zli adamlar bolıwı kerek yedi.

İ’senimliligine qarap Ha’disler u’sh toparg’a ajıratılg’an yedi. Ha’disti aytıwshılar dizimi hesh qanday gu’man tuwdırmasa, bunday ha’dis sahih (arabsha isenimli, tuwrı) dep atalg’an. Yeger aytıwshılar diziminde ayırım muhadisler wonı qa’tesiz dep tallag’an bolsa yaki dizimde qanday da bir bo’lim u’zilip qalg’an

bolsa, Ha’dis tolıq I’senimge I’ye yemes, dep yesaplansa da, ba’ri bir qabıl yetilgen ha’m bunday ha’dis hasan (jaqsı, ma’rhamatlı) dep atalg’an. Yeger Ha’disti aytıwshılar diziminde bilimliligi yaki a’deplilik abırayı ko’z-qarasınan talapqa tuwrı kelmeytug’ın adamlar bolsa Ha’dis I’senimsiz yesaplanıp ha’m aif (a’lsiz) dep atalg’an.

Tek sahih ha’dislerdin’ wo’zin jıynawg’a ha’reket yetken alımlar u’lken abıroyg’a I’ye bolg’an. Birinshi bolıp bul I’sti İ’mam Buxariy, keyin İbn Urjaj, son’ İ’bn al Ashas, wolardan keyin İ’sa at-Termiziy, an-Noson ha’m İ’bn Moojjalar bul I’sti tabıslı worınlag’an.

Buxariydin’ “Al-jome as-Sahih” (İsenimli toplam) yaki qısqasha “as-Sahih al-Buxariy” (810-870). Avtor bul toplamda tek nızamshılıq ha’m u’rp-a’detlerdi g’ana yemes, al Muxammed payg’ambardın’ wo’miri ha’m sahobalar, ha’tte Muxammed da’wirindegi tariyxıy yetnografik ta’replerge ta’n ha’dislerdi toplag’an. Kritikalıq jantasqan halda 600 mın’g’a jaqın ha’dis jıynap toplamına I’senimli dep bilgenlerden 7275 sin kirgizgen. Bul toplam u’lken abıroy-itibarg’a I’ye bolıp ko’p ma’rtebe baspadan shıqqan. İ’mam Buxariydin’ “Al – jome – as – Sahih” atlı kitabı “Quranı Karim”nen keyingi yen’ I’senimli derek dep qabıl yetilgen, wol wo’zbek tilinde 4 tomlıq yetip basıp shıg’arıldı.[1]

Ha’disler I’nsan ta’rbiyasına, a’sirese jaslardı ka’millikke jetkeriwge ayrıqsha I’tibar beredi, bala tuwılg’annan baslap yerjetkenshe worınlanıwı lazım bolg’an I’lajlar bayanlanadı. Jas a’wladtın’ ata-ana aldındag’ı minnetleri ha’m wazıypaların worınlawın qatan’ tu’rde talap yetedi. Ha’dislerde bilimli bolıw, jaslıqtan I’lim alıwg’a umtılıw, ma’nawiy jaqtan jetiklikke umtılıw yen’ za’ru’rli I’nsanıy talaplar da’rejesine ko’terilgen. Ha’dislerde adamlardın’ wo’miri ushın kerekli ku’ndelikli, jasaw ta’rzine baylanıslı za’ru’rli I’slerdi worınlaw talabı qoyıladı, yekologiyalıq ha’m sanitar-gigienalıq minnetler de belgilenedi. Ta’biyattı taza saqlaw, ha’tte suwg’a tu’pirmew, yegin yegiw, medrese ha’m meshit salıw, ko’pir qurıw, kanal-

---

[1] Абу Абдуллоҳ Мухаммад Ибн Исмоил Ал-Бухорий. Ҳадис 1, 2, 3, 4 томлар. Т., “Қомуслар Бош таҳририяти”, 1991-1992 жыллар.

salmalar qazıw arqalı suw shıg'arıw ha'm tıq jerlerdi wo'zlestiriw I'la'hiy talaplar da'rejesine ko'teriledi.

Ha'dislerdin' bu'gingi ku'nimiz a'hmiyetin ko'rsetiw ushın ta'lim-ta'rbiyalıq ma'nis-mazmundag'ı geypara ha'dislerdi ko'rsetip wo'tsek worınlı dep woylaymız:

- Rasulullahdan u'mmetlerinen birewi: «Yey Rasulullah, men jaqsılıg'ımdı kimge I'slesem boladı?» - dep sorag'anda, «Anan'a!» - dedi. Sol sawaldı u'sh ma'rtebe qaytalag'anda da «Anan'a!» degen juwaptı aldı. To'rtinshi ret sorag'anda bolsa «Atan'a ha'm jaqın tuwısqanların'a» degen juwaptı aldı;

- Ras so'ylen', wo'ytkeni rasgo'ylik jaqsılıqlarg'a baslaydı ha'm bul jaqsılıqlar bolsa ja'nnetke jollaydı… Wo'tirik so'ylewden wo'zlerin'izdi saqlan', wo'ytkeni wo'tirik so'ylew barlıq buzıqlıqlarg'a alıp baradı. Buzıqlıq bolsa dozaqqa jollaydı;

- Ata-ananı qapa qılıp jılatıw – en' u'lken gu'na;

- Ata-anasına na'let woqıg'an adamg'a Alla taalanın' na'leti bolsın!

- İba da I'yman belgilerinendur;

- Baylıq mal-du'nyanın' ko'pligi menen yemes, ba'lki na'pistin' toqlıg'ımenendur;

- Napaqa (ja'rdem) ha'm sadaqa beriwdi a'weli wo'zin'nen basla, yeger awısıp qalsa, a'yelin'e ha'm shan'araq ag'zaların'a ber. Tag'ı awısıp qalsa, tuwısqanların'a ber. Wolardan da awıssa basqalarg'a ber;

- Amanatqa qıyanet qılıw, wo'tirik so'ylew, so'zde turmaslıq, kek saqlaw, yekiju'zlilik belgileri;

- Yeki perzentti bag'ıp, ta'rbiyalap yerjetkizgen adam menen Men ja'nnette birge bolarman;

- Shaqırg'an jerge g'ana barın';

- Araqtan saqlanın'lar, sebebi wol ba'rshe jamanlıqlardın' giltidur;

- Ha'r qanday ma's qılıwshı na'rse haramdur; a'diwliliktin' yen' jaqsısı wo'z atasının' jaqsı ko'rgen adamlarg'a jaqsılıq qılıwdur;

- Bir-birin’izdin’ aran’ızdı u’zben’, bir-birin’izdin’ keyninen ayıp I’zlemen’. Bir-birin’izdi jaman ko’rmen’ ha’m bir-birin’izge ko’realmawshılıq qılman’;

- Diyqanshılıq qılın’lar, sebebi diyqanshılıq bereketli I’sdur. Diyqanshılıqtı qorg’awshı saqshılardı ko’beytin’ler!

- Mo’min adamdı la’netlew – wonı wo’ltiriw menen barabardur. Wo’zin-wo’zi wo’ltirgen adam qıyamet ku’ni tiyisli azaptı tartadı. Wo’zin’e jaqqan na’rseni basqalarg’a da maqul ko’r.

- U’mmetlerim ushın yen’ qattı qorqqan na’rselerim: qarındı salbıratıp semiriw, ko’p uyqıshılıq, I’sjaqpaslıq ha’m ha’lsiz I’senimge I’ye bolıwdur;

- Menin’ tu’sinigim de I’badatqa qarag’anda ilimnin’ pa’ziyleti artıqdur;

- Ha’tte Qıtayda bolsada I’limge umtılın’lar, wo’ytkeni I’lim alıwg’a ha’reket qılıw ha’r bir mo’minge parızdur!

- Ka’siptin’ yen’ jaqsısı adamnın’ wo’z qolı menen worınlaytug’ın I’si ha’m halal sawdadur;

- İ’ymannın’ abzalı – sabır ha’m ken’ qa’lbli bolıwdur;

- Sadaqanın’ abzalı mo’min kisi I’lim u’yrenip, son’ınan wonı mo’min biradarlarına da u’yretiwidur;

- Ta’n’ri go’zzaldur, go’zzallıqtı jaqsı ko’redi;

- Barlıq ba’le – tildedur;

- Qaysı bir I’sti adamlar aldında I’slewdi uyat dep bilsen’, wonı jalg’ız qalg’anın’da I’sleme;

- Sizlerdin’ jaqsıların’ız – du’nya jumısları dep aqıretti, aqıretti dep du’nya jumıslarınan bezbeydi ha’m basqalarg’a ma’lel tu’sirmeytug’ınların’ızdur.

Ha’dis u’lgileri qaraqalpaq tilinde de basıp shıg’arıldı.[1] Prezidentimiz İ’slam Karimov wo’z miynetlerinde İ’mam Buxariy, İ’mam Termiziydin’ ha’dislerine ayrıqsha I’tibar qaratıp kelmekte. İ’mam Buxariydin’ “Al – jome as-sahih” shıg’arması tuwralı “Mine, won yeki a’sirden berli, bul kitap millionlap I’nsanlar qa’lbin I’yman nurı menen jarqıratıp, haq ha’m diyanat jolına shaqırıp kelmekte”,[2]

[1] Толығырақ қараң: Әдеп-икрамға байланыслы Ҳәдис үлгилери. Нөкис, “Билим”, 1991.
[2] Каримов И. Юксак маънавият – енгилмас куч. Т., “Маънавият”, 2008, 38 бет.

- dep jazg'an yedi. Bunın'day joqarı baha barlıq ha'distanıwshılarg'a, sonın' I'shinde İ'mam Termiziyge[3] de tiyisli degen durıs boladı.

[3] Каримов И. Ўзбекистон мустақилликка эришиш остонасида. Т., "Ўзбекистон", 2011, 249 бет.

## § 1.2. İ’slamda sufizm ta’liymatı: qa’liplesiw sebepleri, ma’nis-mazmunı, Woraylıq Aziyadag’ı tariqatları

Ta’sa’wwif I’slamda I’nsannın’ ruwxıy du’nyası haqqında, wonı ruwxıy-a’dep-ikramlılıq jetiklikke baslawshı ta’liymat, I’senim, sufiylik ag’ım. Ta’sa’wwifti mistitsizm tu’sinigi menen baylanıstırıwda teren’ ma’nis bar. “Misticizm”, “mistika” so’zleri a’yyemgi rek tilinen alıng’an bolıp, wol mystikos – “jasırın”, “sırlı” ma’nisin an’latıp, I’lahiyat penen tikkeley baylanısıw mu’mkinligi haqqındag’ı ta’liymat. “Bul ta’liymat boyınsha I’nsan Quday menen aqıl ha’m sezimlerden joqarı bolg’an sırlı baylanısı bar dep yesaplanıp, wonın’ na’tiyjesinde I’nsan sanasında Qudaydı biliw a’melge asadı”.[1] Sonday-aq, qa’nigelerdin’ aytıwınsha, sufizmnin’ kelip shıg’ıwında Platonnın’ neoplatonizmi, yag’nıy wonın’ Qudaylıq yemanatsiya, du’nyadag’ı predmetler qudaylıqtın’ aynadag’ıday sa’wlesi degen tezislerinin’ u’lken ta’siri bar.[2]

Sonı da aytıp wo’tiw lazım, misticizmge ta’n belgiler pikirler jeke qudaylıq dinlerinin’ barlıg’ında da bar. “Racionalist – mutazilitlerden ajralıp, sufilar – I’slamdag’ı mistikler. Bular quramı boyınsha ha’rqıylı bolg’an asketler, qa’lepderler, da’rwishler ha’m I’senim ushın gu’resiwshi fanatikler bolıp, wolar ka’ramatlı I’senim jolında barlıq na’rseden bas tartıwg’a tayar ha’m hadal turmıs arqalı Allag’a jaqınlasıwg’a umtılıwshı, wog’an sin’ip ketiwge, wonın’ joqarı da’rejedegi qudaylıq shınlıg’ın biliwge umtılıwshılar boladı”.[3]

Da’slepki sufiylik ta’reptarları “zahidler” dep atalıp, wolar ta’rkidu’nyashılıq – bul du’nyadan beziwshilik, wonı ta’rk yetiwshilik penen shug’ıllang’an. Yen’ da’slepki ataqlı sufiylerden Hasan Basriy haslında zoxid adamlar yedi, wonı ayrım avtorlar ha’tte sufiyler qatarına qospaydı da. Bunın’ sebebi, zahidlerdin’ ko’pshiliginin’ niyeti I’badat arqalı aqıret ma’ripetine yerisiw, ja’nnetke wo’zi ushın jol ashıw bolg’an. Wolarg’a teren’ filosofiyalıq woy-pikir, wa’liylik,

---

[1] Маънавият. Асосий тушунчалар изоҳли луғат. Т., “Ғафур Ғулом номидаги нашриёт”, 2009, 540 бет.
[2] Толығырақ қараң: Васильев Л.С. История религии Востока. М., “Высшая школа”, 1988, 154-155 бетлер
[3] Сонда, 153 бет.

ka'ramat ko'rsetiw tu'sinikleri jat yedi. XI a'sirlerge kelip shın ma'nisindegi sufiyler qa'liplesti.

Sufizm boyınsha jetik qa'nigelerden bolg'an Najmiddin Kamilov sufiylardı to'mendegishe ta'ripleydi: "Du'nyadan ko'n'il u'zgen, biraq zahidlerge uqsamaytug'ın, "bir qaraw menen topraqtı ximiya yetetug'ın" (Hofiz Sheroziy) zeyinli, aqıl-parasatta ten'i-tayı joq, biraq wolar basqa woyshıl, filosoflardan ajralıp turatug'ın, shariat I'limin suw qılıp I'ship alg'an, taat-ibadatta bekkem, biraq a'piwayı dinge I'seniwshilerden parıqlanatug'ın a'jayıp qa'siyetli adamlar toparı yedi. Wolardı adamlar ruwx adamları dep ataytug'ın bolg'an. Bunday adamlardın' minez-qulqı, ju'ris-turısı, a'jayıp tan'qalarlıq so'zleri ha'm I'sleri a'tiraptag'ılardı tan' qaldırar, ayrımlarının' keleshekten xabar beriwshi ka'ramatları, sırlı tan'qalarlıq I'sleri aqıldı tan' qaldıratug'ın yedi. Wolardı adamlar a'hlulloh, a'wlie, xol ta'reptarları, I'shki jasırıng'anlardı biliwshiler, tariqat a'rbabı, da'rwish, qa'lender, faqır degen atamalar menen tilge alatug'ın yedi. "Biraq bul toparg'a ko'bine "sufiy" ataması qollanılg'an, sebebi bul so'zdin' ma'nisi wog'ada ken' bolıp, basqa tu'sinik ha'm atamalardı wo'z I'shine sin'diretug'ın yedi".[1] Solay yetip, I'slamnın' tariyxıy rawajlanıwı processinde du'nyadan bezgen, biraq zahidlerge uqsamaytug'ın, shariat I'limin teren' wo'zlestirgen, taat-ibadatı bekkem, ruwxıy du'nyası ku'shli dindarlar toparı payda boldı. Bulardın' I'skerligine hayran qalg'an a'piwayı adamlar, wolardı a'wlie, da'rwish, qa'lender h.t.b. atlar menen atar yedi. Ko'bine wolar sufiyler degen ataqqa I'ye bolg'an.

"Sufiy" so'zinin' kelip shıg'ıwı haqqında tu'rli pikirler bar. Ma'selen, Abu Rayxan Beruniy bolsa "suf", yag'nıy faylasuf so'zinin' aqırg'ı bo'leginen payda bolg'an, dep yesaplag'an. Degen menen, ko'pshilik alımlar pikirinshe sufiy so'zi arabsha "suf" so'zinen kelip shıqqan. "Suf" so'zinin' slovarlıq ma'nisi "ju'n" ha'm "ju'nnen toqılg'an mata yaki tawar" degeni boladı. Sufılar ko'pshilik jag'dayda

---

[1] Камилов Н. Тасаввуф. Биринчи китоб. Т., "Ёзувчи", 1996, 6-7 бетлер.

ju’n shekpen yamasa qoy terisinen tigilgen postın kiyip ju’rgen. Sonlıqtan, wolardı “ju’n kiyimliler”, yag’nıy sufılar dep atag’an.[1]

Yeger “suf” so’zinen “sufiy” so’zi jasalg’an bolsa, wo’z na’wbetinde, “sufiy” so’zinen “ta’sa’wwif”, “musta’suf”, “muta’ssuf”, “muta’sa’wwif” so’zleri payda bolg’an.

**Musta’suf** - wo’zin sufiylarg’a uqsatıp ju’retug’ın, biraq tiykarg’ı maqseti hamal, mal-mu’lk bolg’an adamlar.

**Muta’ssuf** – tariqat ha’m haqıyqatta belgili bir da’rejelerge yerisken, biraq sufiy da’rejesine jete almag’an adamlar.

**Muta’sa’wwif** – qa’lbi sufiylıq I’deyalarg’a beyimlesken, ta’sa’wwif I’senimin qabıl yetken, biraq tariqat a’meliyatın wo’temegen, ra’smiy sufiy bolmag’an adamlar boladı.

Yendi ta’sa’wwiftin’ qa’liplesiw tariyxına qısqasha toqtap ketemiz.

Ta’sa’wwifke tiykar bolg’an bul du’nyanı ta’rk yetiw I’deyaları I’slam menen derlik bir da’wirde ju’zege keldi. Abu-d-Darda, Abu Zarr al-G’ifariy, Xuzayfa sıyaqlı sahabalar sufizmnin’ da’slepki ko’rnekli wa’killeri bolıp yesaplanadı. Sufizmnin’ I’slamdag’ı mistikalıq-asketlik ag’ım sıpatında qa’liplesiwi VIII-IX a’sirlerge tiyisli. Bul da’wirde sufiy yaki ta’sa’wwif atamaları yele ken’ tarqalmag’an ha’m wonın’ wornında zuxd (ta’rki du’nyashılıq) yamasa zahid, abid so’zleri qollanılatug’ın yedi.

Birinshi sufılardın’ ko’pshiligi du’nyadan sonshelli bezgen ha’tte, adamlardan qashıp wolar menen kem ushırasıp, wo’zlerinin’ jaylarında taat-ibadat penen shug’ıllang’an. Ma’selen, da’slepki zahidlardan İ’brayım Adxam (742-jılı wo’lgen) Balx qalasınan shıqqan shahzada, wol taxttan ha’m bala-shag’asınan bezip, Madinada taat-ibadat penen ku’n wo’tkergen. Wonnan “Sen nege u’ylenbeysen’?”, dep sorag’anda, wol bılay degen yeken: “Qaysı bir hayal ash-jalan’ash bolıwı ushın mag’an yerge shıg’adı? Yeger mu’mkin bolg’anda yedi, men wo’zimnen wo’zim ajıralg’an bolar yedim”, degen yeken.[1]

---

[1] Толығырақ қараң: Ўзбекистонда маънавият соҳасидаги ислоҳотлар: ривожланиш босқичлари, эришилган натижалар ва истиқболлар. Т., “Академия”, 2011, 217-218 бетлер.

[1] Искандаров Б. Тасаввуф фалсафаси. Т., 1995, 6 бет.

Ta’sa’wwifke ta’n bolg’an du’nyadan beziwshilik I’deyalarının’ baslamaları I’slam dini qa’liplese baslag’an da’wirlerde-aq payda bola baslag’an. Usınday pikirlerdi birinshilerden bolıp bayan yetkenler qatarına payg’ambarımız sahabaları Abu-d-Darda, Abu Zarr, Xuzayfalar kiritiledi. Da’bdebeli turmıstan bas tartıp qarapayım, ta’rki du’nyashılıq a’melleri menen jasawdı teoriyalıq tiykarlag’anlardan ha’m na’siyatlag’anlardan al-Hasan al-Basriy (622-728) ja’ne wonın’ sha’kirtleri Rabah ibn Amr, Rabiya al-Alaviya, Malik ib Dinor, Shaqiq al-Balxiy, Fuzayil ibn İyod, Sulayman al-Daraniy ha’m basqalardı ayrıqsha atap wo’tiw mu’mkin. Sufiylıqtın’ sol da’slepki wa’killeri zahidler yamasa abidler dep ataladı.

Muxammed alayhissalam qaytıs bolg’annan keyin arablar VII a’sir wortalarınan baslap Worta Aziya ha’m Evropanın’ ko’p ma’mleketlerin basıp aldı. Wolar sol ma’mleketlerdin’ materiallıq I’ygiliklerine I’ye boldı. Wo’z qolında ju’da’ u’lken baylıqlardı toplag’an, qullardın’ miynetinen paydalang’an arab feodalları ko’p saraylar qurıp ra’ha’tte jasawg’a berilip ketti. İ’slamg’a ta’n bolg’an shariat hu’kimlerin ha’m Ha’dislerde bayan yetilgen adamgershilik ha’m a’dillik I’deyalarınan kelip shıg’atug’ın da’stu’rlerden kem-kemnen shegine basladı. Paydalı miynet yetpey, basqalardın’ miyneti yesabınan jasaw Arabstanda ken’ ha’wij ala basladı. Ta’sa’wwif filosofiyası yen’ da’slep a’ne sonday ten’sizlikke ha’m a’dalatsızlıqqa narazılıq sıpatında qa’liplesti, sol xalıq narazılıg’ının’ sa’wleleniwi boldı. Sufizmnin’ xalıq a’sirese, ziyalılar ha’m wo’nermentler arasında ken’nen taralıw sebebi usında.

Ta’sa’wwif ta’liymatının’ wa’killeri adamlardı hadallıqqa, pa’klikke, ten’likke, adam qa’dir-qımbatın jerge urmaslıqqa shaqırdı. Wolar barlıq musılmanlar ten’ bolıp, ha’r kim wo’zinin’ hadal miyneti menen ku’n ko’riwi, basqalardın’ ku’shlerinen paydalanbaslıqqa, ja’miyetlik a’dalatlıq talaplarına bag’ınıw za’ru’rligin ko’rsetti.

Xa’dden tıs jeke baylıqqa umtılıw na’tiyjesinde musılmanlar ja’ma’a’si I’shinde buzılıwlar payda boldı. A’sirese, Xalifa Wosman da’wirinde baylıqqa umtılıw, ag’ayın-tuwısqanlarg’a qımbat bahalı sawg’alar beriw, dos, jaqın-

juwıqlardı sıylaw da'stu'rge aylana basladı. Ummawiyler xalifalıg'ı da'wirine kelip u'lken saraylar qurıw, altın-gu'miske beriliw ha'wij aldı. Basqasha aytqanda, Quday jolında taat-ibadat, diniy u'rp-a'detler keyingi worıng'a shıg'ıp, birinshi worında mal-du'nyag'a muxabbat I'yeley basladı. Mine usı jag'daylar, wo'mirin I'slamg'a arnap mal-mu'lk toplamag'an sahabalar, ha'dis toplawshı muxaddisler, I'slamg'a shın berilgen musılmanlardın' narazılıg'ın keltirip shıg'ardı. Bulardın' bir bo'legi I'slamnın' haqıyqıy ma'nisin tiklew ushın ashıq gu'reske shıqsa, yekinshi bo'legi wo'z narazılıg'ı zuxdlikke, yag'nıy ta'rki du'nyashılıqqa beriliw arqalı bildire basladı. Sol da'wirlerde Kufa, Bag'dad, Basra qalalarında ta'rki du'nya jolına tu'skenler – zahidler barshılıq yedi. Wolardın' arasında xalıq I'shinde abıroylı adamlar da boldı. Ma'selen, Hasan Basriy uqsag'an iri sufiylar zahidler yedi. Zahidler taat-ibadatdan, bul du'nya I'slerinen beziw arqalı ja'nnetke umtılg'an yedi.

Ta'sa'wwiftin' payda bolıwı ha'm rawajlanıwına negiz jaratqan faktorlar qatarına sol da'wirdegi musılman ja'miyetlerindegi sociallıq-siyasiy turaqsızlıq, diniy turmıstın' quramalılıg'ı ha'm wonın' na'tiyjesinde kelip shıqqan ruwxıy-I'deyalıq I'zlenisler ja'ne basqa dinlerdin', atap aytqanda, xristianlıqtın' ta'siri de kiredi.

Ta'sa'wwif ta'liymatı abstrakt pikirler, abıroylı adamlarg'a bile tura eliklew, muqaddes tekstlerge so'zbe-so'z boysınıwdan wo'zgeshe, I'nsang'a tiykarg'ı obekt sıpatında qaraydı. Atap aytqanda, I'nsannın' I's-ha'reketlerin basqaratug'ın ruwxıyattın' mayda-shu'yde ta'replerin de teren' analizlew, jeke tuyg'ılarg'a I'tibarlı bolıw ha'm diniy ko'rsetiwlerdi teren' seziniw, Allag'a degen sap muhabbat, wog'an jaqınlasıwg'a umtılıw sufizmge ta'n wo'zgeshelikler. Sonlıqtan da ziyrek psixolog bolg'an Hasan Basriy (728-jılı qaytıs bolg'an) sufizmnin' tiykarın salıwshılardan yesaplanadı.

IX a'sir dawamında Basra, Bag'dad ha'm Xorasan sufiyleri arasında sufizm teoriyasın ha'm a'meliyatın I'slep shıg'ıw ushın qızg'ın ha'reketler dawam yetti, yen' abıroylı mektepler payda boldı. Sufiydin' "awhal", "maqomat" tu'siniklerine ha'r ta'repleme sıpatlamalar berildi. Basqa mistikalıq ta'liymatlar sıyaqlı sufiy

basıp wo’tiwi kerek bolg’an “du’nya gu’na’karlıg’ınan” pa’klenip, I’lahiyatqa jaqınlasıwına sebep bolatug’ın jol belgilep berildi. Bul jol “tariq” yag’nıy “ruwxıy jetilisiw jolı” dep ataladı.

Ta’sa’wwifte Allag’a jetisiw tek g’ana ju’zin ko’riw menen yemes, wog’an qosılıp ketiw menen bolıwı mu’mkin degen pikir I’lgeri su’rildi. İ’nsannın’ Quday menen birigip ketiwi haqqında I’deyalardı I’lgeri su’rip, “Anal-Haq” (Men – Haq, yag’nıy Qudayman) degen Mansur Hallaj sıyaqlı sufiylerdin’ wo’ltiriliwi bolsa basqa sufiylerdi sergeklikke – shariat sheginen shıqpastan ha’reket yetiwge ma’jbu’r yetti.

X a’sirdin’ aqırı XI a’sirde Tusiy (988-jılı qaytıs bolg’an), Kalabodiy (990 yaki 995-jılı qaytıs bolg’an), Abu Talib Makkiy (998-jılı qaytıs bolg’an), Suamiy (1021-jılı qaytıs bolg’an) sıyaqlı alımlar wo’z shıg’armalarında ta’sa’wwifke tiyisli bilimlerdi ta’rtipke saldı. Ta’sa’wwif ta’liymatının’ I’slamdag’ı bag’dar sıpatında ta’n alınıwında bolsa Abu Xamid G’azaliy (1111-jılı qaytıs bolg’an), Abdulqadir Jiloniy (1161-jılı qaytıs bolg’an) sıyaqlı ulamalardın’ xızmetleri u’lken boldı.

Sufizmdi ortodoksallıq I’slam menen “jarastırıwda” worta a’sirlerdegi filosof mistik a`l-G’azaliy (1058-1111) ko’rnekli worın tuttı. Wonın’ pikirinshe, haqıyqatlıq tek Quran menen sunnada, al adamlardın’ minez-qulqı Allanın’ qa’ha’rinen qorqıw ha`m qıyamet-qayımlı ku’tiwge g’ana qaratılg’an bolıwı tiyis. Wol ra`smiy qalam ta`repinen karamatlılıq (wa`liylik) Institutının’ ta`n alınıwına yeristi.

A`l-G’azaliydin’ ko’rsetiwinshe, ha`r murid yamasa da`rwish wo’z “janın pa`klew” ushın 9 basqıshtan wo’tiwi tiyis bolg’an. Biraq ko’pshilik supılıq birlespeler ushın bunday basqısh tiykarınan to’rtew: 1) **<u>shariyat,</u>** yag’nıy musılmanlıq nızamların buljıtpay worınlaw; 2) **<u>tariyxat</u>** – supılıq jolına tu’sip, bul du’nyanın’ mashqalasınan bas tartıp, wo’z yerkin wo’z pikirinin’ qarawına wo’tkeriw. Tariyxat basqıshında supılıq wa`siyat boyınsha “wo’lgen adamnın’ denesi wo’li juwg’ıshtın’ qolına qanday bolsa murid wo’z pirinin’ qolında sonday bolıwı sha`rt”; 3) **<u>mariyfat</u>** – qudaylıq shınlıqqa jetiw, wonnan “nurlanıw”. Bul basqıshta muridtin’ wo’zi murshidke (to’mengi basqıshtag’ılarg’a ustaz) aylanıp,

bul du'nyanı pu'tkilley umıtıp, Allanı awzınan tu'sirmey, turmıstag'ı barlıq jaqsılıq-jamanlıqlarg'a biypa`rwalıq penen qaraw; 4) **haqıyqat** – Quday menen birigiw. A`lbette "haqıyqat" basqıshına tek ataqlı pirler, I'yshanlar, sheyxlar g'ana jetedi, al qalg'an muridler, da`rwishler yaki supılar usı to'rtinshi basqıshqa jetiw ushın wo'mirin sarp yetiwi sha`rt dep yesaplag'an. X-XI a`sirlerde jazılg'an supılıq mazmundag'ı "İlim nurı" ("Nur a`lulum" degen kitapta da`rwish degenge mınaday minezleme berilgen: "Da`rwish – ju'reginde g'am-g'ılalıq joq adam. Wonın' tili bar, aytatug'ın pikir joq, ko'zi bar, hesh na`rseni ko'rmeydi, qulag'ı bar, hesh na`rse yesitpeydi, awqatlanadı, wonın' da`min bilmeydi, wonda ha`reket te, tınıshlıq ta, qapashılıq ta, quwanısh ta joq. Mine usı – da`rwish".)

XII a`sirdin' wortaları XIII a`sirdin' baslarında sufiyler sho'lkemlestirgen qa`lenderxana, da`rwishxanalarda, qalalarda ta`sa`wwif ag'ımları – tariqat (suluk)ları payda bola basladı. Bag'dadta payda bolg'an da`slepki suhravardiya ha`m qadiriya tariqatları pu'tkil musılman a`lemine tarqaldı.

Ha`r bir aymaqta wo'z aldına sufizmnin' tariqatları jergilikli wo'zgeshelikler, da`stu'rler ja`ne I'slamnan burıng'ı diniy ta`liymatlar ta`sirinde rawajlandı. Atap aytqanda, Hindistanda sufiylik ko'z-qaraslarının' rawajlanıwında (XIV-XVI a`sirler) buddizm ha`m hinduiylikke ta`n tu'sinikler wo'z ta`sirin wo'tkizgenin anıq ko'riw mu'mkin.

XII-XIII a`sirlerde İ'bn Arabiy ta`sa`wwif filosofiyasının' tiykarg'ı qag'ıydaların bayan yetip berdi. Wol "vahdatul-vujud" I'deyaın I'lgeri su'rdi. "Ka`mil I'nsan", "barlıqtın' birligi" (vahdatul-mavjud), "Absolyuttin' wo'zin ko'rsetiwi - jarqıraw" (tajalli) ha`m "nurlanıw" sıyaqlı I'deyalardı wortag'a qoydı.

Ta`sa`wwif I'deyaları ko'p sanlı poeziya shıg'armalarında da wo'z ko'rinisin taptı. Sufiylikke ta`n bayanlamalar, tımsallar ha`m temalar pu'tkil diniy ha`m du'nyalıq parsı poeziyasına (Jalaliddin Rumiy, Sanoiy, Sadiy, Amir Xısraw Dehleviy, Hafiz, Jamiy, Ansariy, Nizamiy ha`m t.b.) sonday-aq, belgili da`rejede arab poeziyasına sin'ip ketti. Tu'rkiy xalıqlardın' (birinshi gezekte Aliysher Nawayı), Balkan yarım atawı, Arqa Hindistan, İndoneziya musılmanları a`debiyatında ha`m xalıq awızeki do'retpelerinde de usınday jag'day ju'z berdi.

Bul ta`sa`wwiflik ta`sir qaraqalpaq woyshıllar-shayırları do'retpelerinde de ju'zege shıqtı.

Ta`sa`wwif da`slep mo'min-moyınsınıwshılıq ha`m du'nya g'alma-g'allarınan waz keshiwdi na`siyatlag'an bolsa, son'ınan wo'zinin' pu'tkil tariyxı dawamında bir neshe ret ko'terilis ha`reketlerinin' (Andalusiyadag'ı "muridler ko'terilisi" (XII a`sir), Anadulide sheyx Badriddin (1416-jılı o'ltirilgen) basshılıg'ındag'ı diniy-siyasiy ha`reket h.t.b.) keyinirek bolsa kolonializmge qarsı gu'res I'deologiyasına aylandı.

XIV a`sirge kelip ta`sa`wwifte du'nya ha`m aqıret I'slerin barabar alıp barıw lazımlıg'ı I'deyası alg'a qoyıldı. Bunı Woraylıq Aziyada ta`sa`wwiftin' rawajlanıwına wo'zinin' u'lken u'lesin qosqan Bahawaddin Naqshband ha`ziretlerinin' «Dil ba-ëru, dast ba-kor», yag'nıy «Kewlin' Allada, qolın' I'ste bolsın» degen uranında da ko'riw mu'mkin.

XV a`sirde ta`sa`wwifte ta`rkidu'nyashılıqtan wo'zgeshe, du'nya baylag'ına muxabbat qoymag'an halda ko'p mal-da`wletke I'ye bolıw tariqatta bolıwg'a zıyan bermeytug'ınlıg'ı tuwralı ta`liymat rawajlandı. Xoja Axrar Valiydin' «ta`rkidu'nyashılıq mal-mu'lk joqlıg'ında yemes, al kewilde Allanı tutıwda. Du'nyanı su'yetug'ın da`rwish, yeger ju'da` paqır bolsa da, zahid yemes. Ha`zireti Sulayman alayhissalamdı sonsha mal-mu'lki, patshalıg'ı menen birge ta`rkidu'nya I'yesi derler» degen so'zlerinde bunı anıq ko'riw mu'mkin.[1]

İ'slam dini Arabstan yarım atawınan shıg'ıp, basqa aymaqlarg'a, atap aytqanda, Xorasan ha`m Maveraunnaxrg'a kirgen waqıtta jergilikli xalıqlar ha`r tu'rli diniy I'senimlerge I'ye yedi. İ'slam tiykarg'ı u'stin dinge aylang'annan keyin jergilikli xalıq usı dindi qabıl yetiw menen birge zardushtiylik, xristianlıq, buddizm sıyaqlı a`welgi dinlerde bolg'an mal-du'nyag'a berilmew, qalıslıq, birewlerdin' kewline azar bermew, sadıqlıq, tolerantlıq, gumanizm sıyaqlı qa`siyetlerdi I'slamlıq ko'riniste saqlap qaldı.

[1] Қараң: Диний экстремизм ҳәм терроризмге қарсы гүрестиң руўхый-ағартыўшылық тийкарлары. Нөкис, "Билим", 2006, 36 бет.

Aymaqtın’ da`slepki I’slamlasıw da`wirinde musılmanlıqtı tek namaz woqıw yaki za`kat beriw sıyaqlı adamlardın’ sırtqı ha`reketlerine qarap belgilew jag’dayı ju’zege keldi. Tap usı da`wirde ta`sa`wwif wa`killeri bunday ju’zekilikke qarsı, dinnin’ tiykarg’ı maqseti – kewil pa`kligi, ıqlas ha`m ulıwma alg’anda, I’nsannın’ I’shki du’nyasının’ go’zzal bolıwın tu’siniliwi kerekligine I’tibar qarattı.

Sonı ayrıqsha atap wo’tiw worınlı, sufizmnin’ basqa g’a`rip puqaralarg’a ja`rdem beriw, tıq jerlerge suw aparıw, yelatlardı abat etiw I’deyaları ta`sa`wwiftin’ abıroyın ko’terdi.

Sufizm Worta Aziyag’a Xorasan (İran) arqalı wo’tken. Bul process Yusuf Xamadaniy (1048-1140) mektebinin’ jurtımızg’a keliwi menen baylanıslı boldı.[2]

Woraylıq Aziyada ta`sa`wwiftin’ 3 tariqatı qa`liplesken: **1. Yassawiya** – tiykarın salıwshı Xoja Axmed Yassawiy (1041-1166). Yassawiydin’ tiykarg’ı I’deyaları wonın’ «Devoni hikmet» shıg’armasında bayan yetilgen. Wonın’ pikirinshe du’nyanın’ jemislerin, I’ygiliklerin sorap yemes, haqıyqıy suwpı adam wo’mirin taat-ibadatta wo’tkeredi. Yassawiy ta`liymatı a`lbette, bul du’nyadan bet burmaydı, kerisinshe, wonda nadanlıq, na`psiqawlıq, mal-du’nyag’a umtılıw qusag’an I’lletler qaralanadı, wol I’nsanlardı bunday jaman sezimlerden awlaq bolıwg’a shaqıradı. Yassawiydin’ ataqlı sha`kirti jerlesimiz Ha`kim-ata Sulayman Baqırg’aniy wonın’ I’deyaların xalqımız sanasına jetkeriwde ullı rol atqarg’an. Keyinirek biz wolar tuwralı wo’z aldına so’z yetemiz.

**2. Kubraviya,** tiykarın salıwshı Shayx Najmiddin Kubra (1145-1221). Wol wo’z zamanının’ yen’ ullı ulaması bolg’an. Sonın’ ushın da Najmiddinnin’ juldızı. Kubra – ullılardın’ ullısı degen ataqlarg’a I’ye bolg’an. Wol ka’mil I’nsan mashqalasın wortag’a qoyg’an, wonın’ pikirinshe I’nsan go’zzal ha’m pa’k a’dep-ikramlılıq sezimlerge I’ye bolıwı lazım. Adam ruwxıy pa’skeshlikten, a’sirese, na’psi ba’lesinen wo’zi tıyıwı tiyis. Wonın’ wo’miri Watang’a shın berilgenliktin’ tımsalı bola aladı. Shayx Najmiddin Kubra 76 jasında mong’ollarg’a qarsı qolına qural alıp gu’resken. «Biz usı topıraqta tuwıldıq, usı topıraqta wo’lemiz», - dep sheyit bolg’an.

[2] Қараң: Ўзбекистонда ижтимоий-фалсафий фикрлар тарихидан. Т., “Ўзбекистон”, 1995, 103-114 бетлер.

**3. Naqshbandiya,** bul ag'ımnın' tiykarın salıwshı Bahawaddin Naqshband (1318-1389). Naqshbandiya sufiyları da'slep ta'rki du'nyalıq ha'm g'a'riplik, ba'rshe maqluqlarg'a muhabbat penen qaraw I'deyasın na'siyatlag'an ha'm sonday bolıp jasag'an, sonın' ala bulardın' I'deyasında wo'zgeris ju'z bergen. Haqqa yerisiw ushın ta'rki du'nyalıq yemes, al ja'miyetlik turmısqa belsene qatnasıw za'ru'r dep yesaplag'an. Naqshband «Kewlin' Allada, qolın jumısta bolsın» («dil ba yaru, da'st ba' kar») degen qag'ıydanı baslı worıng'a qoyıp na'siyatlag'an.

Ulıwmalastırıp aytatug'ın bolsaq, ta'sa'wwiftin' I'slam dereklerindegi tu'sindiriliwi to'mendegishe: geypara musılmanlar kalam ha'm logika I'limlerindegi tu'rli ko'rinistegi tartısıwlardan ha'm paydasız, qurg'aq ba'sekelerden wo'zlerin sırtqa tartıp, Allanın' muxabbatına yerisiw jolında zuxd (ta'rki du'nyashılıq) ha'm taqwanı (dinge ku'ta' berilgenlik) wo'zlerine ka'sip qılıp alg'an, mine usı adamlar sufiy dep atalg'an. İ'slam dininde birinshi sufiy atag'ın alg'an Abu Xashim a't-Shamiy (776/777-jılı wo'lgen), ta'sa'wwifke birinshi ret tu'sinik bergen Zunnun a'l-Misriy (865/870-jılı wo'lgen), birinshi ma'rtebe minberde turıp, adamlardı ta'sa'wwifke shaqırg'an Abu Ba'kir al-Shibliy (945/946-jılı wo'lgen) bolıp yesaplanadı. Hayallardan shıqqan birinshi sufiy bolg'an adam joqarıda atı atalg'an Ra'biya a'l-A'laviya bolıp tabıladı.

İ'slam dinin I'badat yetiwshi xalıqlar arasında sufizm ta'liymatı, wonın' tariqatları teren'nen sin'isip ketken. Shıg'ıs ma'deniyatının' barlıq tarawlarında ta'sa'wwif filosofiyası ta'siri ko'rinip turadı. A'sirese, Shıg'ıs poeziyasında wol teren'nen worın alg'an. Bug'an Abduraxman Jamiy, Alisher Nawayı, Maqtumqulı, Berdaq, A'jiniyazlardın' sufiy-shayırlıq do'retpelerin aytıp wo'tiwdin' wo'zi jetkilikli.

## 2-bap. Sufizm (ta'sa'wwif)tin' Qubla Aral boyı xalıqları arasında yen jayıwı ha'm jan'a basqıshlarg'a ko'teriliwi.

### § 2.1. İ'slam dininin' ha'm ta'sa'wwif filosofiyasının' qaraqalpaqlar arasına taralıw problemması.

Arablar Woraylıq Aziyag'a basıp kirgen da'wirlerde, yag'nıy VII a'sirdin' bas gezinde bul jerde yele wo'zbek, tu'rkmen, qırg'ız, qaraqalpaq dep atalg'an yetnoslar wo'z aldına usınday atamag'a I'ye qa'liplespegen yedi. Turan jurtında a'yyemnen jasap kiyatırg'an xalıqlar Shıg'ıstan basıp kirgen tu'rkiy qa'wimler menen aralasıwı na'tiyjesinde X-XII a'sirlerde Maveraunnaxr territoriyasında wo'zbekler dep atalatug'ın tu'rkiy tilde so'yleytug'ın xalıq qa'liplesti.[1] S.P.Tolstov, P.P.İvanov, T.A.Jdanko, S.K.Kamalov, M.K.Nurmuxammedov, X.E.Yesbergenov ha'm basqa I'limpazlardın' pikirleri boyınsha qaraqalpaqlardın' da xalıq bolıp birigiwi usı da'wirlerge tuwra keledi.

Ko'p jıllar dawamında qaraqalpaqlar basqa jaqlardan Xorezm alabına ko'ship kelgen degen pikir alımlar arasında tarqalg'an yedi. Wotken a'sir wortalarında alıp barılg'an tariyxıy, yetnografiyalıq I'zertlewler qaraqalpaqlardın' xalıq bolıp qa'liplesiwinin' da'slepki basqıshı Aral ten'izinin' jag'alawında yag'nıy Xorezm a'tirapında bolg'anlıg'ın biykarlap bolmas da'rejede da'lilledi. Bul haqqında ataqlı alımlar pikirine I'tibar qaratsaq, burıng'ı awqamnın' I'limler akademiyasının' xabarshı ag'zası S.P.Tolstov "Qaraqalpaqlar yetnogenezinin' yen' tiykarg'ı yetnikalıq yadrosı IX-XI a'sirlerde du'zilgen pecheneg qa'wimlerinin' birlespesi bolg'an",[2] al professor İ'vanovtın' aytıwınsha "qalpaq" degen yetnikalıq atama XI a'sirde-aq Xorezmge sıbaylas territoriyada payda bolg'an.[3] Qaraqalpaqlar tariyxı boyınsha ataqlı I'limpaz professor T.A.Jdankonın' pikiri to'mendegishe: "Yetnografiyalıq materiallardı I'zertlew wo'zbeklerdin' (arallı) bir bo'legi, tu'rkmenler ha'm qazaqlardın' geypara toparları sıyaqlı qaraqalpaqlardın' tiykarınan Aral ten'izi a'tirapında qa'lipleskenligi dawsız yekenligin ko'rsetedi.

---

[1] История Узбекистана. I том. Т., "ФАН", 1967, 680-бет.
[2] Қарақалпақстан АССР тарийхы. I том. Нөкис., 1975, 131-бет.
[3] История Узбекистана. I том. Т., "ФАН", 1967, 688-бет.

Bul haqqında, wo'zlerinin' a'yyemgi ha'm worta a'sirlik ata-babalarınan miyras bolıp qalg'an qaraqalpaqlarg'a ta'n kompleksli xojalıq tipii ha'm yarım wotırıqshılıq turmıs kelbeti ku'ta' I'senimli da'lilleme beredi".[1] Demek, qaraqalpaqlar Qubla Aral boylarında, Xorezmde qa'liplesken, jasag'an, usı jerde wonın' turmıs ta'rzi ha'm diniy I'senimleri qa'liplesken. Ha'rqıylı social-yekonomikalıq ha'm siyasiy sebepler menen Shıg'ıstan Batısqa, Volga boylarına ko'shken, son'ınan wo'zlerinin' da'slepki jasag'an ana jurtına qaytıp kelgen. Basqasha ga'p bolıwı mu'mkin yemes.

XVI a'sirde ha'm XVII a'sirdin' baslarında qaraqalpaqlar Sırda'ryanın' to'mengi bo'leginde, Tu'rkstan ha'm Merke qalalarının' aralıg'ında jasag'an. A'weli Buxara xanlıg'ına, al XVIII a'sirde qazaq xanlarına bag'ıng'an. 1723-jılg'ı jung'arlardın' shabılıwınan son', qaraqalpaqlar basqa ta'replerge ko'shiwge ma'jbu'r boldı. "Joqarg'ı" qaraqalpaqlar Sırda'ryanın' joqarıg'ı ag'ısı ta'repine ketti, al "to'mengi" qaraqalpaqlar XVIII a'sirdin' wortalarında A'miwda'ryanın' to'mengi ag'ısı ta'repke keldi ha'm XIX a'sirdin' baslarında Xiywa xanlıg'ının' quramına kiritildi.

Biz bul tariyxıy yekskurstı jasag'anımızda bir na'rseni ayqın ko'rsetiwdi maqset yetip qoydıq: qaraqalpaqlar jasag'an ha'm xalıq bolıp jasag'an Aral boyına da, son'ınan ko'ship barg'an ma'kanlarg'a da arablar barg'an yemes, I'slam dinin ku'sh penen kiritken yemes.

Qaraqalpaq arasında I'slamg'a shekem a'yyemgi urıwlıq-qa'wimlik dinler fetishizm, totemizm, animizm ha'm magiya ken'nen worın alg'an, wonın' qaldıqları I'slam qabıl yetilgennen keyin de saqlanıp qalg'an. Qaraqalpaqlardın' uzaq da'wir zardushtiylik diniy I'senimi menen jasag'anlıg'ın da'lilleytug'ın materiallar da wog'ada ko'p. İ'slamg'a shekem qaraqalpaqlar arasındag'ı diniy I'senimnin' ayrıqsha forması bolg'an shamanizm, wonın' bizin' aymag'ımızdag'ı ko'rinisi parxanshılıq ken'nen taralg'an. Wol da'slep I'slam ta'repinen quwdalansa

---

[1] Жданко Т.А. Проблема этногенезы каракалпаков. "Краткое сообщения института этнографии". Вып. XXXVI, 1962, 8-бет.

da, sonın' ala musılmanshılıq I'deyalarınan sheber paydalanıp wo'tken XX a'sirdin' aqırlarına shekem saqlang'an.

İ'slam dini ha'm sufizm qashan qaraqalpaqlar arasına qalay taradı? – degen sorawg'a bir so'z benen mınaw jılı yakiy mına a'sirde, dep juwap beriw qıyın. Bul uzaq dawam yetken process bolg'an, ha'rqıylı ma'kanda jasag'an qaraqalpaq xalqının' urıw ha'm qa'wimleri tu'rli da'wirlerde I'slamdı qabıl yetken, desek durıs aytqan bolamız. Ma'selen, Volga a'tirapında jasag'an qaraqalpaqlar bul dindi I'slam Bulgar xanlıg'ının' ra'smiy dinine aynalg'an X a'sirde qabıl yetken bolıwı mu'mkin.[1] Al, S.P.Tolstov ha'm T.A.Jdankonın' ko'rsetiwlerinshe, qaraqalpaqlardın' qanlı urıwı A'miwda'ryanın' to'mengi alabında a'yyemgi zamanlardan jasap kelgen, wolar XII-XIII a'sirlerde I'slam dinine wo'tken.[2] XVIII a'sirlerge kelip I'slam qaraqalpaqlar arasında baslı I'deologiyag'a aylandı, al musılman ruwxanıyları adamlardın' I'nsanpa'rwarlıq du'nyag'a ko'z-qarasın qa'liplestiriwshi qu'diretli ku'sh sıpatında ju'zege shıg'a basladı. İ'slam menen birge wondag'ı sufizm (ta'sa'wwif)te qaraqalpaqlar ulıwma Qubla Aral boyı xalıqları arasında ken'nen taraldı.

Atap aytqanda, qaraqalpaqlar arasında sufizmnin' iyshanshılıq, darvishizm ko'rinisi yen jaydı, I'yshanlıq woraylar qa'liplesti. "İ'yshan darvishizmnin' wa'kili ha'm joqarı da'rejeli musılman ruwxanıylarına jatadı. XIX a'sirde qaraqalpaq jag'dayında I'yshanlardın' xalıqqa ta'siri wog'ada ku'shli bolg'an… Ha'rbir iyshannın' qarawında meshiti ha'm wonda birneshe molla bolg'an. İyshannın' doxodının' ja'ne bir bo'legi wog'an shın berilgen adamları ta'repinen yag'nıy Suwpılar ta'repinen toplang'an. Ha'rbir I'yshannın' 40-50 Suwpısı bolg'an. Wolar… iyshannın' bergen u'git-na'siyatların xalıq wortasında taratıp miynetkeshlerdin' de bir qatarın zıyaratqa alıp kelip turg'an".[1]

Solay yetip, qaraqalpaqlar arasında I'slam dininin' ha'm ta'sa'wwif ta'liymatlarının' taralıwı, wonın' qashan ha'm qanday usıllar menen taralg'anlıg'ı

---

[1] Изимбетов Т. Ислам дининиң генезиси ҳәм эволюциясы. Нөкис, "Қарақалпақстан", 1995, 123-бет.
[2] Қараң: Есбергенов Х. Қалмақ қала қарақалпақлардың әййемги қоныcларының бири. Вестник ККФАН УзССР, 1984, №2, 64-бет.
[1] Камалов С. Қарақалпақлардың XIX әсирдеги Хийўа ханларына қарсы азатлық гүреслери. Нөкис, Қарақалпақ мәмлекетлик баспасы, 47-48-бетлер.

haqqında ma'selege ja'ne de anıqlıq kirgizetug'ın bolsaq, qaraqalpaqlar arablar Woraylıq Aziyag'a basıp kirgen da'slepki da'wirlerde (705-715 jj.) Aral ten'izinin' boylarında jasag'an, wonnan keyingi a'sirlerde Volga a'tirapında wo'mir su'rgen, al bul jerlerge arablar barmag'an ko'pshilik alımlar Turan jurtının' Maveunnaxrdan basqa jerlerine, atap aytqanda, Arqa-Shıg'ıs, Shıg'ıs-Arqa, Batıs, Batıs-Arqa regionlarına I'slam dini ıqtıyarlı tu'rde, qılısh-qural menen yemes, ba'lki u'git-na'siyat ha'm I'senimli tu'sindiriwler ku'shi menen kirgenligin atap ko'rsetedi. Bul pikir tolıg'ı menen Qubla Aral boylarına, qaraqalpaqlar jasag'an aymaqlarg'a da tiyisli. Bul proceste musılman ruwxanıylarının' missionerlik is-ha'reketi ha'm I'slam dinindegi, sonın' I'shinde arabstanlı sawdagerlerinin' u'git-na'siyatları u'lken a'hmiyetke I'ye bolg'an. İ'slamiy ulıwmainsanıy principlerdin' xalqımızdın' du'nyag'a ko'z-qarasına mas keliwi, ata-babalarımızdın' «Ta'n'ri» tu'sinigi menen I'slamdag'ı «Alla» tu'siniginin' wog'ada jaqın bolıwı ha'm tag'ı basqalar I'slam dininin' qaraqalpaqlar ta'repinen qabıl yetiliwine sebep bolg'anlıg'ı dawsız. Jurtımızg'a I'slamnın' sunnizm bag'darının' xanafiya mazhabının' keliwi, wonın' a'zelden kiyatırg'an u'rp-a'detlerdi ha'm geypara ma'resimlerdi wo'tkeriwge jol qoyatug'ınlıg'ı da xalqımız arasında I'slamnın' ken'nen qulash jayıwına ta'sir yetti. Sonday-aq, xalqımızdın' a'yyemgi dini bolg'an zardushtiyliktin' bir qansha I'deyalarının' (Qudaydın' jalg'ız yekenligi, beyish, aqırzaman, qıl ko'pir tuwralı tu'sinikler, jaqsılıqtın' ardaqlanıwı, jamanlıq I'yesinin' jazalanıwı h.t.b. pikirlerdin') I'slamda da na'siyatlanıwı wog'an I'senimnin' qa'liplesiwinde unamlı rol atqardı.

Qaraqalpaqlardın' Sırda'rya, tiykarınan A'miwda'ryanın' quyar bo'legine kelgennen keyin I'slamdı qabıl yetiwi jedellesken. İ'slamnın' keliwi menen meshit ha'm medreseler qurıldı, xalıq arasına I'slamnın' tiykarg'ı derekleri bolg'an Quranı Ka'rim ha'm Ha'disler, ullı ulamalar Xoja Axmed Yassawiy, Bahawaddin Naqshband, Shayx Najmiddin Kubra (wonı bizin' jurtta a'piwayı xalıq Shi Ka'br ata dep atag'an), Suwpı Allayar, Ha'kim-ata Sulayman Baqırg'aniy shıg'armaları ken'nen tarala basladı. İ'slam dini menen birge jurtımızg'a arab jazıw-sızıwı, xalıqaralıq qatnas tiline aynalg'an arab tili keldi. İ'slam ta'liymatın taratıwda bul

dinde qa'liplesken woqıw sisteması, atap aytqanda mektep ha'm medreseler, wolarda ta'lim alg'an molla ha'm axunlar sheshiwshi xızmet atqarg'an.

Jergilikli xalıqtı musılmanlastırıwda arablardın' aymag'ımızda basqarıw worganlarının' roli wo'z-wo'zinen tu'sinikli. Al arablardın' da'slepki nayıbı, yag'nıy xalifattın' usı jerlerdegi I'slerdi basqarıwshısı Mizdaqxanda (ha'zirgi Xojelide) bolg'anlıg'ının' wo'zi aymag'ımızdı I'slamlastırıwg'a arablardın' qanshelli a'hmiyet bergenliginen derek beredi.

Arablar kelgennen keyin baslawısh diniy bilim beretug'ın mektepler, son'ınan wonnan go're teren' bilim beretug'ın medreseler payda bola basladı. «Mektep» so'zi arabshadan awdarg'anda «jazıw wornı», «jazıwg'a u'yretetug'ın worın» degendi an'latadı. Mekteplerdin' da'slep Quranı Ka'rimnin' jetiden bir bo'legi dep esaplanatug'ın «Xaftyak», «Char kitap» oqıtılg'an. Yekinshi basqıshta, Suwpı Allayar, Alisher Nawayı, Fizuliy, Xafiz shıg'armaları u'yrenilgen. Ha'rbir meshit-qa'wimde yaki awılda mektep bolg'an. «Tariyxıy derekler boyınsha 1873-jılg'a shekem A'miwda'rya bo'liminde 605 mektep (meshit-medreseler) bolıp, wonda 8024 yer bala, 3133 qız bala woqıg'an».[1] Qaraqalpaqlarda qızlar ha'm yer ballar birgelikte woqıg'anlıg'ı menen bul mektepler basqa musılman aymaqlarındag'ı mekteplerden ajıralıp turg'an.

«Medrese» so'zi arabshadan awdarg'anda «u'yrenetug'ın, I'zertleytug'ın worın» degen ma'nisti an'latadı. Da'slepki medreseler belgili meshitlerdin' negizinde sho'lkemlestirilgen, sonlıqtan da Qaraqalpaqstanda ko'binese «meshit-medrese» tu'sinigi qollanılg'an. Yen' da'slepki medreselerden Xojelidegi Xalifa Yerejep (XI-XIII a'sirler), Beruniydegi Qıyatqaladag'ı (XII-XIII a'sirler), Yelliqqaladag'ı Qabatqaladag'ı (XII-XIII a'sirler), Qon'ırattag'ı Da'wkesgen qaladag'ı (XIV-XVI a'sirler) medreselerdi ayrıqsha atap wo'tiwge boladı. Wolardın' ko'pshiligin mong'wol basqınshıları wayran yetken. Wol da'wirden qalg'an Qon'ırattag'ı Da'wkesgendegi meshit-medresenin' qurılısları birge yestelik bolıp yelege shekem saqlang'an. Qaraqalpaqstandag'ı medreselerdin' sanı tuwralı ha'r qıylı pikirler bar. Son'g'ı I'limiy I'zertlewler boyınsha ha'zirgi

---

[1] Хожаниязов Ғ., Юсупов О. Қарақалпақстандағы муқаддес орынлар. Нөкис, 1994, 18-бет.

Qaraqalpaqstan Respublikası aymag'ında XX a'sirdin' bas gezinde 70ke jaqıg medreseler I'slep turg'an. Bir g'ana patsha Rossiyasının' qaramag'ındag'ı A'miwda'rya bo'liminde 1895-1896-jılları 58 medrese bolg'an, al A'miwda'ryanın' shep ta'repinde Xiywa xanlıg'ına qaraslı jerlerde wonlag'an medreseler ha'reket yetken.[1] Medreselerde arab tilinin' grammatikası, I'slam fiqxi (huqıqı), shariatqa tiyisli shıg'armalar, geypara diniy tariyxıy ha'm du'nyalıq-ilimiy mazmundag'ı kitaplar u'yrenilgen. Qaraqalpaqstandag'ı XIX a'sirdegi yen' iri medreselerden Qaraqum I'yshan medresesi (ha'zirgi Shımbay rayonında jaylasqan), «Tas medresesi» (A'miwda'rya rayonındag'ı Shılpıq janında), İ'yshan qala (Kegeyli rayonında), Prim iyshan (Xojeli rayonında) ha'm basqalardı ayrıqsha atap ko'rsetip wo'tiw worınlı.

Qaraqum I'yshan medresesi Qutlı Xoja Aziz ta'repinen saldırılg'an, wol zamanasının' bilimdan ulaması bolg'an. Wol qurdırg'an meshit-medrese qum u'stine qurılg'anlıqtan Qutlı Xoja ha'm wonın' a'wladları qaraqum iyshanlar, al wonın' medresesi «Qaraqum I'yshan» medresesi dep atalıp ketken. Meshit-medresede 300 ge shamalas wo'jireler, da'risxana ha'm kitapxanalar bolg'an. Medresede diniy bilimler menen bir qatarda ayrım du'nyalıq bilimler de u'yretilgen, medresenin' bibliotekası wog'ada bay bolıp, wonda Quranı Ka'rim, payg'ambarımız ha'disleri, Xoja Axmed Yassawiy, Suwpı Allayar, Alisher Nawayı, Bedil, Xoja Xafiz ha'm t.b. shıg'armaları, Qıssasul, Anbiya, Qıssasul Rabg'uziy usag'an ko'plegen shıg'armalar bolg'an. Biraq bul kitaplar suw alıwlar ha'm sovet ha'kimyatının' I'slamg'a qarsı ju'rgizgen siyasatı na'tiyjesinde joq bolıp ketken. Bul medresede qon'sılas xalıqlardın' (wo'zbek, qazaq, tu'rkmen) wa'killeri de kelip woqıg'an. Qaraqum I'yshan medresesi jurtımızdın' ma'nawiyatın rawajlandırıwda u'lken worın bar. Ma'nawiyat worayı bolg'an usı jerde Berdaq babamızdın' woqıg'anlıg'ı ha'm Qaraqum I'yshang'a Suwpı bolg'anının' wo'zi bul medresenin' ja'miyetimiz turmısındag'ı wornın ko'rsetedi dep woylaymız.

[1] Каримбаев М. Медресе в Каракалпакии XIX начала XX веков. Н., "Билим", 2002, 18-бет.

Qaraqalpaqlar arasında I'slamiy bilimlerdi taratıwda, xalqımızdın' ulıwma ruwxıy ma'deniyatın rawajlandırıwda «İyshan qala» dep at alg'an ha'zirgi Kegeyli rayonı aymag'ında Qumo'zek degen jerde payda bolg'an ma'deniy-ag'artıwshılıq woray u'lken a'hmiyetke iye boldı. Wonın' payda bolıwında İ'mam iyshan a'wladlarınan bolg'an Atag'ulla iyshan tiykarg'ı rol atqarg'an. Bul jerde u'lken woqıw-ta'rbiya kompleksi payda bolg'an, ha'zirde wolardan qalg'an 40 tan aslam wo'jireler saqlanıp turıptı. Bul jerdegi meshit-medreseden ataqlı iyshan ulamalar, zıyalı mollalar jetilisip shıqqan.

Qaraqum I'yshan, İ'yshan qala ha'm basqada ko'plegen medreselerdegi talabalarg'a bilim beriwshiler wo'z zamanının' yen' sawatlı adamları bolg'an. Wolardın' ko'bisi Xiywa, Buxara, ha'tte Stambul ha'm Mekke medreselerin woqıp pitkergen, jetik diniy bilim menen bir qatarda du'nyalıq I'limler (astronomiya, ta'biyattanıw, medicina h.t.b.) boyınshada sawatı bolg'an.

İ'slam dininin' keliwi menen qaraqalpaqlar arasında taralg'an arab tilindegi kitaplar tiykarınan arab tilinde jazılg'an diniy mazmundag'ı shıg'armalar yedi. Sonday-aq, I'limiy, ko'rkem a'debiyatlar yedi.

Bul tuwralı belgili alım Husniddin Xamidov bılay dep jazadı: "Qaraqalpaq arasında taralg'an arab tilindegi kitaplardı ko'zden keshirgenimizde mınaday kartinanı ko'remiz. Bul kitaplardın' negizgi bo'legin diniy mazmundag'ı a'debiyat quraydı. Yekinshi toparın, I'limiy xarakterdegi a'debiyat, al u'shinshi kishkene bo'legin I'deyası boyınsha ha'r tu'rli bag'ıttag'ı ko'rkem a'debiy shıg'armalar quraydı".[1]

Wolar tiykarınan Quranı Ka'rim ha'm wog'an jazılg'an tu'sindirmeler (tafsirler), I'slam huqıqı boyınsha kitaplar, I'lahiyat I'limi boyınsha shıg'armalar yedi. Atap aytqanda, qaraqalpaqlar arasında "Muxtasar" ("Qısqa bayanlama"), "Hidaya" ("Qollanba") kitapları taralg'an. Wonın' avtorı Burxaniddin Marg'inaniy, wol wo'z kitabında sunnizmnin' xanafiya mazhabının' huqıqıy normaların (fiqxtı) bayan yetken. Qaraqalpaqlar arasında sufizmnin' ataqlı wa'killeri Nasafiy, İ'mam al-G'azaliydin' I'lmi kalom – I'slam I'lahiyatı boyınsha

[1] Ҳамидов Ҳ. Шығыс тиллердеги жазба дереклер. Нөкис, "Билим", 24-бет.

shıg'armaları, İ'mam Buxariy, İmam Termiziy, A'bul Lays Samarqandiyler toplag'an Ha'disleri taralg'an.

Joqarıda arab tilindegi I'limiy kitaplar tiykarınan arab grammatikası, leksikası boyınsha edi.

Qaraqalpaq zıyalılarının' qa'liplesiwine ta'sir yetken farsı tilinde jazılg'an kitaplardan Faxriddin Attardın' "Pandu naması"n wo'z ishine alatug'ın "Char kitap" sawat ashıw mekteplerinde woqıtılg'an. XIX a'sirde bul mekteplerde altı kitap woqıtılıp, wolardın' u'shewi tu'rkiy tilde, u'shewi farsı tilinde bolıp, wolar aralas u'yrenilgen. Bular mınalar yedi: 1. Suwpı Allayar. 2. Char kitob. 3. Nawayı. 4. Fizuliy. 5. Xafiz. 6. Bedil. Berdaq "Char kitaptan tura qashtım" degende wonı u'yreniwdin' wog'ada qıyınshılıg'ın aytpaqshı bolg'an, a'lbette wog'an qarsı yemes, wodan bezgen yemes. Ta'sa'wwif I'liminin' sultanlarınan biri Suwpı Allayar farsı ha'm tu'rkiy tillerde jazg'an. Qaraqalpaqlar arasında fars tilindegi Suwpı Allayardın' "Muradil arifiyn" ("Haqtı tanıwshılardın' muradı"), "Ma'sla'kil muttaqiyn" ("Taqwalar jolı"), Muxammad Mudjir Wajibtin' "Miftahil-janan" ("Ja'nnettin' gilti"), "Lug'ati salas" ("U'sh til so'zligi"), "A'wel ilim" ("İlimnin' bası"), "Bidan" ("Bil"), "İlmi aruz" ("Aruz ilimi"), "Yusip-Zulayxa", "Xatamnama" ha'm tag'ı basqa kitaplardın' taralg'anın aytıw mu'mkin. Sonday-aq, qaraqalpaq arasında matematikag'a tiyisli Bahawaddin a'l-Amuliydin' "Xulasatil-xisob" ("Yesap I'liminin' juwmaqları") atlı kitap taralg'an. İ'limnin' basqa salalarına, ma'selen, geografiyag'a, medicinag'a, astronomiya, botanikag'a tiyisli kitaplar da sawatqanlardın' qolında bolg'an.

Qaraqalpaqlar arasında ken'nen worın alg'an tu'rkiy tildegi kitaplardan Quranı Ka'rimnin' bir bo'leginin' tafsiri bolg'an "Xaftyak", Ha'disler "Miftahil janan", "Misbahil anwar", "Qırıq ha'diyse", Nasriddin Rabg'uziydin' "Qıssasul anbiya", "Xoja Axmed Yassawiy hikmetleri", "Suwpı Allayar" basqalardı ko'rsetiw mu'mkin. Suwpı Allayar kitabı avtordın' wo'z ta'repinen "Subatil a'jiyziyn" farsshadan tu'rk tiline awdarılg'an.

Bunday a'debiyat ha'm I'lim-pa'nge tiyisli shıg'armalardı wo'zlestirgen qaraqalpaq woyshılları zamanının' aldın'g'ı qatar zıyalıları bolg'an.

Wolar I'slamdı, ta'sa'wwif I'deyaların qabıl yetken, wolardın' a'debiy ha'm ma'deniy ken'isligi wog'ada bay bolg'an. Bul tuwralı bizge joqarıdag'ı faktler mag'lıwmat bere aladı. H.Hamidovtın' mına so'zleri ayrıqsha dıqqatqa I'layıq: "Atalg'an I'limiy shıg'armalar menen birge worta a'sirlerdegi ullı alım İbn Sinanın' "Kitob-a't taqsiym fi uluwm-il-aqliyya'" ("İntellektuallıq I'limlerdin' klassifikatsiyası") dep atalg'an arab tilinde jazılg'an kishkene ko'lemdegi I'limiy miynettin' de qaraqalpaq kitapxanalarının' kitap tekshelerinen worın alg'an".[1] Bul tastıyıqlaw biz aytıp wotırg'an pikirdin' durıslıg'ın ja'ne bir ma'rte da'lilleydi.

Demek, joqarıdag'ı kitaplar menen qaraqalpaq woyshılları, shayırları tanıs bolg'an, wolardı teren' u'yrengen. Bunı Ku'nxoja, A'jiniyaz, Berdaq, Wo'tesh shıg'armalarınan anıq an'g'arıwg'a boladı. Ku'nxoja "A'rmanda", "Yel menen" qosıqlarında "Maqtımqulı mag'rıptay aldın'dı bolja" dep wonın' I'smin wo'zinin' ruwxıy ustazı sıpatında bahalaydı. Ma'selen, A'jiniyaz shayır "Na'siyat" atlı qosıg'ında adamlardı biyma'ni ga'plerdi kiyip, Quran ayatların, payg'ambarımız ha'dislerin u'yreniwge shaqıradı:

"Patsha bolsan' a'dilden qoy qazını,
Puqaranın' qısh a'yla'ma' yazını.
So'zla' Haqtın' ayyat, ha'dis so'zini,
Biymani so'zlerni aytman' yaran'lar"

Berdaq babamızdın' "İ'zler yedim" shıg'armasında XIX a'sirde qaraqalpaq medreselerinde woqıtılg'an I'limiy, a'debiy kitaplar haqqında anıq mag'lıwmat beredi. Wolardı dıqqat penen u'yrenetug'ın bolsaq, bular ta'sa'wwif (sufizm) ta'liymatanın' alımları yekenin ko'remiz. "İ'zler yedim" shıg'armasında Berdaq:

Bedil, Attarı, Bidandı,
Ta'kirarlap atırdım tan'dı,
Zaman qıynap tur adamdı,

---

[1] Ҳамидов Ҳ. Шығыс тиллердеги жазба дереклер. Нөкис, "Билим", 31-бет.

«Hidaya»nı I’zler yedim.

Bir sebepker jalg’ız Alla,
Ferdawsiydey dana barma?
Tu’sindirer «Sha’rhi molla»,
Men alımlıq I’zler yedim.[1]

– degende wol wo’zi ha’m zamanlasları woqıg’an, I’lim du’nyasının’ jalpı kartinasın sızıp beredi. Usı mag’lıwmatlar arqalı Berdaq wo’zinin’ ha’m wo’zindey sol zamannın’ aldın’g’ı qatardag’ı wa’killeri bolg’an qaraqalpaq shayırlarının’ bilim da’rejesin, I’slam ha’m ta’sa’wwif I’deyaların teren’ bilgenin ha’m wog’an a’mel qılg’anın, du’nyag’a ko’zqarasının’ derekli yekenin, qaraqalpaq xalqının’ aldın’g’ı qatar woyshıllarının’ Shıg’ıs xalıqlarının’ ma’deniyatı ha’m a’debiyatı menen tanıs yekenin, xalqımızdın’ basqalar menen ma’deniy qatnaslarının’ ku’shli yekenin ko’rsetedi.

XX a’sirdin’ bas gezinde Qaraqalpaqstanda qa’liplesken joqarı bilimli kadrlardı sol da’wirdegi medreseler tayarlap bergen. Wolardın’ I’shinde Qasım A’wezov, Abbaz Dabılov, Seyfulg’abit Ma’jitov, Abdiraman Wo’tepov usag’an zıyalılardın’ da bar yekenligin aytıp wo’tiw worınlı. İ’slamiy mektep-medreseler Qaraqalpaqstanda 1928-1929-jıllarg’a shekem iskerlik ju’ritip, xalqımız arasında I’nsanpa’rwar xalqımızdı mın’ jıllar dawamında tuwrı jolg’a baslap kelgen I’slam ta’liymatı adamlarımızdın’ qa’lbine ha’m sanasına jetkeriwde u’lken rol atqarg’an.

XX a’sirdin’ 30-jılları baslang’an massalıq repressiya ju’ritiw siyasatı ba’rinen burın I’slam ulamalarına, diniy woqıw worınlarına qarsı qaratıldı. Meshitler, diniy mektep ha’m medreseler jabıldı, wolardag’ı bay kitapxanalar joq yetildi. Ma’selen, Xojelidegi Tas medrese buzıp taslandı, wonın’ materialları basqa qurılıslarg’a paydalanıldı. Massalıq tu’rde 1929-1937-jılları derlik barlıq ulamalar repressiya qurbanı boldı. Bul is ha’tte 50-jılları da dawam yetti. Ma’selen, solardan biri, xalqımızdın’ ardaqlı perzenti Sa’lmen iyshan Kamalov 1952-jılı “xalıq

[1] Бердақ. Сайланды шығармалар. Нөкис.

dushpanı" sıpatında ayıplanıp qamaldı, tu'rmede qaytıs boldı. Wol jerlengen worın bu'gingi ku'nde xalqımız ta'repinen muqaddes worıng'a aylandırılg'an.[1] G'a'rezsizlikke yeriskennen keyin jurtımızda I'slam dinine mu'na'sibet pu'tkilley wo'zgerdi, wonın' ja'miyettegi haqıyqıy wornı ta'n alındı. Jazıqsız, worınsız, nadurıs repressiyag'a ushırag'anlar aqlandı. Qaraqalpaqstan Respublikası Konstituciyası ha'm nızamlarda puqaralarg'a hu'jdan yerkinligi ta'miyinlenetug'ınlıg'ı belgilep qoyıldı.

[1] Толығырақ қараң: Қарақалпақстан XIX әсирдиң екинши ярымынан XXI әсирге шекем. Нөкис, "Қарақалпақстан", 2003, 136-147, 369-370-бетлер; К.Наимов, Ғ.Хожаниязов. Имам ийшан – қарақалпақ халқының уллы уламасы ҳәм ағартыўшы тулғасы. Нөкис, "Қарақалпақстан", 2005.

## § 2.2. Xoja Axmed Yassawiy – tu'rkiy xalıqlardın' ruwxıy piri, yassawiya tariqatının' do'retiwshisi.

Wonın' yen' belgili tiykarg'ı shıg'arması "Diywanı hikmet" ("Danalıq kitabı") tu'rk tilles xalıqlardın' XII a'sirdegi a'debiy miyraslarınan biri bolıp yesaplanadı. Xoja Axmed Yassawiy bul kitaptı xalqımızg'a tu'sinikli wog'uz-qıpshaq tilinin' ta'sirinde jazg'an. Kitap Tu'rkstanda jazılg'an, son'ın ala qıpshaq dalasına ken' tarqalıp ketken. Xoja Axmed Yassawiy İspidjab (Sayram) qalasında tuwılg'an. Qaysı jılı tuwılg'anlıg'ı ma'lim yemes. Al 1166-jılı Tu'rkstan qalasında qaytıs bolg'anlıg'ı belgili. Ayrım avtorlar wonı 63 jıl jasag'an dese, geyparaları wonnan ko'birek jasag'an deydi. Ma'selen, Xamidjan Xamidiy bılay dep jazadı: "Ra'wayatlarg'a qarag'anda Axmed Yassawiy 63 jasqa, yag'nıy payg'ambar jasına jetken son', jer astına jer to'lege kirip, wo'mirin taat-ibadatta, Quday jolına bag'ısh yetip, 125 ha'm 133 jasında 1166-1167 jıllar arasında qaytıs bolg'an".[1] Arab, parsı ha'm tu'rkiy tilin jaqsı bilgen. U'lken shayırlıq talantı da bolg'an. Wol wo'z talantın Worta Aziyada sufizm I'deyaların tarqatıw, xalqımızdı bilimli qılıwg'a jumsag'an.

Yassawiydin' tu'sinigi boyınsha adamlar bul du'nyada wo'zin yerkin dep yesaplaydı. Gu'namdı hesh kim bilmeydi dep ko'p qa'teliklerge jol qoyadı. Biraq Alla taalanın' wolardın' u'stinen gu'zetip turg'anlıg'ınan hesh qanday xabarı joq. Sonın' ushın da bul du'nya adamzattı qadag'alaw du'nyası. Ha'r qanday adam yekinshi du'nya yesigine barg'anda wo'zi I'slegen I'sleri haqqında juwap beredi, - dep yesaplaydı.

"Diywanı hikmet" pu'tkilley usı I'deyanı tarqatıwg'a qaratılg'an. Bul shıg'arma XV a'sirde arab I'mlası menen ko'shirilip ko'p nusqada tarqatılg'an. "Diywanı hikmet" 1887-jılı Qazanda, 1901-jılı Stambulda, 1902-jılı Tashkentte basılg'an. G'a'rezsizlik jıllarında 1991 ha'm 1992-jılları Tashkentte basıp shıg'arıldı. Negizi 109 hikmetten I'barat. Al keyingi baspalarında 40 hikmet qosılıp 149 hikmetke jetken.

---

[1] Хамиджан Хамидий. Тасаввуф алломалари. Т., "Шарқ", 156-бет.

Yassawiy hikmetleri a'dillik, miyrimanlıq, g'a'riplerge ja'rdem I'deyaları menen suwg'arılg'an. Bunda wol: "g'a'riblerdin' kewlin al, jetim jesirlerge miyrimin' tu'ssin, na'psi buzıq adamlardan qash", - dep aytılg'an qosıq qatarlarıda ushıraydı. Mısalı:

Dana bolsan' g'a'riblerdin' kewlin awla,
Yeldi gezip, jetimlerge mehir a'yle,
Du'nyapa'rest na'keslerden moyın tawla,
Moyın tawlap da'rya bolıp tastım mine.[1]

Biraq Yassawiy hikmetlerinde negizinen du'nyada bolıp atırg'an a'dalatsızlıqlarg'a qarsı shıg'adı. Biraq wol a'dalatsızlıqlardın' jazasın Alla beredi dep adamlardı shıdamlılıqqa shaqıradı. Sen bul du'nyadan ko'z jumg'anın'nan keyin a'lbette bunday a'dalatsızlıqtan qutılasan'. Alla taala sag'an g'amxorlıq yetedi, wol jaqta yekinshi wo'mirin' baslanadı, - dep u'gitleydi. Ma'selen:

Basım topıraq, ko'zim topıraq, wo'zim topıraq,
Haq wa'sline jetermen, - dep ruwxım tarqaq,
Ku'ydim, jandım, bola almadım heshbir appaq,
Tamshı bolıp jer astına kirdim mine.

Yassawiy ko'plegen hikmetlerinde wo'z da'wirinin' qazı I'mamların da qattı kritika astına aladı. "Qazı-imamlar nahaq duwa qılıp xalıqtı aldaydı. Yekinshi du'nyag'a barg'anda haram tamaq ha'kimlerdin' awhalı bulardan da jaman" – degen pikirge keledi. Wol wo'z zamanında bolıp atırg'an a'dalatsızlıqlardı jaqsı sezedi. Biraq, bulardı tek Alla taalanın' wo'zi g'ana jazalawı da'rkar dep yesaplaydı. Ma'selen:

Qazı I'mam bolg'anlar,
Nahaq dawa qılg'anlar,
Aqırzaman bolg'anlar,
Ywq astında qalarlar.[1]

[1] Ахмад Яссавий. Ҳикматлар. Т., "Ёзувчи", 1991, 78-бет.
[1] Ахмад Яссаўий. Девони ҳикмат. Т., Ғафур Ғулом номидаги нашриёт, 1992, 82-бет.

Haram tamaq ha’kimler,
Ja’ha’n malın alg’anlar,
Wo’z barmag’ın tishlaban,
Qorqıp turıp qalarlar.[2]

Yassawiydin’ bul pikirleri I’nsanpa’rwarlıq xarakterge I’ye. Degen menen wol bul adamlardı tiri waqtında jazalaw ta’repdarı bola almaydı. “Wo’lgennen keyin wolar ba’ribir wo’z jazasın aladı”, - dep xalıqtı aldartpaqshı boladı.

Yassawiy Alla talanı alg’ıslaw menen bir qatarda wo’zi jasag’an ja’miyettin’ a’dalatsızlıqlarına jek ko’riwshilik penen qaraydı. Patsha, wa’zir, sultan siyasatları da wog’an jaqpaydı. Xalıqtın’ da’rwishlerdin’ u’gitlerin tın’lamay atırg’anlıg’ına qattı nalıydı. Bul kemshiliklerdi jog’altıw ushın ol Alla taaladan u’sti-u’stine medet soraydı. Bunday jag’daylardan qutılıw haqqında xalıqqa wo’z pikirin aytpaqshı boladı. Mısalı:

A’hli du’nya xalqımızda sahawat yoq,
Patshalarda wa’zirlerde a’dalat yoq,
Da’rwishlerdin’ duwasında I’nabat yoq,
Bir g’aniybet bashın’ızg’a tu’shti doslar.[1]
Du’nya menin’ mu’lkim degen sultanlarg’a,
A’lem malın sansız jıynap alg’anlarg’a,
A’yshu I’shret penen mashqul bolg’anlarg’a,
Wo’lim kelse birewi de wapa qılmas yemesh.[2]

Xoja Axmed Yassawiy sol da’wirdegi Quran su’releri menen bir qatarda payg’ambar ha’m a’wliyeler haqqındag’ı an’ızlardı da jaqsı bilgen. Bular wonın’ hikmetlerinde sa’wlelengen.

Arab, parsı ha’m tu’rkiy poeziya u’lgilerin jaqsı wo’zlestirgen ha’m wonı a’piwayı yetip tu’sindirip bere alg’an shayır. Xalıq aldında wo’zin a’dewir qarapayım yetip ko’rsetip adamlar arasında bolıp atırg’an jag’ımsız ha’diyselerdi minep “bulardın’ ba’rin jo’n’ge salatug’ın tek jalg’ız Alla”, - degen pikirge keledi.

[2] Сонда, 82-бет.
[1] Ахмад Яссавий. Ҳикматлар. Т., Ғафур Ғулом номидаги нашриёт. 1991, 62-бет.
[2] Ахмад Яссавий. Ҳикматлар. Т., Ғафур Ғулом номидаги нашриёт. 1991, 172-бет.

Namaz woqıp, woraza tutıp, wo'mirinin' aqırın jerdin' astında wo'tkizedi. Biraq bul aytılg'anlardan Yassawiy do'retiwshilik miynetke qarsı degen pikir kelip shıqpawı kerek. Kerisinshe, wol hadal miynet yetip ku'n ko'riwge shaqırg'an, birinshi bolıp "ko'n'lin' Qudayda, qolın' I'ste bolsın" dep na'siyat yetken.

Axmad Yassawiy sufizmnin' Yassawiya dep atalg'an bag'darın qa'liplestirgen, wo'z shıg'armalarında bul ta'liymattın' tiykarg'ı principlerin bayan yetken Muridler worınlawı lazım bolg'an 40 maqam (parız)dı ko'rsetip bergen. Wonın' tiykarg'ı shıg'arması "Devoni hikmet" bolıp, wol jergilikli xalıqqa tu'sinikli tu'rkiy (wog'uz-qıpshaq) tilinde jazılg'an. Wol arab, parsı tillerin de jaqsı bilgen. An'ızlarg'a qarag'anda Yassawiy payg'ambar jasına – 63 jasqa kelgende jer astınan wo'jire qazdırıp, wo'mirin sol jerde wo'tkergen, usı jerde do'retiwshilik penen shug'ıllang'an. Ta'sa'wwiftin' basqa tariqatlarında bolg'anınday Yassawiyanın' da wo'zine ta'n qag'ıydaları bolg'an:

1. Murid heshkimdi wo'z pirinen abzal ko'rmesligi, ba'rhama wog'an bag'ınıshlılıq bildiriwi sha'rt.

2. Murid sonshelli ziyrek ha'm sezimtal bolıwı kerek, wol o'z shayxınan da ra'muz-rayın ha'm ko'rsetpelerin jetik an'laytug'ın bolsın.

3. Shayxtın' barlıq so'zleri ha'm I'slerine murid sadıq bolıp, wog'an pu'tkilley berilgen bolmag'ı lazım.

4. Murid wo'z murshidi (piri)nin' barlıq tapsırmaların shaqqanlıq penen shın kewilden worınlap, wonı ba'rha'ma razı yetip ju'riwi lazım.

5. Murid wo'z so'zine sadıq, wa'desine a'mel qılıwshı bolıp, piri ko'n'linde hesh qanday gu'man tuwg'ızbaslıg'ı kerek.

6. Murid wo'z wa'desine wapadar, so'zinde qatan' turıwı lazım.

7. Murid wo'z ıxtıyarındag'ı barlıq mal-mu'lki, pu'tkil bar jog'ın wo'z shayxına bag'ıshlawg'a tayar turıwı lazım.

8. Murid wo'z murshidinin' barlıq sırlarınan xabardar bolıp, wonı ashıp taslawdı hesh waqıt qıyalında keltirmewi kerek.

9. Murid wo'z shayxının' barlıq usınısların na'zerde tutıp, wonın' awrın jen'il qılıwı, pa'nd-na'siyatların worınlawı sha'rt.

10. Murid Qudayg'a yerisiw (birlesiw) ushın wo'z shayxı jasında pu'tkil mal-janın bag'ıshlawg'a tayar turıwı, wonın' dostına dos, dushpanına dushpan bolıp jasawı sha'rt.[1]

Axmed Yassawiydin' I'slam du'nyasında ken' taralg'an hikmetlerinde I'nsan wo'zin-wo'zi biliwi kerek degen talap basqa ma'selelerden go're joqarı qoyıladı, wo'ytkeni Yassawiydin' pikirinshe, I'nsan wo'zin bilse wol Haqtı biledi, Qudaydan qorqadı, I'nsapq keledi, biraq Haqqa jetisiw jolı an'sat yemes, wonın' wo'zine ta'n qıyınshılıqları ha'm sırları bar. Woyshıl babamız usı joldı islep shıg'ıwg'a ha'reket yetedi. Yassawiy tan'lag'an jol, wo'zine ta'n ayrıqsha ta'sa'wwif jolıdur. Bul joldın' ma'nisi mınadan I'barat: I'nsan wo'z gu'naların, a'dep-ikramlıq kemshiliklerin, anıg'ıraq aytsaq, menmenlik, da'mego'ylik, barına qanaat qılmaslıq usag'an illetlerin ayawsız ashıp taslawı ha'm wolardan qutılıw ushın gu'resiwi tiyis. Bul jol Yassawiydin' pikirinshe birden-bir tuwrı jol, anıg'ında bul Qudaydın' jolı. Ha'r bir adam wo'zinin' haqıyqıy a'dep-ikramlıq jetilisiwinde, ka'mil I'nsan bolıp qa'liplesiwi, "shaytannın' azg'ırıwınan" qutılıw ushın wo'zinin' barlıq ku'sh-g'ayratın, bilimin jumsawı, ha'tte janın da, mal-mu'lkin de ayamawı kerek.

Xoja Axmed Yassawiydin' wo'zi mal-du'nya toplawg'a qızıqpag'an. Ja'miyettegi jarlı qatlamdı "g'a'rip", "jetim", "paqır" dep ataydı, wo'zin wolardın' g'amxorshısı dep esaplaydı. Bunı onın' to'mendegi hikmetleri ko'rsetip tur.

G'a'rip, paqır jetimlerdi qılg'al shadman,
Haqlar qılıp a'ziz janın' a'yle qurban,
Taam tapsan', janın' menen qılg'ıl yehsan,
Haqtan yesitip bul so'zlerdi ayttım ma'na.

Axmed Yassawiy du'nyaparaz, haram jegen, aqtı qara qılg'an hu'kimdarlardın' zalımlıg'ın, ta'kaburlıg'ın ko'rsetedi, aqırzaman shayxlarının' yeki ju'zliligi, na'psiqorlıg'ı adamlarda wo'z-ara hu'rmetsizlik, reyimsizlikti payda yetti, na'tiyjede, ja'miyette saqıylıq, tuwısqanlıq sezimleri jog'alıp barmaqta dep ku'yinip jazadı:

[1] Қараңыз: Буюк сиймолар, алломалар. Т., 1995, 89-бет.

Ne anada reyim qaldı, ne atada,
Ag’a, I’ni bir-birine maja’rada,
Musılmanlıq da’va qilip, I’sher bada,
Ma’slik penen qarındastan tandı ko’rin’.
İ’yshan, shayx, xoja, molla du’nya I’zler,
Sol sebepten patshalarg’a wo’tirik so’yler,
Ayat ha’dis so’zin qoyıp, maldı go’zler,
Haq jolında ha’rgiz miynet tarqanı joq.[1]

Xoja Axmed Yassawiy adamlardı mal-du’nya jıynawg’a pu’tkilley berilip ketpeslikke, ha’sis ha’m ashko’z bolmawg’a, a’dalatpa’rwar ha’m I’nsanpa’rwar bolıwg’a, du’nyanın’ wo’tkinshi yekenin ba’rhama yadta saqlap, Haq ko’rsetken jol menen ju’riwge shaqıradı:

Anıq bilin’, bul du’nya ba’rshe xalıqtan wo’tera,
İ’senbegil malın’a bir ku’n qoldan ketera,
Ata, ana, qarındas qayta ketdi, pikir qil,
To’rt ayaqlı ag’ash at bir ku’n sag’an jetera.[2]

Xoja Axmed Yassawiy u’gitleri, aytqan hikmet so’zleri xalqımız arasına sin’ip ketken. Joqarı da’rejedegi sheberlik penen jazılg’an Yassawiy poeziyasın xalqımız yadtan bilgen, ha’tte wol qaraqalpaq xalqının’ piri dep te ju’ritiledi. Xalqımız duwag’a qol ko’tergende “Ya, Ka’rimi karamat! Qulın’ san’a amanat, Ma’dinada Muxammad, Tu’rkistanda Xoja Axmad” dep a’wliye babamızdan ma’det sorag’an. Bu’gingi ku’nde ullı woyshıl atamızdın’ ko’p qırlı teren’ ma’nisli hikmetleri ha’m jol-jorıqları xalqımızdın’ ma’nawiy ka’millikke yerisiwine xızmet yetpekte.

[1] Ахмад Яссавий. Ҳикматлар. Т., Ғафур Ғулом номидаги нашриёт, 1991, 45-бет.
[2] Сонда, 31-бет.

## § 2.3. Ha’kim-ata Sulayman Baqırg’aniy – Qubla Aral boyı sufizm filosofiyasının’ juldızı.

### A. Ha’kim-atanın’ wo’mir bayanı ha’mw ol tuwralı xalıq an’ızları.

G’a’rezsizlik sharapatı menen xalqımız wo’zligin tiklewge, yerkin woy-pikir ju’rgiziw mu’mkinshiligine I’ye boldı. G’a’rezsizliktin’ da’slepki ku’nlerinen baslap-aq milliy miyrasımızda qayta tiklew I’si baslap jiberildi. Bul a’diwli iske Hu’rmetli Prezidentimiz İ’slam Abdug’anievich Karimov basshılıq yetti ha’m qollap-quwatladı.

İ’slam dininin’ yen’ abıroylı du’nyalıq din da’rejesine ko’teriliwine u’lken u’les qosqan ulama alımlardın’ biri jurtımızdın’ ullı perzenti, babamız Ha’kim-ata Sulayman Baqırg’aniy bolıp yesaplanadı. Qubla Aral boyı xalıqları, a’sirese qaraqalpaqlar, arallı wo’zbekleri wonı wo’zlerinin’ piri dep bilgen, hu’rmet yetken. Ha’kim-ata jazg’an qosıq-hikmetler wolarg’a tu’sinikli tilde jazılg’an.

Ha’kim-ata Sulayman Baqırg’aniydin’ tuwılg’an jılı anıq yemes, biraq 1186-jılı qaytıs bolg’an. Ulamalar wonı payg’ambar jasında qaytıs bolg’an dep shamalaydı, sog’an qarap wonın’ tuwılg’an waqtı tuwralı da bir pikirge keliw mu’mkin. Ha’kim-atanın’ tuwılg’an jerine keletug’ın bolsaq, wol Arqa Xorezmnin’ Baqırg’an degen awılında du’nyag’a kelgen. Bul awıldın’ anıq wornın ha’zirshe hesh kim ayta almaydı. Biraq, bul ma’selede belgili alım Qırıqbay Bayniyazovtın’ pikirine qosıla wotırıp, Baqırg’an awılı Qaraqalpaqstan Respublikasının’ Qon’ırat ha’m Moynaq rayonlarının’ shegarasına jaylasqan. Ha’zirgi Ha’kim-ata qoyımshılıg’ının’ a’tirapında bolg’an bolıwı I’timal dep yesaplaymız.[1]

Ullı babamızdı tu’rkiy xalıqlar Ha’kim ata dep yesaplaydı ha’m wonı wo’z zamanında da, ha’zirgi ku’nde de qaraqalpaqlar, wo’zbekler, qazaqlar yen’ ullı a’wliye ha’m danıshpan sıpatında tanıp, wonı wo’zlerine pir dep esaplaydı. Biyperzent adamlar, Ha’kim atag’a tu’nep, wonnan bala tileydi. Awır nawqasqa shatılg’anlar zıyaratqa kelip, da’rtine dawa I’zleydi. Gu’reske tu’serde palwanlar,

[1] Қараң: Байниязов Қ. Ҳәким ата-Сулайман Бақырғаний бизиң уллы жерлесимиз. Нөкис, 1997, 5-6 бетлер.

sawashqa atlanarda batırlar, bayraqqa qosqan waqıtta shabandozlar: «Ya, Ha'zireti Ha'kim ata! wO'zin' yar bola ko'r!» - dep su'ren taslaydı. Sonlıqtan tu'rkiy tilles xalıqlardın' tariyxın jetik bilgen ataqlı worıs I'limpazı akademik A.N.Samoylovich «Xorezmnamadan yeki u'zindi» degen miynetinde: «Xiywalı wo'zbeklerdin' uranı «Ya, Ha'zireti palwan! Ya, sha'himardan» bolsa, qaraqalpaqlardın' uranı «Ya, Ha'zireti Ha'kim ata!» bolıp yesaplanadı», - dep jazg'an yedi.[1]

Ha'kim ata – Xoja Axmed Yassawiydin' zamanlası ha'm sha'kirti bolg'an. Bul tuwralı Alisher Nawayı wo'zinin' «Nasoyimul muxabbat» atlı kitabında bılay dep jazadı: «Ha'kim ata – atı Sulaymandur. Xoja Axmed Yassawiydin' murididur. Bir ku'ni Xoja awqat pisiriwdi buyıradı, biraq aspaz awqat pisiriwge wotın jetpeydi – dep kelipti. Ustaz wo'z sha'kirtlerine wotın terip kelin' depti. Al wol waqıtta jawın jawıp tur yeken. Sonlıqtan sha'kirtlerdin' tergen wotını asxanag'a alıp kelemen degenshe jawın menen ızg'ar bolıp qalıptı. Ha'kim ata tergen wotınların tonına worap, qurg'aq halında a'kelipti. Sonda Xoja Ha'ziretleri, a'y perzent ha'kimana I's qıldın' degen yeken. Wog'an bul laqap sonnan qalg'an ha'm Ha'kim atag'a hikmetler tili berilgendey bolıptı».[2] A'lbette, Alisher Nawayının' pikirinde teren' ra'mziy ma'nis bar. Xoja Axmed Yassawiy tek qurg'aq wotın terip kelgeni ushın g'ana yemes, al Sulaymandı haqıyqıy sha'kirtin, hikmetler jaratıwshı woyshıl da'rejesine yerisken ha'm wo'zinin' jolının' dawam yetiwshisin ko'rgenlikten usınday ullı ataqtı wog'an bergen. Keyinshelik ullı babamız Sulayman Baqırg'aniy xalıq arasında usılay atalıp ketken.

Ayrım ra'wayatlarda bul ku'ni Xoja Axmed Yassawiyge Ha'zireti Xizr miymang'a kelgen, sha'kirt Sulaymannın' tapqırlıg'ın, parasatlıg'ın ko'rip wog'an Ha'kim atag'ın Xizr atanın' wo'zi bergen.[1] Wo'mirinde u'lken iz qaldırg'an bul waqıyanın' bolg'anlıg'ına guwalıq berip alımnın' wo'zi bılay deydi:

Yeski-uski bwrkim bor, sariq-sarsiq kwrkim,
Shayxim wtung'a ayzsa, bormasqa na yerkim bor,
Twnim wtung'a chulg'ab, tanam savuqg'a terlab,

[1] Қараң: Заметки Восточного отделения Императорского русского археологического общества. Санкт-Петербург, 1909, том 19, вып. 1. стр. 83.
[2] Қараң: Сулаймон Боқирғаний. Боқирған китабы. Т., "Ёзувчи", 1991, 3-бет.
[1] Толығырақ қараң: Ҳәким ата китабы. Қарши, "Насаф", 1993, 9-10 бет.

İ’shqidin muxabbat I’zlab, Xizr İlës wotam bor.[2]

Ha’kim-ata Sulayman Baqırg’aniydin’ ustazı Axmed Yassawiy wonın’ wo’zi tuwılıp wo’sken – U’rgenish, Baqırg’an qalalarının’ arqa-batısındag’ı yeski shamanizm dini qaldıqları saqlanıp kiyatırg’an sahra qa’wimleri arasına I’slam dinin u’git-na’siyatlap yen jaydırıw ushın jibergen.

Baqırg’an qalası ha’m wonın’ a’tirapındag’ı aymaqlar (ulıwmalastırılıp Baqırg’an jurtı dep atalg’an) Qaraxoniy dinastiyasınan bolg’an Bug’raxan qaramag’ında yedi. Bul hu’kimdar Axmed Yassawiydin’ yen’ su’yikli sha’kirti Ha’kim Sulaymannın’ kelgenligin yesitip, wonın’ qasına barıp wog’an murid (sha’kirt) boladı ha’m won to’rt jasar sahibjamal qızı (ra’wayatlarg’a qarag’anda wol yen’ kishkene qızı, wodan u’lken yeki apası da bolg’an) Anbardı nekelep beredi. Anbar anadan Asqar Xoja, Maxmud Xoja, Xubbi Xoja degen u’sh balası bolg’an.

Ha’kim-ata Sulayman Baqırg’aniydin’ shıg’armaları tu’rkiy ziban xalıqlar arasında jazba ha’m awızsha tu’rinde ken’nen tarqalg’an. Wonın’ shıg’armalar toplamı “Baqırg’an kitabı” atı menen birinshi ret Qazanda basılg’an. Sol jerde 1848 ha’m 1898-jılları shıqqan toplamlar tiykarında 1991-jılı “Jazıwshı” baspasında “Baqırg’an kitabı” İ’brahim Haqqul ha’m Sayfiddin Rafıyddinlerdin’ so’z bası penen basılıp shıqtı.[3]

G’a’rezsizlik jıllarında Ha’kim-ata Sulayman Baqırg’aniydin’ I’smin tiklew, a’debiy miyrasın u’yreniw I’si baslap jiberildi. Bul iygilikli I’ske qaraqalpaqstanlı alımlar Q.Maqsetov, K.Ma’mbetov, Q.Bayniyazov, J.Shamuratovlar wo’z u’lesin qostı. Qırıqbay Bayniyazovtın’ “Ha’kim-ata Sulayman Baqırg’aniy – bizin’ ullı jerlesimiz” degen kitabı 1997-jılı baspadan shıqtı. Degen menen ullı babamızdın’ miyrasın u’yreniwge yendi g’ana kirisilip atır, wonın’ shıg’armaları qaraqalpaq tiline awdarılmag’an. 2002-jılı ullı alımnın’ 880 jıllıq yubileyi Qaraqalpaqstanda saltanatlı tu’rde wo’tkerildi. “Sulayman Baqırg’aniy ha’m wonın’ da’wiri” atlı Respublika ilimiy-teoriyalıq konferentsiya alımnın’ tuwılg’an jeri Qon’ıratta

---

[2] Сулаймон Боқирғоний. Боқирғон китоби. Т., “Ёзувчи”, 1991, 12-бет.
[3] Боқирғон китоби. Т., “Жазыўшы”, 1991.

wo'tkizildi ha'm konferentsiya materialları toplam formasında baspadan shıqtı.[1] Bul yubileydin' wo'tkeriliwi babamız miyrasın u'yreniw, wonın' miynetlerin na'siyatlaw, atın ma'n'gilestiriw isine tu'rtki boladı dep woylaymız.

Xalqımız arasında Ha'kim atag'a baylanıslı ko'plegen ra'wayatlar, an'ızlar taralg'an. A'sirese, Aral boyına shegaralas Qon'ırat, Moynaq rayonlarında ko'plep ushırasadı. Wolardın' birqanshası "Hakim wota kitobi" (Qarshi, 1993), Qırıqbay Bayniyazovtın' joqarıda atı atalg'an kitaplarında keltirilgen. Ku'nlerden bir ku'ni Ha'kim ata menen Anbar ana yeregisip qaladı. Ha'kim ata: - «Asqar mamıt a'wliye-aw», - deydi. Hayalı – «Taqsır, kewlin'izge kelmesin, Sultan U'bbi a'wliye g'oy», - deydi, «Wonda bala shaqırayıq», - deydi wolar. Ha'kim ata hayalına: «Qa'ne siz shaqırın'ız», - deydi. Hayalı: «Siz baslap shaqırın'ız», «Yerim-pirim» degen naqıl bar. Siz turg'anda bizin' baslap shaqırıwımız ayıp boladı», - dep gezekti Ha'kim atag'a beredi. Asqar Mamıt diyqanshılıq yetip ju'r yeken. Bir shaqırıwdan bala yetegin qısıp, yegip ju'rgen da'nin uslawı menen dawıs shıqqan waqıtta tayın boladı.

Ha'kim ata gezekti yeltisine beredi. Wol: «Bissimilla-hirraxmani nirraxim… Sultan U'bbi!», - dep dawıslaydı. Saza bolmaydı. Yekinshi ma'rtebe shaqırg'anda da saza bolmaydı. U'shinshi retine «La'bbay, yene!» dep jetip keledi.

«Bir sharladım, kelmedin',
Yeki sharladım, kelmedin',
G'apılma yedin' jan balam?»[1]

- dep jılaydı anası.

- «Yaq, ana, g'apıl yemes yedim, - deydi Sultan Ubbi. – Xabardar yedim. Na'wim degen xalıq ten'izden ushan kemege minip, yekinshi awılg'a wo'tpekshi bolg'an yedi. A'depki shaqırg'anda bir du'beley kelip, keme suwg'a toldı. Kemedegiler g'arıq bolatug'ın bolg'an son', wolar ha'm: «Ya, Sultan U'bbi!», - dep sharlap yedi. Sol waqıtta barıp men Kemeni tuttım. Yekinshi sharlag'anda

[1] Сулайман Бақырғаний ҳәм оның дәўири. Конференция материаллары. Нөкис-Қоңырат, 2002 жыл.
[1] Байниязов Қ. Ҳәким-ата Сулайман Бақырғаний – бизиң уллы жерлесимиз. Нөкис, 1997, 7-бет.

wolardı qurg’a shıg’arıp taslayın dep atır yedim. U’shinshi ret sharlag’anda bul jerge kelip u’lgerdim».

Sol waqıtta Ha’kim ata: - «Ha’y, bul da bir ga’p-ta’!», - deydi.

- İ’senbesen’iz, ata, - dep Sultan U’bbi on’ I’yinin ashıp, I’yıg’ın ko’rsetedi. Wonı arqan tilip ketip, qanı sorg’alap ag’ıp tur yeken. Ha’kim ata bug’an ha’m I’tibar bermeydi.

- «Yaqshı, ata, wonda yerten’ jumag’a sol adamlar zıyaratqa keler, Qudayg’a aytqan malın ta’wejxanag’a a’keler», - deydi Sultan U’bbi.

Kelesi piyshembi ku’ni g’arıq bolıwdan aman qalg’an adamlar sadaqag’a aytqag malların alıp keledi. – «Menin’ apattan qutqarg’an adamlarım zıyaratqa kelip tur», - dep Sultan U’bbi atasına xabar beredi.

- «Qa’ne, balam, wo’zin’ basshılıq yetip, bul mallardı g’a’rip-qa’serlerge berip, dag’ıt», - deydi atası.

- «Yaqshı», - dep Sultan U’bbi jora-joldasları menen birge sadaqanı dag’ıtadı.

- «Sizlerge yeskertemen, - deydi. Wol wo’z adamlarına mallardın’ go’shin jep, su’yeklerine tisin’izdi tiygizbey, terilerine worap qoya berin’izler».

Awıl adamları go’shin jep, ha’r bir maldın’ su’yegin wo’zinin’ terisine worap taslaydı.

- «Al, ata, sadaqanı dag’ıtıp boldım», - deydi Sultan U’bbi.

- «Wonda adamlarg’a ruxsat ber», - deydi Ha’kim ata.

Balası sadaqag’a kelgen xalayıqqa ruxsat berdi.

- «Yendi sadaqag’a soyılg’an mallarg’a ruxsat berin’iz», - deydi Sultan U’bbi.

- «Balam, men yele wol maqamg’a jetkenim joq g’oy», - deydi Ha’kim ata.

- «Wonda bizge ruxsat etin’iz», - deydi Sultan U’bbi. Atası ruxsat beredi.

Bala qolına bir baltanı alıp, bir qamtım qızıl jın’g’ıldı shawıp aladı. Atası Sultan U’bbidin’ sırtınan qarap turıp yedi. Wol: - «Bissimilla hirraxmani…», - dep duwanı woqıp, mallardın’ postın (terisin) «Hayt, shuw!» dep shıbıq penen tartıp-tartıp jiberedi.

Tu’yesi tu’yedey, jılqısı jılqıday, qara malı qara malday, qoy-yeshkisi qoy-yeshkidey bolıp, wo’rip kete beredi.

So’ytip bolıp Sultan U’bbi Ha’kim atag’a keledi ha’m: - «Ata, mallarg’a ruxsat berdim», - deydi.

Sonda Ha’kim ata: - «Yeki qoshqardın’ bası bir qazang’a sıymaydı. Yekewimizdin’ birimiz bul jerde bolıwımız kerek. Ya sizden, ya bizden…» degen.

Sultan U’bbi sol jerde: - «Ata, aldı menen bizdi ayttın’ız», - dep ko’k kepter bolıp ushıp ketedi. Ha’kim atag’a da’rwishler, diywanalar keledi yeken. Sonda bular:

«Sultan U’bbi pirlerden,
Do’rer yedi seksen yer,
Seksen yerden ayırılıp,
Yendi boldın’ qara jer» -

dep ga’zzel aytıp kete beredi yeken. Sol waqıtta Ha’kim ata woylanıp, qattı qapalang’an yeken. – «Men qa’telesken yekenmen», - dep wo’kinedi. So’ytip balanı qıdırıwg’a qarar yetedi. Temirden gewish, temirden qasa soqtıradı ha’m bılayınsha ant yetedi: - «Usı gewishim ten’gedey, usı qasam tebendey bolg’ansha, balam, sizdi qıdıraman», - deydi. Wol balanı I’zleydi, neshe ku’n, neshe ay, neshe jıllap qıdıradı. Sultan U’bbidin’ bunnan xabarı bar yedi. – «Ha’y, atam, ko’p azap shekti. Bir ko’rineyin», - deydi. Wol bir elespesiz jerde: - «Ata, kimsiz?» - deydi. – «Men, balam», - deydi. Ha’kim ata: - «Ata, yele menmenligin’ qalmag’an yekeng’oy», - dep balası ko’zden g’ayıp boladı. Yane, aylap, jıllap qıdıra beredi. – «Yane, bir ko’rineyin. Atam qattı qıynalıp qaldı-aw», - dep yane bir yelespesiz jerde: - «Ata, siz kimsiz?», - deydi. Ha’kim ata: «Men», - deydi. – «Ata, yele menmenligin’ qalmag’an yeken», - dep yane ko’zden g’ayıp boladı. – «Wo’zimnin’ wa’deme, antıma tutılmayın», - dep woylap, Ha’kim ata ja’ne de aylap, jıllap qıdırıp kete beredi.

«Yer gezegi - u’sh» degen. «Yane bir ko’rineyin», - deydi Sultan U’bbi. U’shinshi ret tag’ı bir yelespesiz jerde wol: - «Ata, siz kimsiz?», - deydi. – «Men, balam», - dep juwap beredi Ha’kim ata. - «Yendi bizdi I’zlep, ha’lek bolmay-aq qoyın’ız. Qıyamet qayımda ko’risermiz», - dedi Sultan U’bbi. Solay yetip, bul bala tiri g’ayıp bolıp ketedi.

«Ha’kim ata kitabı» atlı kitapta usınday 11 ra’wayat keltirilgen.[1]

Akademik Ya.G’.Gulamov Sultan U’bbi haqqında a’psanalardın’ awızsha, qoljazba ha’m baspa tu’rinde tarqalg’an nusqaların salıstırıp I’zertlep, wolar arasındag’ı uqsaslıqlar menen variantlıq ayırmashılıqlardı I’senimli mısallar arqalı ko’rsetip beredi. «Suwg’a ketkenlerdi qutqarıw, - dep jazadı Ya.G’.G’ulamov, - soyılg’an wo’gizlerge jan beriw ha’m wo’zinin’ kelip shıg’ıwı jag’ınan bul a’psana musılmanlarg’a shekemgi bolg’an jergilikli diniy mifologiyag’a tiyisli miyras yesaplanadı».[2]

Joqarıda so’z yetilgen ra’wayat ha’m basqa an’ızlarda xalqımızdın’ I’slam dinine, Ha’kim-ata Sulayman Baqırg’aniyg’a bolg’an sheksiz I’senimi ha’m hu’rmeti sa’wlelengen.

[1] Ҳаким ота китоби. Қарши, “Насаф”, 1993.
[2] Ғуламов Я.Ғ. Хоразмнинг суғорилиш тарихи. Т., “ФАН”, 1959. 32-33 бетлер.

### B. Ha’kim-ata Sulayman Baqırg’aniydin’ sufistlik filosofiyası ha’m wonın’ ta’rbiyalıq a’hmiyeti.

Ha’kim-ata Sulayman Baqırg’aniy sufizmnin’ Yassawiya tariqatının’ do’retiwshisi Xoja Axmed Yassawiydin’ filosofiyalıq ta’liymatın dawam yettirgen ha’m rawajlandırg’an sufizmnin’ ataqlı wa’kili.

Da’slepki bapta atap ko’rsetkenimizdey, sufizm diniy-filosofiyalıq ta’liymat bolıp, wonda «ju’rek ha’m qoldın’ tazalıg’ı» sotsiallıq a’dillik, Quday aldında barlıq adamlardın’ ten’ yekenligi, jawızlıq penen gu’res, miyrim-sha’pa’a’t, qayır-saqawat, ar-namıs ha’m adamlar arasında tuwısqanlıq, doslıqtı saqlaw h.t.b. usag’an morallıq-yetikalıq I’deyaları bayanlanadı.[1]

Sulayman Baqırg’aniy filosofiyasında «kewildin’ tazalıg’ı ha’m ruwxtın’ ka’millikke jetilisiwi» haqqındag’ı I’deya tiykarg’ı worındı I’yeleydi. Sonlıqtan Ha’kim atanın’ qosıq ha’m hikmetlerinde ko’binese wo’mir ha’m I’shqı na’psi ha’m ruwx haqqında so’z yetiledi. Sulayman Baqırg’aniydin’ muxabbatı – I’la’hiy ıshqı bolıp, wol Alla talanı jan-ta’ni menen su’yedi. Baqırg’aniy a’lemnin’ jaratılıwın, janlı maqluqatlardın’ payda bolıwın, I’nsannın’ sanalı turmıs keshiriwin Alla taalanın’ qu’diretine baylanıstıradı:

Adam kelma’ga’y erdi, mursal tug’mag’ay yerdi,
Ra’hma’t yenma’ga’y erdi, arada ıshq bolmasa.[2]

Ha’kim atanın’ barlıq I’qlası dıqqat ha’m I’tibarı Alla talanı su’yiwge bag’ıshlag’an. Wol bul jolda tu’rli qıyınshılıqlardı, azap-aqıretlerdi basınan keshiriwge qayıl boladı. Sulayman Baqırg’aniy Alla taala ha’r bir bendesinin’ I’slegen ha’reketlerin ko’rip, woylag’an tilek-maqsetlerin bilip wotıradı dep yesaplaydı. Sonlıqtan wonı hesh waqıtta yadın’ızdan shıg’arman’lar, Qudaydı umıtıw keshirilmes gu’na bolıp, muxminiy musılmanlardı a’siylikke alıp keledi deydi. Ha’kim ata Qudayg’a qullıq yetpegenler, wonı yadınan shıg’arg’anlar Alla taalanın’ qa’ha’rine ushırap, yeki du’nyada wo’miri xor bolıp wo’tedi, al

---

[1] Қараң: Тримингэм Дж.С. Суфийские ордены в исламе. М., “Наука”, 1965, ст. 9-10.
[2] Сулаймон Боқирғоний. Боқирғон китоби. Т., “Ёзувчи”, 1991, 16 бет.

musılmanshılıqtın' barlıq sha'rtlerin buljıtpay worınlag'anlar Alla taalanın' na'zerine ilinedi ha'm wolar baxıtqa yerisedi ja'ne yeki du'nyası da abat boladı dep I'senedi:

Namaz, ruza, ta'wbe birla' barg'anlarg'a,
Haq ywlig'a kirib, qa'da'm qoyg'anlarg'a,
Ushbu yolda janın fida qılg'anlarg'a,
Yarlıqanmısh kullar birla' suhba'ti bar.[1]

Sulayman Baqırg'aniy Alla taala ha'r bir bendeni wo'zinin' wo'lshewli rısqı-nesiybesi menen jaratadı. Sonlıqtan du'nya-mal jıynawg'a qızıg'a bermey, hadal miynet yetip, tapqan tabısına qanaat qılıwı kerek, dep u'yretedi. Ullı woyshıldın' bul na'siyatları «Yemga'kiz yer muradiga' qachan yeta'r», «Haja't a'rma's buw du'nyanı muncha yig'maq. Buw fasis du'nya ushun muncha yelmaq», «Kelin', doslar buw du'nyada sabır qılın', quda bergen nema'tla'rga' shukir qılın'» usag'an qosıq qatarlarında sa'wlelengen.

Ha'kim-ata Sulayman Baqırg'aniy wo'z ustazı sufizmnin' Yassawiya tariqatının' do'retiwshisi Xoja Axmed Yassawiydin' jolın dawam yettirgenin, wol tuwralı jazg'an qosıqlarında ku'ta' sheber bayan yetken:

Yassi suwının' arası, jatır ga'whar parası,
Mashayihlar sa'resi shayxım Axmed Yassawiy,
Qarshig'anı qıslag'an, shun'qar, lachın uslag'an,
Sansız murid baslag'an shayxım Axmed Yassawiy.
Sha'riati ara'sta, tariyqa'ti payua'sta,
Haqıyqatta shayısta', shayxım Axmed Yassawiy,
Sha'riati so'ylegen, tariqattı I'zlegen,
Haqıyqattı bildirgen shayxım Axmed Yassawiy.[1]

Babamız wonın' wo'zinin' so'zi menen aytqanda «won segiz mın' a'lemde, atı mashhur ka'lamda, yeki ja'ha'nnin' aynası, Haq qasında hu'rmetli, Xizr menen sa'wbetli, İ'lis penen u'lpetli». Xoja Axmed Yassawiyge murid bolg'anın wo'zi

---

[1] Сулаймон Боқирғоний. Боқирғон китоби. Т., “Ёзувчи”, 1991, 11 бет.
[1] Сулаймон Боқирғоний. Боқирғон китоби. Т., “Ёзувчи”, 1991, 15 бет.

ushın yen’ ullı waqıya dep biledi. Xalqımız arasında Ha’kim ata Baqırg’aniydin’ I’slamlıq I’deyaları, ta’sa’wwif filosofiyası, I’la’hiy ıshqı-muxabbat ha’m insanıy a’dep-ikramlılıq haqqındag’ı pikirleri ken’nen taralg’an, a’wladtan-a’wladqa wo’tip kelgen. Ha’kim-ata Sulayman Baqırg’aniy ustazı Xoja Axmed Yassawiy ta’repinen wortag’a qoyılg’an Yassawiya tariqatının’ filosofiyasın tag’ı da rawajlandırdı, ma’deniyatımız tariyxına ta’sa’wwif filosofiyasının’ jarqın juldızlarınan biri bolıp kirdi.

Ulıwma adamzatlıq qa’diriyat bolıp tabıladı. Wol wo’zinin’ mın’ jıldan artıq rawajlanıwı dawamında ha’rqıylı tariyxıy da’wirlerde ja’miyettin’ ma’deniy, ruwxıy ha’m a’dep-ikramlılıq talaplarına sa’ykes tu’rli formalarda ha’m bag’darlarda rawajlanıp kelgen, ha’mme waqıtta da ta’rbiyalıq a’hmiyetke iye bolg’an. Ta’sa’wwif da’slepten-aq ten’sizlikke, a’dalatsızlıqqa narazılıq sıpatında payda boldı.

Sufizm adamnın’ ja’miyette tutqan wornın, hadallıq, miynet, I’yman, I’nsap, qanaat sıyaqlı so’zlerin filosofiyalıq tallawda wo’zine ta’n jolına iye bolg’an ku’shli I’deyalıq ag’ım. Solay yetip, ulıwma ta’sa’wwif ta’liymatının’ wa’killeri adamlardı hadallıqqa, pa’klikke, ten’likke, adam qa’dir-qımbatın jerge urmawg’a shaqıradı. Bizin’ jurtımızdan Ha’dis iliminin’ sultanları İ’mam al-Buxariy, İ’mam at-Termiziy, sufizmnin’ I’slam du’nyasına ken’ taralg’an Yassawiya, Naqshbandiya, Kubrawiya dep atalg’an bag’darların do’retiwshiler ha’m rawajlandırıwshılar Axmed Yassawiy, Shayx Najmiddin Kubra, Bahawaddin Naqshbandiy, Sulayman Baqırg’aniy (Ha’kim ata)larg’a usag’an ullı allamalar wo’tken. Ha’kim-ata Baqırg’aniy wo’z filosofiyasının’ tiykarg’ı ma’nis-mazmunın su’wretlep bılay degen yedi:

Ma’ripat da’ryasına su’n’giwshi bolıp,
Muxabbat ga’wharların alg’ım keler,
Tariqat maydanında pa’rwaz qılıp,
Wol Tuwba daraxtına qong’ım keler.[1]

---

[1] Сулаймон Боқирғоний. Боқирғон китоби. Т., “Ёзувчи”, 1991, 33 бет.

Shayırdın’ bul pikirlerinde ma’ripetke, bilimlilikke umtılıw, wol arqalı muxabbat marjanların teriw, so’ytip Haqqa yerisiw I’deyası turıptı. Wonın’ ushın muxabbat – ila’hiy ıshq. Bul Allag’a bolg’an umtılıw, wonı pu’tkil woy-pikiri, jan-ta’ni ha’m sezimleri menen su’yiw bolıp tabıladı.

Ha’kim-ata Baqırg’aniydin’ bizge miyras bolıp qalg’an tiykarg’ı shıg’arması «Baqırg’an kitabı»nın’ ha’r bir qatarın woqıg’anımızda, wonda teren’ yag’nıy Allag’a muxabbat, sol arqalı du’nyalıq, insanlar turmısına ta’n bolg’an mashqalalarg’a juwap beriwdi ko’remiz. Ullı jerlesimizdin’ pikirinshe adam wo’zin Allag’a pu’tkilley bag’ıshlay wotırıp, na’psin tiyiwi, ta’wbege keliwi, wo’zinin’ ruwxın ha’m denesin pa’klewi, haram I’slerden pu’tkilley beziwi, baylıq ha’m artıqsha mal-du’nyag’a umtılıwdan wo’zin awlaq tutıwı lazım. Adam qanaatlı ha’m sabır-taqatlı bolıwı sha’rt, bir so’z benen aytqanda insaplı bolıwı ha’m iymanlı bolıwg’a umtılıwı za’ru’r. Ha’kim-ata ushın iyman ha’m Quran ajıralmas birlikte, bul du’nyada iymannan artıq hesh na’rse joq. İ’nsan wo’zinin’ ishki du’nyasına kirgen na’psi ba’lesine qarsı gu’resiwi, aqırında iymanlılıq ha’m hadallılıq penen tolg’an ruwxının’ jen’isine yerisiwi lazım.

Bul I’deyalar a’sirese, wonın’ na’pis ha’m ruwx arasındag’ı qarsılıqlar bayan yetilgen hikmetlerinde ku’ta’ ayqın ko’rinedi. Bular insannın’ ta’biyatına pitken unamlı ha’m unamsız qa’siyetler bolıp, ruwx adamdı kem-kemnen intellektuallılıq jaqtan jetilisiwine shaqırsa, na’psi yesap-sansız mal-baylıqqa iye bolıp, tu’rli-tu’rli jemisler menen taamlardı iship-jep, payızlı saraylarda qarap jatqandı a’rman yetedi, ruwx qarapayım jasawg’a, a’dep-ikramlılıqqa, hadallıqqa, baylıqqa umtılmawg’a shaqıradı:

Ruwxım aytur, qa’shki haqdin tawfik bolsam,
Tu’ni-ku’ni tınmayın yadın aytsam,
Qısmatimdin artuq ta’am yema’s bolsam,
Buw du’nyanı yig’ib-terib netayinder.[1]

[1] Сулаймон Боқирғоний. Боқирғон китоби. Т., “Ёзувчи”, 1991, 26 бет.

Demek, ruwx Alla taalanın' wo'lshep bergen rısqı-nesiybesine qanaat qılıp, ku'ni-tu'ni namaz woqıp, ruwza tutıp, malınan za'ka't, jan basınan pitir berip, ulqızına I'lim-wo'ner u'yretip, puqara xalıqqa paydalı isler menen shug'ıllanıwg'a qushtar bolsa, na'psi, kerisinshe: «Na'psim aytar, baslıq janında wotırıp, dastıqqa su'yenip jatayın der», «Na'psim aytur, bul du'nyanın' mu'lkin bo'lsem, Qıtay, Qırg'ız, Qıpshaq, Hindistandı alsam, Ag'ıban chin, altun, kumus ta'nlik qılsam, Baxıt etse bir g'a'ziyne tuzib jatayin der».[2]

Ullı sufiy babamızdın' pikirinshe, insan na'psi a'mmarattan, yag'nıy insandı jamanlıq, yeki ju'zlilik, pa'msizlik jolına baslaytug'ın, usınday jerkenishli islerden zawıqlandıratug'ın baylıq ha'm ha'zlikti talap yete beretug'ın na'pisten qutılıw ushın za'ru'r bolsa jannan keshiwge tayar bolıwı kerek, bul ma'nide jalg'an ko'n'il ha'm qurg'aq ga'plerden payda joq.

Jannan keshpey is pitpes, na'psi ammiratima,
Qurı talap payda yetpes, jalg'an ko'n'il bersem men,
Talap tilim sanı joq, I'shqsızdın' janı joq,
Da'rtsizlerge dawa joq, ta'bibimnen sorasam ma'no.[1]

Na'psi insandı du'nyag'a «shınjırlap» qoyadı, haq jolınan shetletip jamanlıqqa qaray baslaydı. Sonın' ushın insan wo'z na'psine hu'kimdar bolıwı lazım. Wonı jenship taslawı, wo'ltiriwi kerek. «Basıp na'psine wot ber» - deydi Ha'kim ata babamız. Xoja Axmed Yassawiy ta'liymatındag'ı «Wo'lmesten burın wo'liw» I'deyasının' to'rkini usını an'lawg'a barıp taqaladı. İ'nsan wo'zinin' woypikirindegi, I's-ha'reketindegi unamsızlıqlarg'a, na'psi ba'lesine qarsı so'zdin' shın ma'nisinde «jihad» ja'riyalawı sha'rt. İ'slamdag'ı «jihad» tu'siniginin' haslı ma'nisi de usında. Alla taalag'a ıshq qoyıp, wonı inayatı menen bul «jihad» urısında insan jen'ip shıg'a aladı, wo'zin-wo'zi hadallıq, iymanlılıq jolına baslay aladı. Payg'ambarımız aytıwınsha, bul u'lken jihad.

Ta'bib sensen', dawa qıl, hajetimdi rawa qıl,
Pazlin' menen jarıq qıl, jolsız qa'dem ursam men,

---

[2] Сонда, 26 бет.
[1] Сулаймон Боқирғоний. Боқирғон китоби. Т., "Ёзувчи", 1991, 25 бет.

Qul Sulayman so'zledi, sırın xalıqtan gizledi,
Su'wretsizdi I'zledi, ker diydar ko'rsem men.[2]

«Su'wretsizdi» yag'nıy Alanı I'zlew, wonın' ıshqı menen jasaw, aqırında Qudayg'a yerisip, wonın' menen qosılıw I'deyaları Ha'kim-ata Sulayman Baqırg'aniydin' shıg'armalarının' worayında turadı. Babamız wo'z pikirin rawajlandırıp tag'ı bılay deydi:

Senin' da'rtin' mag'an da'rmannan artıq,
Sag'an qul bolg'anım sultannan artıq,
Senin' yadın'dı aytsam sho'l ishinde,
Bolar wol sho'l mag'an bostannan artıq.[1]

Ha'kim-ata «kimge wapa qıldı bul faniy du'nya, bizge, tag'ı da wol wapa qılmaydı, du'nya wo'tkinshi, bir jerde turmaydı, sonın' ushın bu'gin ha'm ha'r ku'ni Alanı yadta tutıp, wo'zin'di jaqsılıqqa iygilikli I'slerdi islewge basla», - dep na'siyat qıladı.

Ruwx adamdı jaqsılıqqa, iymanıw-diyanatqa baslaydı. Wol I'nsang'a «shariattın' I'limin bilip, I'lim menen tariqattın' jolın bilip, sa'ha'r waqıtta woyawlıqtı a'det qıl «ta'wbe suwı menen gu'na' kirin juwıp, muxabbat belbawın belge baylap, bul du'nyag'a talaq berip keteyinder». Ullı oyshıl jerlesimizdin', bul so'zlerindegi, teren' filosofiyalıq woy-pikirlerde adamnın' ruwxıy jetilisiw za'ru'rligi, ka'mil I'nsan bolıwg'a umtılıw kerekligi, bul wo'tkinshi du'nyada tek mal baylıq jıynaw, qarındı toltırıw menen jasamaw kerekligi ju'da' jaqsı ko'rinip tur.

G'a'rip-qa'serlerge ja'rdemlesiwi ha'm keleshek a'wladtı ta'rbiyalawdı adamnın' I'ymanlı bolıwı ha'm wol du'nyada beyishke barıwdın' sha'rti sıpatında qarap babamız bılay deydi:

Uyqını haram qılg'ıl, uzın tu'nde,
Malın'nan zakot bergil, bul ku'n munda,
Qıyamet bergey sag'n yarın sonda,

---

[2] Сонда, 25 бет.
[1] Сулаймон Боқирғоний. Боқирғон китоби. Т., "Ёзувчи", 1991, 18 бет.

Ul-qızın' I'lim u'yrensin, ber ustazg'a.[2]

Ha'kim-ata Sulayman Baqırg'aniy musılmanshılıqtın' barlıq sha'rtlerin buljıtpay worınlag'an ha'm perzentlerine I'lim-wo'ner u'yretip, wolardı xalıqqa paydalı I'sler menen shug'ıllanatug'ın azamat yetip ta'rbiyalag'an ata-analardı ko'kke ko'terip ta'riypleydi.

Ha'kim-ata Sulayman Baqırg'aniy I'slam traditsiyasına sadıq bola wotırıp, I'nsandı ulıg'law, wonı Alla jaratqan barlıq na'rseden joqarı qoyıw, wonı hu'rmetlew I'deyasında turadı. Wonın' basqa adamlardı wo'zin'nen kem ko'rme, ha'r bir adam Ha'zireti Xizrday ullılawg'a hu'rmet-itibarg'a ılayıq degen pikirde bolg'anlıg'ın, wonın' hikmetlerindegi «Ha'r kimdi ko'rsen' Xizr bil, ha'r tu'n ko'rsen' qa'dir bil»[1] degen qatarları da'l usı pikirdi adamg'a psixologiyalıq ta'siri wog'ada ku'shli ko'rkem wobrazlar, sheber ten'ewler, teren' filosofiyalıq pikirler menen ko'rsetip wotır.

Ha'kim-ata Sulayman Baqirg'aniy ko'plegen sha'kirtler tayarlag'an, u'lken ustaz bolg'an. Mine wolardan biri Tashkenttegi Shayxantaxurdan bolg'an Za'n'gi ata (Ayxoja ibn Tashxoja) Xorezmge kelip Ha'kim-atag'a sha'kirt bolg'an, ilim u'yrengen. Ha'kim-ata da wog'an hu'rmet penen qarag'an, joqarı da'rejeli ulama bolıp jetilisiwine sebepshi bolg'an, wog'an u'lken hu'rmet penen qarag'an. Ha'tte wo'zi wo'lgennen keyin zayıbı Anbar anana Za'n'gi atag'a nekelep beriwdi ullarına wa'siyat yetken. Ha'zirgi ku'nde Za'n'gi ata ha'm Anbar ana qa'birlerine wornatılg'an yeskertkish adamlardın' zıyaratlaw wornına aynalg'an.

Ha'kim-ata Sulayman Baqırg'aniy shıg'armaların woqıy wotırıp, mınaday juwmaqqa keliw mu'mkin. Jan'a a'wladtın' ruwxıy jetiklikke yerisiwinde, milliy qa'diriyatlar ha'm da'stu'rler negizinde ta'rbiyalawda shıg'ıs filosofiyasınan, a'sirese ta'sa'wwif ta'liymatınan maqsetke muwapıq paydalanıwımız za'ru'r. Wo'ytkeni sufizm (ta'sa'wwif) filosofiyasının' I'deyaları I'nsannın' I'shki a'lemin, ruwxıy du'nyasın qa'liplestiriwge qaratılg'an.

---

[2] Сонда, 32 бет.
[1] Сулаймон Боқирғоний. Боқирғон китоби. Т., "Ёзувчи", 1991, 4 бет.

Sonın’ ushında, ullı babamız, I’nsanpa’rwar, filosof woyshıl Ha’kim-ata Sulayman Baqırg’aniy hikmetleri bu’gingi ku’nde ha’zirgi a’wladtın’ qa’lbinde milliy ulıwmainsanıy ha’m I’slamlıq qa’diriyatlardı u’ylestirip ta’rbiyalawg’a xızmet yetedi.

## § 2.4. Sufizm (ta'sa'wwif) filosofiyasının' qaraqalpaq shayır-woyshıllarının' do'retiwshiligine ta'siri ha'm sa'wleleniwi (A'jiniyaz, Berdaq).

Ulıwma adamzatlıq qa'diriyatlardı u'gitlewshi filosofiyalıq ta'liymat yesaplang'an ta'sa'wwif tariyxıy rawajlanıw dawamında ha'r qıylı ja'miyettin' ma'deniy-ruwxıy ha'm a'dep-ikramlıq talaplarına sa'ykes tu'rli formalarda ha'm bag'darlarda rawajlanıp kelgen. Wonın' tiykarg'ı I'deyasının' mazmunı ka'mil insandı qa'liplestiriw, ta'rbiyalaw bolıp tabıladı. "Basqasha aytqanda, sufizm adamnın' ja'miyette tutqan wornın, hadallıq, miynet, I'yman, I'nsap, qanaat sıyaqlı sezimlerin filosofiyalıq tallaw jasawdın' wo'zine ta'n jolına iye bolg'an filosofiyalıq mektep".[1] XIX a'sirdegi A'jiniyaz ha'm Berdaqtın' shıg'armalarında wolardın' ta'sirleri ayqın ko'rinedi. A'jiniyaz ha'm Berdaqtın' du'nyag'a ko'z-qarasında Ha'kim-ata (Sulayman Baqırg'aniy) hikmetlerinin' g'ana yemes, al pu'tkil ta'sa'wwif ta'liymatının' ta'sirleri de belgili da'rejede seziledi.

Qaraqalpaqstan jag'dayında ta'sa'wwiftı, a'sirese, A'jiniyaz ha'm Berdaqtın' bul ta'liymatqa qatnasın professor Wo'.A'lewov, dotsentler M.Yakubov, S.Abaevlar birinshilerden bolıp bayanlap beriwge yeristi.

Shıg'ıs a'debiyatının', a'sirese, poeziyasının' ma'nis-mazmunı tuwralı so'z yetkende wog'an ta'sa'wwif ideyalarının' ta'sirin aytpay wo'tiw mu'mkin yemes. Ullı so'z sheberleri Alisher Nawayı, Abduraxman Jamiy, Mashrab ha'm tag'ı basqalar ataqlı so'z sheberleri bolıw menen birge sufiy-shayırlar bolg'an. Wo'z gezeginde ataqlı muta'sawifler sufizm I'deyaların poeziya tili menen bayan yetken. Xalqımız Axmed Yassawiy, Farididdin Attar ha'm tag'ı basqalardı joqarı da'rejeli, jetik shayırlar sıpatında da biledi. Bul shıg'ıslıq da'stu'r XIX a'sirdegi qaraqalpaq woyshılların da atlap wo'tken joq. Biz bunı A'jiniyaz ha'm Berdaq shayırlar mısalanıda ko'rsetpekshimiz.

A'jiniyaz Qosıbay ulı 1824-jılı tuwılıp 1878-jılı du'nyadan wo'tti. Wonın' tuwılg'an ma'kanı Qaraqalpaqstannın' ha'zirgi Moynaq rayonının' «Qamıs

[1] Қараң: Абаев С. Бердақ ҳәм тәсәўүиф тәлийматы. Топлам: Қарақалпақ жазба әдебияты ҳәм халық мийрасын үйрениў мәселелерине. Нөкис, 2007, 76-бет.

bo’get» awılı bolg’an. Bolajaq ullı shayır ha’m oyshıl da’slep awıl mektebinde, son’ınan Xiywa qalasında sol zamannın’ Worta Aziya regionında ataqlı bolg’an Sherg’azıxan ha’m Qutlımurat inaq medreselerinde bilim alıp, wo’z zamanında qaraqalpaqlar arasında jetik bilimdan adam boldı.

A’jiniyaz Qosıbay ulının’ tuwılg’an, woqıg’an, jasag’an ha’m jerlengen jerlerin yesapqa alg’anda, wol Ha’kim-ata Sulayman Baqırg’aniy I’deyaları menen, demek sufizmnin’ Yassawiya tariqatı, sonday-aq Kubrawiya ha’m Naqshbandiya ta’liymatı menen tanıs bolg’an, wonın’ I’deyalar du’nyası ta’sa’wwif ta’liymatı ta’sirinde qa’liplesken, dep ayta alamız. Bul pikirimizdin’ tastıyg’ı sıpatında A’jiniyazdın’ “Ywrsen’”, “Demishler” qosıqların keltiriw mu’mkin.

A’jiniyaz du’nyag’a ko’z-qarasında wo’z zamanında qa’liplesken ha’m musılman dininde ta’rbiyalang’an adamlar sıyaqlı I’dealistlik diniy pozitsiyada boldı.

A’jiniyazdın’ du’nya tanıw ta’liymatları islam dini menen bekkem baylanıslı yedi. Yag’nıy A’jiniyazdın’ filosofiyalıq du’nyatanımı islam dini printsiplerine ha’m ta’liymatlarına baylanıslı yedi. Shayır «bul du’nyanın’ ko’rki adam balası»[1] dep ja’riyalap, adamdı Qudaydın’ jaratqan yen’ a’ziyz, yen’ qımbatlı, yen’ hasıl, a’lemdi go’zzal yetip wo’zgertiwshi birden-bir qu’diretli jaratılıs yetip ko’teredi. Du’nyanın’ jaratılısında qu’diretli ku’sh Alla ta’repinen jaratılg’anın moyınlap, bunnan keyin Alla taala bul du’nyanın’ ko’rki bolg’an adamzattı topıraqtan jarattı, dep «Demishler» atlı ko’lemli qosıg’ında jazg’an.

Qu’direti ku’shlidu’r ne qılsa Subxan,
Ko’kten son’ jarattı topıraqtan I’nsan.
Kimi qa’pir boldı, kimi musılman,
Ba’rshenin’ atası Adam demishler.[1]
Minawar jarattı ay bila’n ku’ndi,
Ruzı sha’b diyer ku’n bila’n tu’ndi.

---

[1] Әжинияз. Таңламалы шығармалар. Нөкис, “Қарақалпақстан”, 1988, 81-бет.
[1] Әжинияз. Демишлер. Баспа таярлаған Ө.Әлеўов. “Қарақалпақстан жаслары” газетасы, 1997-жыл 9-октябрь

Na'letiy wol shaytan moynıma mindi,
Wonın' atın İblis-maqluq demishler.[2]

A'jiniyaz adam Quday ta'repinen topıraqtan jaratılg'anın moyınlawı menen, wol barlıq na'rsenin' tiykarı bir pu'tin materiya yekenin tastıyıqlaydı, joqtan bar, bardan joq bolmaytug'ını haqqındag'ı qag'ıydanı basshılıqqa aladı. Pu'tkil adamzattın' bir yekeni, wonın' birdey to'rkinnin' bar yekeni yekenligin moyınlap, woyshıl adamlardın' qa'pir ha'm musılman bolıp bo'liniwi, son'ınan ja'miyetlik rawajlanıwdın' belgili bir basqıshında bolg'anın tastıyqlaydı.

A'jiniyaz wo'zinin' ko'p g'ana qosıqlarında bul du'nyanın' jaratıwshısı jalg'ız ha'm mehriban Alla taala yekenligin anıq aytadı. Basqa Shıg'ıs xalıqları a'debiyatında Alla taalanın' birneshe ismi (atı) bar ekenligi aytılg'an bolsa, A'jiniyaz lirikasında da tap sonday. Mısalı: Joqarıda atap o'tilgen "Dermishler" qosıg'ında Allanın' atın Subxan dep keltirip, "Qu'direti ku'shlidur ne qılsa Subxan",[3] - deydi.

A'jiniyaz qosıq qatarlarındag'ı «Qa'dir», «quda», «Alla taala», «Haq», «Haqtala», «Pa'rwardigar», «Subxan» ha'mmesi de Alla taalanın' atları. Sonın' ushında A'jiniyaz qosıqlarında haq kewli menen Alla taalag'a sıyınadı. Wonnan ma'det saraydı. Mısalı:

Ma'det I'step Allam sennen,
Ko'zde yashım sel boladı.[4]
Ziywar aytar, Allam wo'zin' shad a'yle,
Atım-tonım, kewil xoshım bar a'yle,
Qol-ayag'ım, bashım, ko'zim sag' a'yle,
Mendin g'ayrı da'rda' yang'an bolarma.[1]

A'jiniyazdın' pikiri boyınsha adamnın' iymanlı bolıwı ushın tek a'dalatlı bolıp, mo'minlerge qayır-sadaqa beriwi jetkiliksiz. Adam haqıyqıy iyman iyesi bolıwı ushın musılmanshılıqtın' bes sha'rtin orınlawı za'ru'r. A'jiniyaz islam dinin adamlar arasında jaqsılıq tarqatıwshı din – dep tu'sinedi. Belgili alım Kamal

[2] Сонда.
[3] Сонда.
[4] Әжинияз. Таңламалы шығармалар. Нөкис, "Қарақалпақстан", 1988, 41-бет.
[1] Әжинияз. Таңламалы шығармалар. Нөкис, "Қарақалпақстан", 1988, 97-бет.

Ma'mbetov A'jiniyazg'a baha berip bılay degen edi: "A'jiniyaz islam ta'liymatlarına a'bden sadıq bolg'an shayır. Ol islamdı adamlardı a'depli, bilimli ha'm parasatlı ta'rbiyalawdın' yen' baslı quralı, - dep biledi".[2]

A'jiniyaz "Yursen'" qosıg'ında sufizmdi «ilimi ta'wsip» tu'sinigi menen atap ha'm wonı adamdı pa'k insan sıpatında qa'liplestirip shıg'arıwshı, wo'z mazmunına bolmıstag'ı wog'ada ken' mashqalalardı ja'mlewshi ta'liymat dep bahalap, bunın' talap-qag'ıydalarına ba'rshe insan a'mel islewi kerekligi za'ru'rligin tu'sindiredi. Wo'zin qudaydın' qulı sıpatında yesaplaytug'ın ha'r bir adam «ilimi ta'wsipke» su'yengen halda ju'ris-turısın du'zetiwi lazımlıg'ın bayanladı. A`jiniyaz "Molla Yerima" qosıg'ında ta`sa`wwif filosofiyasındag'ı I'nsannın' Qudayg'a yerisiwi bas maqset yekenin anıq aytadı:

Qudayım wo'mir berip bizge kamaldın',
Tilarman Qudadan anıq wasalın.[3]

Shayır "Demishler" qosıq shejiresinde sufizm ta`liymatın jetik, wo'z da`rejesinde tu'singenligin ko'rsetedi ja`ne wonın' to'rt basqıshı (sha`riyat, tariqat, marifat ha`m haqıyqat) bar yekenligine I'tibar qarattı. A`sirese, ullı woyshıl A`jiniyaz danıshpan Xoja Axmed Yassawiydin' ta`sa`wwif ta`liymatın teren' bildi, wonı ayrıqsha hu'rmet yetti. Bunı:

Tu'rkistanda Xoja Axmed Yassawiy,
Wo'zi alım, sufılıqtan ko'rgen sıy,
Tariqat, marifat, jolı Haqıyqıy,
La`zzetli hikayat tutqan demishler.[1]

– dep bayanlag'an yedi. Ta`sa`wwiftin' Yassawiya ta`liymatın bar ıqlası menen berilip jaqsı ko'rgenligin ha`m wonın' mo'min-musılmanlardı adamgershilikti qa`liplestirip jetilistiriwshi qural yekenin so'z yetedi.

Sufiyler marifat basqıshında panteistlik tu'sinik ha`m bilimler menen qurallang'an. Usı sebepli sufistlik du'nya ko'z-qarasqa iye A`jiniyazdın'

---

[2] Сонда, 110-бет.
[3] Сонда, 66-бет.
[1] Әжинияз. Дермишлер. Баспа таярлаған Ө.Әлеўов. "Қарақалпақстан жаслары", 1997-жыл 9-октябрь.

tu'siniklerinde panteistlik ta`liymat sufizm menen wo'z-ara baylanıslı bir ug'ım sıpatında worın alg'an yedi.

Panteistler barlıq na`rseni quday joqtan bar qılıp wo'zinin' ha`mme tu'sinip jetilise almaytug'ın ka`ramatı na`tiyjesinde jaratıp wotıradı. Alla ja`miyetlik turmısta, ta`biyat qubılıslarında neni payda yetiwdi qa`lese sonı a`melge asırg'an. Bul haqqında: «Ba`rsheni yaratqan qa`dir qudadin», insan, sen de «Quda ha`miri bilan du'nyag'a keldin'», «Yoqdın' bizni bar aylagen qudayım, Bizlerni ba`leden saqlag'a dayım» dep jazg'an yedi. A`jiniyazdın' sufistlik ta`liymatın I'zertlewshi professor Wo'.A`lewov A`jiniyaz pikirin tu'sindire wotırıp, bılay deydi: "Alla taala adamlar turmısında ta`biyiy wortalıqta aralasıp ju'ripti, sol ushın I'nsanlar sufizm ta`liymatındag'ı a`meliy islerdi ta`rtip-qag'ıydalar negizinde ju'zege asırıp jasaydı. Quday adamlardın' ko'zine ko'rinbeydi, hesh bir bende wonı ma`kan-ken'islikte, belgili worında bayqay almaydı".[2] Wol adamlardan alısta ha`m adamlar menen birge aralasıp ju'redi, dep tu'singen A`jiniyaz sufizm ta`liymatına su'yene wotırıp, wondag'ı marifat basqıshındag'ı bilimler tiykarında: «Qudayg'a xas ilmi g'ayıp» dep jazadı. Quday wo'z ka`ramatı, I'limi tiykarında I'nsan ko'zine ko'rinbey ketiw qa`siyetine iye. Qudaydı biliw, tanıw ushın, wonın' diydarın ko'riw maqsetinde I'nsan I'lim, marifat u'yreniwi za`ru'r. İ'lim wol du'nya ushın da ha`m bul du'nya ushın da kerek. A`sirese, Qudaydı tanıp, wonın' aldına barıp, ma`n'gilik du'nyag'a yerisiwi ushın da`rkar dedi. Bunı «Demishler» qosıg'ında:

İ'lim birle bilmek yekki du'nyanı,
İ'nsannın' parızı ua` qarızı demishler.[1]

A`jiniyazdın' pikirinshe, qa`pir yaki musılman adamnın' payda bolıwınan yemes, al son'ınan ha`r qıylı dinler kelip shıqqannan keyin basqa dindegiler qa`pir, yaki g'ayrı dindegiler bolıp bo'lingen. A`jiniyaz bul du'nyanı «pa`niy» (wo'tkinshi) dep yesaplaydı, yag'nıy bul du'nyanın' wo'zi bir ka`rwan sarayg'a uqsaydı dep "Demishler" atlı qosıg'ında filosofiyalıq woy ju'rgizedi.

A`welha du'nyag'a keldi banijan,

[2] Әлеўов Ө. Жәмийетлик ой-пикир. Қараң: "Қарақалпақстан XIX әсирдиң екинши ярымынан XXI әсирге шекем". Нөкис, "Қарақалпақстан", 2003, 161-бет.
[1] Әжинияз. Демишлер. Баспаға таярлаған профессор Өсербай Әлеўов. "Қарақалпақстан жаслары" газетасы, 1997-жыл 9-октябрь.

Yelli mın' jıldan son' pani demishler,
İ'nsi-jinsi, janlı-jansız birinsan,
Adam ka`rwan, du'nya sa`rwan demishler.[2]

A`jiniyazdın' pikirinshe bul du'nyanın' wo'zi bir ka`rwan sarayg'a uqsaydı. Bul du'nya adamzattı qadag'alaw du'nyası, wo'z wo'mirindegi jaqsılıq ha`m jamanlıqlar haqqında son'ınan yesap beresen', - deydi, yag'nıy:

Men a`ylesem bir-bir bayan,
Pa`niy yermish ushbu ja`ha`n.[1]

A`jiniyazdın' sufistlik filosofiyalıq woy-pikiri, I'nsan ha`m wonın' minez-qulıq normaları haqqındag'ı pikirleri XIX a`sirde qaraqalpaq xalqının' du'nyag'a ko'z-qarasın rawajlandırıwg'a ku'shli ta`sir yetti.

Qaraqalpaq xalqının' ullı woyshıl shayırı, XIX a`sirdegi Woraylıq Aziya danıshpanları arasında ko'rnekli worıng'a I'ye Berdaq G'arg'abay ulı 1827-1900 jılları jasag'an.

Berdaqtın' filosofiyalıq pikirlerinin' deregi haqqında Wo'.A`lewov bılay dep jazadı: "Berdaqtın' du'nyag'a ko'z-qarasına derek bolg'an sufizm filosofiyası sheksiz du'nyadag'ı yesapsız zat ha`m qubılıslardın' barlıg'ı belgili bir ila`hiy nızam tiykarında rawajlanıwshılıqqa I'ye yekenligin, hesh bir na`rsenin' ma`lim qag'ıydalardan nızam wo'lshemlerinen shetke shıqpaslıg'ın, barlıq janlı-jansız zatlar, ha`tteki insanlardın' wo'zleri de belgilep qoyılg'an I'la`hiy ta`rtipke say ha`reket yetkenligi ushın g'ana bar bolıp turg'anlıg'ın da`lillewshi ko'z-qaraslar sisteması yedi".[2] Demek, sufizm filosofiyası boyınsha Alla jaratqan du'nyada ullı retlestiriwshilik, qu'diretli ishki ta`rtip, bekkem intizam sebepli wo'z-ara baylanıslar worın alg'an. Berdaqtın' sufistlik-panteistlik ko'z-qarasın sa`wlelendiriwshi "İ'zler yedim" qosıg'ında du'nya to'rt na`rsenin' quramınan: jer, suw, hawa ha`m wottan ibaratlıg'ı haqqındag'ı I'deya wortag'a qoyılg'an.

---

[2] Сонда.
[1] Әжинияз. Таңламалы шығармалар. Нөкис, "Қарақалпақстан", 1988, 51-бет.
[2] Ө.Әлеўов. Бердақтың жәмийетлик-философиялық көз-қараслары. Топлам: Қарақалпақ жазба әдебияты ҳәм халық мийрасын үйрениў мәселелерине. Нөкис, 2007, 79-бет.

Berdaq anıq tu'rde «To'rt na`rse du'nya to'rkini, a`wel haq, I'nsan, bil bunı»[3] dep aytqan yedi. Berdaq jaratılıstın' payda bolıwı haqqındag'ı pikirlerinde bul to'rt yelementten de aldın Haqtın' – Qudaydın' bar bolg'anlıg'ın moyınlaydı. Du'nya Alla ta`repinen xalıqtın' iygiligi ushın jaratılg'an, dep «jerdi, ko'kti xalıq a`ylegen Qudayım» jazg'an yedi. Quday menen jaratılıs, du'nya wo'z-ara baylanısqa iye dep woylawı, Quday ha`m jaratılıs wortasında ajıralmas qatnasıq bar. Sol ushın jaratıwshı qanday qa`siyetke I'ye bolsa, wonın' payda yetken materiyalıq du'nyasındag'ı zatlar da sonday qa`siyetke I'ye, yag'nıy jaratılısta Quday da`rejesine ko'terip, bul yekewin bo'leklemey bir dep tu'sindi. Quday bul ta`biyattın' wo'zi, quday menen ta`biyat bir pu'tinlikti payda yetedi dep woylag'an Berdaq "İ'zler yedim" qosıg'ında «bul du'nyanın' joqdur mini, «Baxıt bol!» dep I'zler yedim» dep du'nyanı payda yetken Quday, du'nya Qudaydın' materiallıqtag'ı ko'rinisi yekenin na`zerde uslap Qudaydın' – bul du'nyanın' mini joq dep, Qudaydan yag'nıy du'nyadan, ja`miyetlik bolmıstan baxıt izleytug'ınlıg'ın aytadı. Usılay yetip, du'nya adamlardın' baxıtlı jasawı ushın jaratılg'an degen I'deyanı ko'terip shıqqan "Berdaqtın' sufistlik-panteistlik kontseptsiyasının' worayında Quday, al wonın' sufistlik-gumanistlik kontseptsiyasının' worayında insan ha`m wonın' Qudaydın' ten' huqıqlı bendesi sıpatındag'ı huqıqıy talapları turadı".[1]

Berdaq sufizm ta`liymatına su'yene wotırıp aldı menen I'nsan ta`g'dirine woy juwırttı. İ'nsannın' ja`miyettegi tutqan wornına baha beriwge umtıladı. Wonın' minnetlerine, ne na`rsege huqıqları bar ha`m ne na`rseni islewge haqısı joq yekenligine wo'zinin' ko'z-qarasların bildiredi. Bulardı ulıwmainsanıy pazıyletler wo'lshemi menen bahalaydı. Adamlar arasında wo'z-ara mu'riwbetti, adamgershilikti, saqıylıqtı, qayır-saqawatlılıqtı joqarı bahalaydı. Basqalardın' mu'ta`jliklerin pitkeriwge, g'a`rip-g'a`sirlerge, za`ru'r adamlarg'a zatlay yaki ruwxıy jaqtan ja`rdem beriwge tayar insanlardı haqıyqıy adamgershilikli, pazıyletli I'nsanlar dep joqarı bahalaydı. Adamlardı mo'min-musılman sıpatında hadal

[3] Бердақ. Сайланды шығармалары. Нөкис, "Қарақалпақстан", 1997, 43-бет.
[1] Әлеўов Ө. Жәмийетлик ой-пикир. Қараң: "Қарақалпақстан XIX әсирдиң екинши ярымынан XXI әсирге шекем". Нөкис, "Қарақалпақстан", 2003, 161-бет.

jasawg'a, sırtqı ha`m ishki ta`repten wo'zin pa`k uslawı, na`kas jamanlardan awlaq ju'riwge shaqıradı. Qudaydan qorıqpay a`dalatsızlıq I'slewshilerdi, kisinin' haqın jep, basqalardın' I'nsan ha`m Qudaydın' bendesi sıpatındag'ı huqıqın ayaq astı qılıwshılardı qatan' sın astına aladı.

Son'g'ı waqıtları Berdaq filosofiyası tuwralı pikir bildiriwshi avtorlar wonın' sufizmge mu'na`sibetine ayrıqsha dıqqat awdarmaqta, wonın' shıg'armalarında ta`sa`wwif filosofiyasının' sa`wleleniwin I'zertlewge tiykarg'ı wazıypa sıpatında qaramaqta. Bul a`lbette, durıs ha`m jemisli bag'dar. Pu'tkil shıg'ıs poeziyasına ta`sa`wwif I'deyalarının' ku'shli ta`sir yetkeni anıq, wo'z gezeginde ta`sa`wwiftin' ko'rnekli wa`killeri wo'z pikirlerin wog'ada teren' poetikalıq til menen bayan yetken. Wo'z zamanının' talantlı, bilimli, ko'p shıg'armalardı woqıp u'yrengen shayır ha`m woyshıl bolg'an Berdaqqa sufizmnin' ta`siri bolg'an. Wo'mirinin' son'g'ı da`wirinde sufiylikti qabıl yetken.[1] Wol «İ'zler edim» ha`m bir qatar basqa shıg'armalarında ullı sufiy shayırlardın' atların aytıp, wolardan sawat ashqanın, wolardın' shıg'armaların ta`kirarlap tan'lardı attırg'anın jazadı. Berdaq ta`sa`wwif teoriyasın medresede ha`m Qaraqum I'yshan ulamalarınan jetik wo'zlestirgenligine gu'man yetpesekte boladı.

Biraq qaraqalpaq woyshıllarında deistlik (du'nyanı, ta`biyattı Quday jaratqan, wolar obektiv nızamlar boyınsha ha`reket yetedi dewshiler) ha`m panteistlik (ta`biyat penen Qudaydı ten'lestiriwshiler) pikirler wog'ada ku'shli worın alg'an.

Ta`sa`wwif ulıwmainsanıy qa`diriyat da`rejesine ko'terilgen I'slamiy filosofiyalıq ta`liymat bolıp, wol a`dalatsızlıqqa, ten'sizlikke, na`pis ba`lesine berilip shekten tıs baylıq toplawg'a, I'ship-jep jasawdı baslı maqsetke aylandırıwshılıqqa narazılıq sıpatına payda bolg'an. Wol hadallıq, pa`klik, iymanlılıq, insap, qanaat, miynet penen ku'n ko'riw printsiplerin basshılıqqa alıp jasaw haqqında wo'zine ta`n jolı bar filosofiyalıq ko'z-qaraslar sisteması, wol ulıwmainsanıy, milliy qa`driyatlardı wo'z-ara u'ylesikli tu'rde tu'siniwge xızmet qıladı. O'zbekistannın' g'a`rezsizlik alıp, demokratiya principlerin, hu'jdan

---

[1] Юсупов И. Қарақалпақ халқының миллий мақтанышы. Қараң: Бердақ сайланды шығармалары. Нөкис, "Қарақалпақстан", 1997-жыл 3-бет.

yerkinligin turmısqa yengiziwi sufistlik ag'ımdag'ı woyshıllarg'a obektiv baha beriwge mu'mkinshilik berdi.

Berdaq filosofiyasının' ma`nisin so'z yetkende wonın' du'nyag'a ko'z-qarasın ateistlik dep belgilewde sovet da`wirinde baslı argument yetip qabıllang'an shayırdın' «İ'zler yedim» qosıg'ındag'ı "Shar kitaptan tura qashtım" – degen bir qatar tuwralı pikir aytıwdı worınlı dep yesaplaymız. «Shar kitap» Woraylıq Aziyadag'ı mekteplerdi «Haftiyak» ha`m «Quran»nan keyingi tiykarg'ı ma`jbu'riy woqıw kitabı bolg'an. Wol fars-ta`jik tilinde bolıp, tu'siniw qıyın, sonın' ushın balalar wonı yadlawı kerek yedi. Wonı u'yreniw, Abdulla Avloniy aytqanınday, iyne menen qudıq qazg'anday awır is bolg'an. G'a`rezsizlikten keyin «Shar kitap» ha`zirgi wo'zbek tiline awdarılg'an.

«Shar kitap» - to'rt kitaptan turatug'ın, sha`riyat ha`m tariqat, a`deplilik tiykarların bayan yetiwshi u'lken ta`rbiyalıq a`hmiyeti bar woqıwlıq. Wonın' birinshi kitabı – «Namı haq» («Alla atı») dep ataladı, avtorı Sharafiddin Buxariy; yekinshi kitabı – «Bidan» («Bilgil») dep atalıp, wonı Qazıy Azmuddin jazg'an; u'shinshi kitabı – «Qa`vla`n nabiy» («Payg'ambar so'zleri») yamasa «Muhimmatul - muslimin» («Musılmanlıqtın' a`hmiyetli qag'ıydaları») delinip, wonı Jamalliddin Qwhiy do'retken; to'rtinshi kitabı – «Na`mu nama`» («Pa`ndnama`») bolıp, wonda insannın' unamlı pazıyletlerin ta`rbiyalaw ma`seleleri talqılang'an. Bul to'rtinshi kitaptı Muhammed Farididdin Shayx Attar jazg'an. Bul mag'lıwmatlardı Berdaq babamız so'zsiz biledi. Bedil, Attar, Nawayı, Fizuliy, Maqtımqulı, pir Sufiy Allayar, shayır Ha`zireti Palwan ata shıg'armaların woqıg'an, «Hidaya», «Bidan» atlı kitaplardı woqıp tan'lardı attırg'an ullı woyshıl qalay «Shar kitap»tan tura qashadı. Attar ha`m «Bidan»dı ta`kirir-ta`kirar woqıdım dep, sol waqıttın' wo'zinde «Shar kitap»tan qashtım dewi mu'mkin yemes. Bul teren' I'shki formallıq logikalıq qarsılıqqa alıp keldi. Bizin'she, «Tura qashtım» degen so'zdin' payda bolıwı Berdaq qosıqların jıynawshılardın' shalag'aylıg'ınan yaki sanalı tu'rde Berdaqtı bolshevikler I'deologiyasına iykemlestiriwge urınıwdan bolg'an bolsa kerek. Bul ma`seleni yele de teren' izertlew talap yetiledi.

Shıg'armalarının' ma`nis-mazmunına qarag'anda Berdaq Woraylıq Aziyada ken'nen taralg'an sufizmnin' Yassawiya, Naqshbandiya, Kubrawiya tariqatları menen tanıs bolg'an, wolardın' filosofiyalıq ta`liymatları ullı woyshıldın' I'deyalar du'nyasında bekkem worın alg'an. Ta`sa`wwifte aqırg'ı maqset – Qudayg'a yerisiw, wonın' menen qosılıw. Usı bag'darda pikir ju'rgizip, Berdaq «Ten'iz balıg'ın bermedi» qosıg'ında «A`y, ag'alar, ıg'bal bolg'ay, Haq nurına miyrim qang'ay» deydi. «Shejire»de wo'zinin' sufiy yekenin ayta kelip, to'mendegishe ta`sa`wwifke say talg'awlar ju'ritedi.

Wujuwdimdin da`rya tashtı,
Da`rba`nd yıqıldı yol achtı,
xuda taqdir yetken ishti,
Ta`bdil yetmak yalg'an yeka`n.
Bul so'z I'lahiydin keldi,
Kelib ko'n'lime jay boldı,
İchim, tashım ba`ri toldı,
Andin son' aytılg'an yeka`n.[1]
Al «İ'zler yedim»de,
«Berdimurat I'zle-I'zle,
Haq jolını tuwrı go'zle…
- Haq diydarın izler yedim»,[2] – dep tastıyıqlaydı. Berdaqtın' ko'plegen shıg'armalarındag'ı qosıq qatarlarının' ma`nisi ha`m jazılıw stili Xoja Axmed Yassawiy hikmetlerine uqsap ketedi.

Ma`selen, Axmed Yassawiy du'nyapa`rest, haram jegen, aqtı qara qılg'an hu'kimdarlardın' zalımlıg'ı, ta`kabbirligi, aqırzaman shayxlarının' yeki ju'zliligi, na`pis qorlıgı adamlarda wo'z-ara hu'rmetsizlik, reyimsizlikti payda yetti, na`tiyjede wolarda ha`tte, saqıylıq, tuwısqanlıq sezimi jog'alıp barmaqta dep ku'yinip jazadı.

---
[1] Бердақ. Сайланды шығармалары. Нөкис, "Қарақалпақстан", 1997, 162-бет.
[2] Сонда. 44-бет.

A`hli du'nya xalqımızda saqawat joq,
Patshalarda, wa`zirlerde a`dalat joq,
Dervishlerdin' duasında ijabat joq,
Tu'rli ba`le xalıq u'stine jawdı, doslar,
Ne anada reyis qıldı, ne atada,
Ag'a, I'ni bir-birine maja`rada,
Musılmanlar dawa qılıp, isher bada`,
Ma`slik penen qarındastan tan'dı, ko'rin'.
İshan, shayx, xoja, molla du'nya izler,
Sol sebepten patshalarg'a wo'tirik so'yler,
Ayat ha`dis so'zin qoyıp maldı go'zler,
Haq jolında ha`rgiz miynet tartqanı joq.[1]

Da`l usı taqılettegi unamsız qubılıslardı Berdaq babamızda qatan' a`shkaralaydı, ja`miyettin' wog'ada bay ha`m wog'ada jarlı bolıp bo'liniwine narazılıq bildiredi, Qudaydan a`dillik, insaplılıq, zalımlar jazasın beriwdi soraydı.

Hu'kimdarı murtın tawlap,
Sum na`psinin' kewlin awlap,
Ilaq man'ırap, qozı shuwlap,
Jurtı wayran bolg'an yeken.[2]
İ'yshanlarda mu'riwbet joq,
Ag'a biyde a`dalat joq,
Bayda qayır-saqawat joq,
Bir I'nsapqa kelgen yemes.[1]
Bayda saqawat qalmadı,
Xanda a`dalat bolmadı,
Sonda da gu'li solmadı,
Tilegimdi hesh bermedi.[2]

---

[1] Ахмад Яссавий. Ҳикматлар. Т., Ғафур Ғулом номидаги адабиёт ва санаат нашриёти. 1991 ж., 28, 190 бетлер
[2] Бердақ. Сайланды шығармалары. Нөкис, "Қарақалпақстан", 1997, 217-бет.
[1] Бердақ. Сайланды шығармалары. Нөкис, "Қарақалпақстан", 1997, 20-бет.
[2] Сонда, 38-бет.

Berdaq sufizmi tuwralı so’z yetkende mınanı ayrıqsha atap wo’tiw kerek. Berdaq geypara sufiy shayırlarg’a uqsap ta`rki du’nyashılıq, yag’nıy bul du’nyanın’ mashqalalarınan biratala bezip, wo’zin’di ol du’nyag’a pu’tkilley bag’ıshlaw I’deyası ha`m praktikasına berilmeydi. Berdaq du’nyanın’ wo’tkinshi yekenin aytıw menen birge, bul du’nyadan beziw pikirin na`siyatlamaydı. Berdaq babamızdın’ ruwxıy miyrasın analizlew sonı ko’rsetedi, wol Naqshbandiya tariqatınan Bahawaddin Naqshbandiydin’ «Ko’n’lin’ Allada, qolın’ I’ste bolsın» («Dil-ba`, yer-w, da`st-ba` kar») printsipin wo’zi ushın baslı qag’ıyda sıpatında qabıl alg’an. Kubrawiya tariqatın do’retiwshi Najmiddin Kubranın’ I’nsannın’ ka`millikke yerisiwi za`ru’rligi, pa`k ha`m go’zzal sezimlerge iye bolıwı kerekligi, ruwxıy pa`stkeshlikten, na`pis ba`lesinen awlaq turıw kerekligi tuwralı pikirlerin Berdaqtın’ basshılıqqa alıng’anlıg’ıda wonın’ qosıqlarında ayqın ko’rinip turadı.[3] Berdaq usı du’nyalıq mashqalalarg’a tiykarg’ı dıqqat awdaradı. Baxıtlı jasaw ushın insan ja`miyet, wo’zi ha`m basqa adamlarg’a paydalı isler menen shug’ıllanıwı za`ru’rligin, usı du’nyada ra`ha`tlenip, la`zzetlenip jasaw kerekligin qayta-qayta ta`kirarlaydı. Basqasha aytqanda, Berdaq ta`sa`wwif filosofiyasın usı du’nyalıq problemalardı sheshiwge bag’darladı. Bunı Berdaqtın’ ta`sa`wwiflik filosofiyasına ta`n ayrıqsha wo’zgeshelikler desek boladı.

Berdaq ta`sa`wwiflik du’nyag’a ko’-qarasına su’yene wotırıp, insan ruwxıy ma`deniyatın qa`liplestiriwde ta`rbiyanın’, bilimnin’ a`hmiyetin joqarı bahalag’an, ta`lim-ta`rbiyasız adamnın’ a`dep-ikramlılıqtan jurday bolatug’ının teren’ an’laydı. Ma`selen, «Balam» qosıg’ında shayır sufizm filosofiyasına say pikir ju’ritip, jaslardı saqawatlılıqqa, jetim-jesirge, ka`mbag’alg’a adamgershilikli qatnas jasawg’a, jas u’lkenge izzet-hu’rmet ko’rsetiwge shaqıradı, bulardı insannın’ ruwxıy jetiskenliginin’ tiykarı sıpatında ko’rsetedi:

Jetim ko’rsen’ qolın’dı ber,
Ag’a bolsa keynine yer,
Wo’zin’ bultıyıp bolma sher,

[3] Якубов М.А. Бердақтың философиялық дүнья танымы ҳаққынды. “Бердақ атындағы ҚМУ хабаршысы”, Нөкис, 2009, №2 (3), 68-бет.

A`lpayım bolg'ıl balam.

Berdaq wo'z do'retpelerinde ta`sa`wwiftin' tiykarg'ı qag'ıydaları: adamlardı hadallıqqa, pa`klikke, ten'likke, adam qa`dir-qımbatın jerge urmawg'a shaqıradı. Adamgershilik ma`deniyatında unamsız is-ha`reketlerge jol qoymawshılıqtı talap yetedi. A`sirese, biyma`nilik, unamsız illetlerdin' adamlar arasında worın alg'anlıg'ına wo'kinish bildiredi, wondaylardı qatan' sın astına aladı. Unamsız a`detlerdi islegen ayrım ulamalardı «Jası jetpey teris qaytqan» dep baha beredi. A`sirese, «Jaqsıraq», «Xalıq ushın», «İzler edim», «Zamanda» qosıqlarında, «Aqmaq patsha» da`stanında islam ta`liymatınan, Quran ha`m Ha`dislerden kelip shıg'ıp, shariyat qag'ıydalarına suyene wotırıp, ayrım du'nyaparaz adamlardın' puqaralarg'a ko'rsetken zulımlıg'ına, wolardın' xalıqqa islegen talan-tarajlıq ha`reketlerine qarsı miynetkesh xalıqtın' narazılıg'ın so'z yetti. Wolardın' ja`miyettegi insan sıpatında, Qudaydın' bendesi sıpatında wo'z huqıqları bar yekenligin aytıp «Zaman qalay zaman boldı, jarıq joldı izler edim», dep ja`miyettin' unamsız tamanların sıng'a aldı. Xalıqtı, ja`miyetti aqıllılıq penen, a`dalatlılıq penen basqarsa xalıqtın' awhalı abadanlasadı, dep tu'sindi, ja`miyetlik turmısqa wo'zgeris kiritiw ideyasın wortag'a qoydı. Ulıwmalastırıp aytqanda Berdaq shıg'armalarında insan wo'miri, keleshek turmıs ma`seleleri teren' aqıl-parasatlılıq penen insanıylıq bag'darında wo'z sa`wleleniwin tapqan. Bul jag'day a`lbette, shayırdın' du'nyag'a ko'z-qarası tiykarında ta`sa`wwif ta`liymatının' worın alg'anlıg'ınan dep tolıq isenim menen ayta alamız.

## Juwmaq

G'a'rezsizlik sebepli wo'zligimizdi an'law, ma'nawiy qa'diriyatlarımızdı qayta tiklew huqıqına ha'm a'meliyatına iye boldıq. Bunda ba'rinen burın dinge bolg'an mu'na'sibetimiz wo'zgerdi. O'zbekistan Respublikasında demokratiyalıq ja'ha'n awqamı menen qarım-qatnastı jolg'a qoya wotırıp, yelimizde barlıq dinlerdin' yerkin I'badat qılınıwına jol ashıldı, ha'zir 16 konfessiya yemin-yerkin ha'reket qılmaqta. Mine usı ko'p dinler ha'reket yetip turg'an halatta jaslarımız tek du'nyalıq bilimler g'ana yemes, din haqqındag'ı bilimlerge de iye bolıwları lazım, ja'miyet ha'm din arasındag'ı mu'na'sibetlerdin' wo'zine ta'n ayrıqshalıqlarında biliwleri lazım. Bul haqqında O'zbekistan Respublikası Prezidenti bılay dep jazg'an edi: "Perzentlerimizge usı shınlıqlardı, yag'nıy du'nyalıq ha'm diniy qa'diriyatlar wortasındag'ı na'zik mu'na'sibetlerdin' mag'nasın ha'r ta'repleme tuwrı tu'sindirip beriwimiz lazım. Tariyx ha'm turmıs ta'jriybesi sonnan derek beredi, du'nyalıq ha'm diniy qa'diriyatlar birin-biri toltırmasa, bu'gingi ku'nnin' awır ha'm qıyın sorawlarına tolıq juwap tabıw an'sat bolmaydı.

Usı ma'niste biz muqaddes dinimiz isenimleri ha'm qa'diriyatların mudamı ulıg'lap, sonın' menen birge du'nyalıq turmısqa da qatan' isenim menen umtılıp jasag'anda g'ana wo'zimizdin' iygilikli maqsetlerimizge jete alamız".[1] Bul pikirge uqsas mag'nadag'ı pikirdi payg'ambarımız Ha'dislerinde de ushıratamız. Ma'selen, "bul du'nyanı dep wol du'nyanı, aqıretti dep bul du'nyanı umıtpan'"[2] degen ha'disti hesh waqıt umıtpawımız, din ma'selesinde yadımızda saqlawımız sha'rt.

Wo'ytkeni, I'slam dinimiz a'sirler dawamında jurtımızdag'ı I'nsanlardın' ju'regine, aqıl-oyına teren' tamır atqan, adamlarg'a tuwra jol ko'rsetken, a'dep-ikramlılıq ha'm ku'ndelikli turmıs normaların qa'liplestiriwge xızmet yetken, wolardı da'wirge ılayıq jan'alap turg'an, ha'mme ushın ma'jbu'riy bolg'an ulıwmainsanıy jasaw qag'ıydaların islep shıqqan. Din adamlarda isenim sezimin

---

[1] Каримов И. Юксак маънавият – енгилмас куч. Т., "Маънавият", 2008, 96 бет.
[2] Сонда, 95 бет.

bekkemlegen, wolardı pa'klegen, jetilistirgen, qıyınshılıqlardı jen'iwde qu'diretli ku'sh bolg'an.[1] Jurtımız basshısı dinnin', a'lbette, ba'rinen burın, I'slamnın', wonın' qa'diriyatlarının' rolin tuwralı bılay degen edi: "… Din bizin' qan-qanımızg'a, an'ımız ha'm qa'lbimizge sol da'rejede sin'ip ketken, wonı hesh qanday ku'sh, hesh qanday u'git-na'siyat penen shıg'arıp bolmaydı.

Xalqımızdın' mın' jıllıq tariyxın, bu'gingi ma'nawiy turmısın, dinu-diyanatımızdı jarqın su'wretlep aytıwımız mu'mkin, Alla bizin' qa'lbimizde, ju'regimizde".[2]

Jumıstın' tekstinde aytqanımızday, ta'sa'wwif – tek g'ana diniy filosofiyalıq miyras yemes, al ulıwma adamzatlıq qa'diriyat bolıp tabıladı. Wol wo'zinin' rawajlanıw dawamında ja'miyettin' ma'deniy, ruwxıy ha'm a'dep-ikramlıq talaplarına, sa'ykes tu'rli formalarda ha'm bag'darlarda rawajlanıp kelgen, ha'mme waqıtta da ta'rbiyalıq a'hmiyetke I'ye bolg'an, biraq sovet ha'kimiyatı da'wirinde ta'sa'wwif reaktsiyashıl diniy ta'liymat dep biykarlanıp kelindi. G'a'rezsizliktin' sharapatı menen qa'diriyatlarımızg'a, sonın' ishinde ta'sa'wwif ta'liymatına durıs baha beriw imkaniyatına I'ye boldıq. Ta'sa'wwif islamnın' bawırında Quran ha'm Ha'dislerdi basshılıqqa ala wotırıp qa'liplesiwi menen birge, da'slep ten'sizlikke, a'dalatsızlıqqa narazılıq sıpatında payda boldı. Ta'sa'wwif ta'liymatı ulıwma adamzatlıq qa'diriyatlardı u'gitlewshi filosofiyalıq bag'darlar qatarına kiredi. Basqasha aytqanda, adamnın' ja'miyette tutqan wornın, hadallıq, miynet, I'yman, insap, qanaat sıyaqlı sezimlerin filosofiyalıq tallawda wo'zine ta'n jolına iye bolg'an ku'shli ideyalıq ag'ım. Solay yetip, ulıwma ta'sa'wwif ta'liymatının' wa'killeri adamlardı hadallıqqa, pa'klikke, ten'likke, adam qa'dir-qımbatın jerge urmawg'a shaqıradı. Sonın' ushın da, bizin' xalqımız, ha'tte kommunistlik ideologiyanın' jekke ha'kimshiliginin' zamanında da islamdı hu'rmetlewdi toqtatqan yemes. Bizin' jurtımızdan Ha'dis iliminin' sultanları İmam al-Buxariy, İmam at-Termiziy, sufizmnin' (ta'sa'wwif) islam du'nyasına ken' taralg'an Yassawiya, Naqshbandiya, Kubrawiya dep atalg'an bag'darların do'retiwshiler

[1] Толығырақ қараң: Каримов И. Ўзбекистон XXI аср бўсағасида: хавфсизликка таҳдид, барқарорлик шартлари ва тараққиёт кафолатлари. Т., "Ўзбекистон", 1997, 34-37 бетлер.
[2] Каримов И. Аллоҳ қалбимизда, юрагимизда. Жилдлар 7 том, Т., "Ўзбекистон", 1999, 349 бет.

ha'm rawajlandırıwshılar Axmed Yassawiy, Shayx Najmiddin Kubra, Bahawaddin Naqshbandiy, Sulayman Baqırg'aniy («Ha'kim ata»), Quranı Ka'rimge jazg'an tafsiri ha'm arab grammatikası boyınsha qunlı miynetleri ha'zir de joqarı bahalanatug'ın Abulqasım Zamaxshariy ha'm tag'ı basqa da ko'plegen sufizm filosofiyasının' ataqlı alımları, ulama-woyshılları jetilisip shıqqan. Wolardın' do'retpelerinin' ruwxıy-ta'rbiyalıq a'hmiyeti, al jekke wo'mirlerinin' watanshıllıq sezimlerdi qa'liplestiriwdegi roli ha'zir de joqarı bahalanadı.

Bul ulama-woyshıllarımızg'a joqarı baha berip Prezidentimiz İ'slam Karimov bılay degen yedi: «Bul ullı insanlardın' a'ziz ismleri, wo'lmes miyrası dinimiz benen bir tutas baylanısıp ketken. Wolardı bir-birinen bo'lip alıp bolmaydı. Biz dinimizdi – bul ullı ismlersiz, bul ullı ismlerdi bolsa – dinimizsiz ko'z aldımızg'a keltire almaymız… Biz perzentlerimizdi du'nyalıq ilimler menen bir qatarda İmam Buxariy toplag'an ha'disler, Naqshbandiy ta'liymatı, Termiziy na'siyatları, Yassawiy hikmetleri tiykarında ta'rbiyalap atırmız.

… Wolardın' yeski zamanda ayaq astı bolıp qalg'an ma'kanların haqıyqıy zıyarat wornına aylandırg'anımız… xalqımızdın' dini I'slamg'a mehr-muxabbatının', hu'rmet-izzetinin' ko'rinisi yemes pe?».[1]

Ta'sa'wwifte ka'mil insan ideyası xalıq ideyası sıpatında birinshi ret qoyıldı. Ta'sa'wwif bul ma'selege wo'z jolı menen keldi. Wol haqqında ko'plegen shıg'armalar jazılg'an. Solardan Said Abdulka'rim Gelaniy ha'm Aziziddin Nasafiy (XIII a'sir)lerdin' "İnsani kamil" atlı shıg'armasın atap wo'tiw worınlı. "Ka'mil insan" tu'sinigi Shayxi Ka'bir atı menen belgili bolg'an Muxiddin İbnal Arabiy (1165-1240 jj.) ta'repinen aynalısqa engizilgen. Belgili ilimpaz Najmiddin Kamilovtın' pikirinshe bul problema boyınsha ta'sa'wwiftegi I'deyalardı to'mendegishe ulıwmalastırıw mu'mkin:

- Ka'mil I'nsan – insanlardın' yen' jetilisken, yen' aqıllısı, yen' danıshpanı;

- Ka'mil I'nsan Allah penen adamlar wortasında baylanıstı a'melge asıradı, ila'hiy pikirlerdi qarapayım adamlarg'a jetkeriwshi ullı g'amxorshı boladı;

- Ka'mil insan Ta'n'ri taala jaratqan yen' qu'diretli ruwx;

[1] Каримов И. Кеўлимизде, жүрегимизде бир Алла. Шығ. 7 том. Т., "Ўзбекистон", 1999, 353 бет.

- Ka’mil insan ja’miyette jetilisip shıg’atug’ın a’diwli adam, wol ma’nawiy, a’dep-ikramlıq pa’kleniw procesinde ka’malatqa yerisedi;

- Ka’milliktin’ yen’ joqarg’ı belgisi – Haq jolınan ju’rip, xalıqqa payda keltiriw. İnsan wo’z so’zi, woy-pikiri, niyeti, a’meliy I’sleri menen adamlarg’a jaqsılıq yetse, wolardı tuwrı jolg’a salsa, wol sonshelli ka’millikke jetisip baradı.[1]

Babamız A’jiniyazdın’ «bul du’nyanın’ ko’rki adam balası» degen wog’ada teren’ mazmunlı pikiri ta’sa’wwif filosofiyasındag’ı ka’mil insan tu’siniginin’ sa’wleleniwi yekenligi wo’z-wo’zinen tu’sinikli.

Ta’sa’wwif tariyxı sonı ko’rsetedi, wol Shıg’ıs musılman xalıqlarının’ ruwxıy-ma’nawiy wo’mirinde wo’shpes iz qaldırg’an ja’miyetlik-ideyalıq ag’ım bolıp yesaplanadı. Wol wo’zinin’ mın’ jıldan aslam rawajlanıw dawamında tariyxıy da’wirlerdin’ ja’miyetlik, ma’deniy, ruwxıy ha’m a’dep-ikramlılıq talaplarına sa’ykes tu’rli formalarda ha’m bag’darlarda rawajlanıp kelgen, ha’mme waqıt ta’rbiyalıq a’hmiyetke iye bolg’an, a’sirese, ha’zirgi ku’nde de ka’mil insan problemasın sheshiwge ja’rdem yetpekte.

İ’slam dini a’sirler dawamında xalqımız do’retken ma’deniyattı, u’rip-a’det ha’m da’stu’rlerdi wo’z qa’wenderligine alıp, ala-sapranlı zamanlardan a-aman-yesen wo’tkerip ha’zirgi ku’nge alıp keldi. Usının’ tikkeley na’tiyjesi sıpatında jurtımızda diniy ha’m du’nyalıq ilim-pa’n yag’nıy ta’biyattanıw, gumanitar ha’m diniy ilimler rawajlandı. Du’nyag’a atı belgili al-Xorezmiy, Abu Nasr Farabiy, Abu Ali ibn Sina, Abu Rayxan Beruniy, Mırza Ulug’bekke uqsag’an ullı alımlar wo’sip shıqtı. İla’hiyat yag’nıy diniy ilimler salasında İmam al-Buxariy, İmam at-Termiziy, İmam Matrudiy, Zamaxshariy, Xoja Axmed Yassawiy, Shayx Najmiddin Kubra, Bahawaddin Naqshband, Ha’kim-ata Sulayman Baqırg’aniy uqsag’an sufiylik ulama-woyshıllardın’ atları pu’tkil du’nyag’a taraldı. Ha’zirgi da’wirge kelip wolardın’ miyrasının’ ha’zirgi ku’nimiz ushın u’lken ta’rbiyalıq a’hmiyeti durıs tu’sinildi.

Mına na’rseni yadtan shıg’armaw kerek: bir tek g’ana ata-babalarımız tabısları menen maqtanıp jasay almaymız, al ha’zirgi zaman ilimiy bilimin tıyanaqlı iyelep

[1] Қараңыз: Камилов Н. Тасаввуф. Т., “Ёзувчи”, 1996, 150-151 бетлер.

xalqımızdın' materiallıq ha'm ruwxıy ma'deniyatın joqarı basqıshlarg'a, ha'zirgi zaman talaplarına say da'rejege ko'teriwimiz sha'rt. Beruniy babamız aytqanınday, «kimde-kim qarındasları sebepli wo'zine abıroy, jaqınlıq izlese ha'm wo'lgen ata-babaları menen maqtanısh yetse, wonda sol adamnın' wo'zi wo'li ha'm a'wladları bolsa tiri sanaladı».[1]

İ'nsanıylıq pa'ziyletlerdi puqaralarda qa'liplestiriwde ta'sa'wwif filosofiyası ideyaları zor a'hmiyetke iye. Wondag'ı a'dep-ikramlılıq ideyaların aqıllılıq, do'retiwshilik penen paydalanıw bu'gingi ku'nde wog'ada paydalı bolatug'ının ha'r birimiz tu'siniwimiz kerek. İ'slam dini – bul ata-babalarımız dini, jurtbasshımız aytqanınday, wol biz ushın iyman ha'm a'dep-ikramlılıq ha'm diyanat, ha'm ag'artıwshılıq. Wol qurg'aq ga'pler jıyındısı yemes, wol jaqsılıqqa ta'rbiyalaydı, mehr-aqıbetli, namıslı, uyatlı bolıwg'a, izzet-hu'rmette jasawg'a adamlardı bag'darlaydı. Ha'zirgi ku'nde I'slamnın' abıroyı, wonın' ta'reptarları artıp barmaqta. “Bunın' tiykarg'ı sebebi muqaddes dinimizdin' haqgo'yligi ha'm pa'kligi, insanpa'rwarlıg'ı ha'm bawrıken'ligi, adamzattı ba'rha'ma a'diwlilikke baslawı…”.[1]

Prezidentimiz İ'slam Karimov Woliy Majlistin' birinshi sessiyasında so'ylegen so'zinde ulamalardın', diniy xızmetkerlerdin' g'a'rezsizlikti bekkemlew, ruwxıy turmıstı rawajlandırıw tarawındag'ı ku'ta' a'hmiyetli wazıypaları tuwralı ayta kelip, to'mendegilerdi ayrıqsha atap ko'rsetti: «A'dep-ikramlılıqqa ta'rbiyalaw isine diniy xızmetkerler u'lken u'les qosıwı tiyis. Wolar I'slam dininin' qa'diriyatlarının' ma'nisin, miyirmanlıq ha'm a'dep-ikramlılıq ideyaların adamlardın' ju'regine jetkeredi… Bizin' hu'rmetli diniy xızmetkerlerimiz jigitler ha'm qızlarg'a bilimli, hu'jdanlı, joqarı a'dep-ikramlı bolıwdı wa'siyat yetiwi tiyis. Usının' menen birge bizin' jaslarımız ha'zirgi zaman texnikasın ha'm texnologiyasın men'geriwi, pu'tkil a'lemnin' sırların u'yreniwi tiyis».[2]

Prezidentimizdin' bul pikirleri I'slam dinine, wondag'ı ta'sa'wwif (sufizm) ta'liymatına da tiyisli. Woytkeni sufizm ja'miyette insanpa'rwarlıq,

---

[1] Ҳикматларга тўла бу дунё. Нашрга тайёрловчи ва таржимон А.Идрисов. Т., “Ўқитувчи”, 1997, 62 бет.
[1] Каримов И. Юксак маънавият – енгилмас куч. Т., “Маънавият”, 2008, 36 бет.
[2] Каримов И. Өзбекстанның жәмийетлик-сиясий ҳәм экономикалық раўажланыўының тийкарғы принциплери. Нөкис, “Қарақалпақстан”, 1995, 38 бет.

a’dalatpa’rwarlıq ideyaların ken’nen tiykarlaydı ha’m na’siyatlaydı. Quranda ha’m Ha’dislerde, ta’sa’wwif ta’liymatında I’nsandı ulıg’laytug’ın, wonı a’diwli dep ta’riypleytug’ın qag’ıyda wog’ada ko’p. İ’slamda, ta’sa’wwifte birewlerdin’ haqın jew, ishimlik ishiwshilik, giyabentlik, urlıq, buzıqshılıq, paraxorlıq qatan’ qaralanadı. Sufizm haram islerden awlaq bolıwg’a, insaplı, diyanatlı bolıwg’a wo’zinen jaqsı iz qaldırıwg’a shaqıradı.

İ’slamda ta’rbiya, a’dep-ikramlılıq, wo’z-ara doslıq qatnaslar, mehir-aqıbet, hadallıq, pa’klik, a’dillik usag’an qa’diriyatlar ken’ tu’rde talqılang’an, tuwısqanlar, ata-ana ha’m perzentlerdin’ huqıqları ma’selesi adamgershilikli tu’rde sheshilgen. Bulardın’ kerisi bolg’an basqalarg’a jamanlıq islew, basqanı ko’re almawshılıq, qıyanet, wo’tirikshilik, zulımlılıq ha’m basqalar insanıylıqqa jatpaytug’ın pazıyletler sıpatında qaralanadı. Demek, g’a’rezsizlikke shekem jıl dawamında aytıp kelingenindey I’slam sawatsızlıq, qaran’g’ılıq deregi yemes, al adamlardı aldın’g’ı qatar ruwxıylıqqa ta’rbiyalawg’a xızmet yetiwshi, ilimdi ibadat da’rejesine ko’tergen, ha’tte ibadattan da joqarı qoyg’an din bolıp yesaplanadı. «Besikten qa’birge shekem bilim al» degen Ha’dis so’zimizdin’ ayqın da’lili.

O’zbekistanımızda g’a’rezsizliktin’ ja’riyalanıwı diniy yerkinliklerdi quwdalawdı toqtattı. Din ma’selesinde a’dalatlılıq wornatıldı. «Hu’jdan yerkinligi ha’m diniy sho’lkemler haqqında» O’zbekistan Respublikasının’ Nızamı qabıl yetildi. O’zbekistan Respublikası Konstituciyasının’ 31-statyasında ha’mme ushın hu’jdan yerkinligine kepillik berildi. Meshitler qurıla baslandı. Wolardın’ sanı Sovet da’wirinde tek 84 bolsa, ha’zir 2 mın’nan aslam. Wol da’wirde Hajg’a tek 10 g’a jaqın adam barg’an bolsa, ha’zir ha’r jılı 4,5-5 mın’ adam ha’m 3-4 mın’ adam umra parzın worınlaw mu’mkinshiligin aldı. Ramazan hayt, Qurban hayt bayramları ku’ni Prezidentimiz pa’rmanı menen dem alıs ku’nleri dep ja’riyalandı. İmam al-Buxariy, İmam at-Termiziy, Bahawaddin Naqshband ha’m basqada wa’killerinin’ yubileyleri wo’tkerildi, yestelikleri qaytadan ta’mirlendi. Bul jerde mınanı aytqım keledi: Tu’rkmenstandag’ı Kuiya-U’rgenishtegi Najmiddin Kubra yesteligi ayanıshlı halda jatqanı adamdı ta’shwishlendiredi.

Usının’ menen birge Prezidentimiz, din wo’z jolı menen, ma’mleket wo’z jolı menen bolıwı kerekligin, diniy partiyalar du’zip, ha’kimiyat talasıp ju’riw Qudayg’ada jaqpaytug’ınlıg’ın atap ko’rsetti. Rasında da, din siyasat yemes, al iyman-isenim. Dindi siyasatlastırıw, siyasattı diniylestiriwge umtılıw g’a’rezsizligimizdin’ ullı maqsetlerine de, islamnın’ haqıyqıy ma’nisine de, ma’plerine de, milliy qa’diriyatlarımızg’a da tuwra kelmeydi.

Biz ta’rbiyashılar, I’deologiya salası xızmetkerlerinin’ wazıypası jan’a a’wladtın’ ruwxıy jetiklikke yerisiwinde milliy qa’diriyatlar ha’m da’stu’rler negizinde ta’rbiyalawda ta’sa’wwif filosofiyasınan ha’m sufizm ulamalarının’ teren’ mazmunlı pikirlerinen maqsetke muwapıq paydalanıwımız kerek. İslam filosofiyasının’ yag’nıy biz so’z yetken islamlıq sufizm filosofiyasının’ ideyaları insannın’ ishki du’nyasın, ma’nawiyatın qa’liplestiriwge qaratılg’an. Sonın’ ushın da wolar insannın’ qa’lbin ulıwma adamgershilik ha’m milliy, diniy qa’diriyatlardı u’ylestirip ta’rbiyalawg’a xızmet yetedi.

Juwmaqlap aytqanda, ma’nawiy-ideyalıq ta’rbiyada sufizm filosofiyasının’ ideyalarınan paydalanıp, turmısqa hadallıq, a’dillik, insanpa’rwarlıq principlerin kirgiziw ushın gu’res bizin’ bayrag’ımız bolsın!

## Paydalanılg’an a’debiyatlar:


1. Wzbekiston Respublikasi Konstitutsiyasi. T., «Wzbekiston», 2008.
2. Qaraqalpaqstan Respublikası Konstitutsiyası. No’kis., «Qaraqalpaqstan», 2004.
3. «Vijdon erkinligi va diniy tashkilotlar twg’risida» (yangi tahrir) Wzbekiston Respublikasi Qonuni. T., «Adolat», 1998.
4. Karimov İ.A. O’zbekstannın’ o’zinin’ jan’alanıw ha’m rawajlanıw jolı. No’kis, «Qaraqalpaqstan», 1993.
5. Karimov İ.A. O’zbekstannın’ ja’miyetlik-siyasiy ha’m ekonomikalıq rawajlanıwının’ tiykarg’ı printsipleri. No’kis, «Qaraqalpaqstan», 1994.
6. Karimov İ.A. O’zbekstan XXI a’sir bosag’asında: qa’wipsizlikke qa’wipler, turaqlılıq sha’rtleri ha’m rawajlanıw kepillikleri. No’kis, «Qaraqalpaqstan», 1998.
7. Karimov İ.A. Tarixiy xotirasiz kelajak ywq. T., «Wzbekiston», 1998.
8. Karimov İ.A. Jamiyatimiz mafkurasi xalqni – xalq, millatni – millat qilishga xizmat etsin. T., «Wzbekiston», 1998.
9. Karimov İ.A. Alloh qalbimizda, yuragimizda. Tom 7. T., «Wzbekiston», 1999.
10. Karimov İ.A. Bizning bosh maqsadimiz – jamiyatni demokratlashtirish va yangilash, mamlakatni modernizatsiya va isloh etishdir. T., «Wzbekiston», 2005.
11. Karimov İ.A. Yuksak manaviyat – engilmas kuch. T., «Manaviyat», 2008.
12. Karimov İ.A. Ma’mleketimizde demokratiyalıq reformalardı ja’ne de teren’lestiriw ha’m puqaralıq ja’miyetti rawajlandırıw kontseptsiyası. Oliy Majlistin’ Nızamshılıq palatası ha’m Senattın’ qospa ma’jilisindegi bayanatı. 12-noyabr 2010-jıl. «Erkin Qaraqalpaqstan» gazetası, 16-noyabr 2010-jıl.
13. Karimov İ.A. Wzbekiston mustaqillikka erishish ostonasida. T., «Wzbekiston», 2001.
14. Karimov İ.A. Tarixiy xotira va inson omili – buyuk kelajagimizning

garovidir. T., «Wzbekiston», 2012.
15. Abaev S., Yakubov M.A. Demokratiya ha’m din. No’kis, 1998.
16. Abaev S., Yakubov M.A. Diniy ekstremizm ha’m terrorizmge qarsı gu’restin’ ma’nawiy-ma’ripiy tiykarları. No’kis, «Qaraqalpaqstan», 2009.
17. Abaev S., Yakubov M.A. G’a’rezsizlik ha’m islam. No’kis, 1999.
18. Abdusamedov A.E. İslom dini asoslari va manaviyati. Toshkent, 2007.
19. A’lewov O’. Ja’miyetlik oy-pikirler. Qaran’: «Qaraqalpaqstan XIX a’sirdin’ ekinshi yarımınan XXI a’sirge shekem». No’kis, «Qaraqalpaqstan», 2003.
20. A’lewov O’. Qaraqalpaqstanda ta’lim-ta’rbiyalıq oylardın’ qa’liplesiwi ha’m rawajlanıwı. No’kis, «Bilim», 1993.
21. Axmad Yassaviy. Devoni hikmat. T., «G’ofur G’ulom nomidagi nashriët», 1991.
22. Axmad Yassaviy. Devoni hikmat. T., «G’ofur G’ulom nomidagi nashriët», 1992.
23. A’jiniyaz. Tan’lamalı shıg’armalar. No’kis, «Qaraqalpaqstan», 1988.
24. A’jiniyazdın’ poeziyasının’ ruwxıylıq sag’aları. No’kis, 1997.
25. Berdaq. Saylandı shıg’armaları. No’kis, «Qaraqalpaqstan», 1997.
26. Berdaq haqqında so’z. No’kis, «Qaraqalpaqstan», 1987.
27. Berdaq du’nyası. No’kis, «A’miwda’rya» kitapxanası, 2008.
28. Qaraqalpaq jazba a’debiyatı xalıq miyrasın u’yreniw ma’selelerine. Berdaq 180 jıl. No’kis, 2007.
29. Buyuk siymolar, allomalar. T., «Xalq merosi», 1995.
30. Bayniyazov Q. Ha’kim-ata Sulayman Baqırg’aniy – ullı jerlesimiz. No’kis, 1997.
31. Birodar İskandarov. Tasavvuf falsafasi. Wquv qwllanma. T., 1995.
32. Berdimuratov A.K. Filosofiya. No’kis, «Qaraqalpaqstan», 2010.
33. Vasilev L.S. İstoriya religii Vostoka. M., «Vısshaya shkola», 1988.
34. Agzamxodjaev S.S., Raximjanov D.O., Muxammedov İ.A., Najmiddinov J.X. Dunë dinlari tarixi. T., 2011.
35. İslom marifati. Nazariy-uslubiy qwllanma. T., «Toshkent islom universiteti»,

36. İslom ziësi wzbegim siymosi. T., «Toshkent islom universiteti», 2005.
37. İslom. Entsiklopediya. T., «Milliy entsiklopediya davlat nashriëti», 2004.
38. İslom dini. T., «Mavaraunnaxr», 2006.
39. İzzat Sulton. Bahovuddin Naqshband adabiëti. T., «Fan», 1994.
40. Jurev U.T., Saidjonov İ.S. Dunë dinlari tarixi. T., «Toshkent islom universiteti», 2001.
41. Dinshunoslik asoslari. T., «Wzbekiston», 1995.
42. Odilqoriev X., Razzakov D. Siësatshunoslik. T., «Wqituvchi», 2008.
43. Mambetov K. A'jiniyaz. No'kis, «Bilim», 1994.
44. Manaviyat. Asosiy tushunchalar izohli lug'ati. T., 2009.
45. Muminov A., Ywldoshxwjaev X. va boshqalar. Dinshunoslik. T., «Mehnat», 2004.
46. Shayx Najmiddin Kubro. Maqalalar. T., «Ëzuvchi», 1995.
47. Kamilov N. Tasavvuf. Birinchi kitob. T., «Ëzuvchi», 1996.
48. Kamilov N. Najmiddin Kubro. T., «Abdulla Qodiriy» nomidagi xalq merosi nashriëti. 1995.
49. Jumabaev Sh. Wzbekistonda falsafa va axloqiy fikrlar taraqqiëti tarixidan. T., «Wqituvchi», 1997.
50. Xamidiy X. Shıg'ıs tillerindegi jazba derekler. No'kis, «Bilim», 1991.
51. Xayrullaev M. Kulturnıe nasledie i istoriya filosofskoy mısli. T., «Fan», 1995.
52. Xoja Abdulxaliq G'ijdivoniy. Vasiyatnoma. T., «G'ofur G'ulom», 1993.
53. Hurram Baraka. Tasavvuf. Samarqand, «Sug'diëna», 1997.
54. Hamidjon Homidiy. Tasavvuf allomalari. T., «Sharq», 2009.
55. Falsafa. Qomusiy lug'at. T., «Sharq», 2004.
56. Falsafa. E.Yu.Yusupovning umumiy tahriri ostida. T., «Sharq», 1999.
57. Falsafa. Entsiklopedik lug'at. T., «Wzbekiston milliy entsiklopediyasi», 2010.
58. Sulaymon Boqirg'oniy. Boqirg'on kitobi. T., «Ëzuvchi», 1991.
59. Wzbekistonda ijtimoiy-falsafiy fikrlar tarixidan. M.M.Xayrullaev tahriri

ostida. T., «Wzbekiston», 1995.

60. Wzbekistonda manaviyat sohasidagi islohotlar: rivojlanish bosqichlari, erishilgan natijalar va istiqboli. T., «Akademiya», 2011.

61. Yakubov M., Abaev S. Avesto – ulıwmainsanıy qa’diriyat. No’kis, «Qaraqalpaqstan», 2008.

62. Yakubov M., Abaev S. Ma’nawiyat ha’m ideologiya – ku’sh-quwat deregi. No’kis, «Qaraqalpaqstan», 2011.

63. Yakubov M. Berdaqtın’ filosofiyalıq du’nya tanımı haqqında. «Berdaq atındag’ı QMU Xabarshısı» jurnalı, No’kis, 2009, №2 (3).